КЕҢЕСБАЙ АЛЛАМБЕРГЕНОВ



# ҚУСЛАР ҚАЙТҚАН КҮН

*(Повесть ҳәм гүрриңлер)*

«НӨКИС»
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
1995

www.ziyouz.com kutubxonasi

83. 3 (2 қар)
А—53

**Кеңесбай Алламбергенов**
**Қуслар қайтқан күн...**
*Повесть ҳәм гүрриңлер*
Нөкис, «Қарақалпақстан», 1995.

Қарақалпақстан Республикасының Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты, белгили жазыўшы Кеңесбай Алламбергеновтың балаларға арналған бул топламына оның 70-жылларда жазылған повести менен бир қатар гүрриңлери енгизилген. Жазыўшы бул шығармаларында балаларға тән нәзик тил ҳәм ой-пикир кеширмелерде инсан ҳәм тәбият машқалаларын шеберлик пенен ашып береди.

К. Алламбергеновтың бул топламға енгизилген «Қуслар қайтқан күн» повести менен бир қатар гүрриңлери өзбек, қазақ, ноғай, рус тиллериндеги басылымларда жарық көриўи менен бирге Республикамыздың орта ҳәм жоқарғы мектеп программаларына да енгизилген.

А $\frac{4803270201-265}{М-357(04)-95}$ 95.

© «Қарақалпақстан» баспасы, 1995.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚУСЛАР ҚАЙТҚАН КҮН...

*Повесть*

Мылтық үйде дүт басып илиўли туратуғын еди. Әкеси буның менен қызыққан жоқ. Ҳәтте, жыл бойына қолына да усламады. Бала деген қайдан билсин, гейде қарап отырып-ақ иси еригетуғын еди. «Бул неге қурыдан-қуры тура береди?—деп ойлап қойды ҳәр ўақ, ҳәр ўақ. —Бир атып көргенде қәйтер еди?...»

Бир күни ағасы оған: «Кеште самал болса суўырып алармыз»—деп, жумыстан қайтып келемен дегенше жүўерн қырманды қорып турыўды тапсырды. (Бул күнлери совхозда баса-бас салы орағы жүрип атыр еди).

Қырман қорыў деген де әнейи емес екен. Көп қара ғарға жабылды ма дейсең! Бақырып-бақырып даўысы қарлықты. Кесеклеп урып та көрип атыр. Урған ўақытта «пырр» етип ушады да онша алыслап кетпей-ақ қайтып келип қонады...

Дым ашыўы келди. Ақыры жуўырып барып қабырғада илиўли турған мылтықты әкелди де:

—Паңқ-паңқ!—деп даўысының барынша бақырып, оларды қорқытқан болды. Алдана ма қус болса да «хитрый» екен, бала «енди келмейди ғой» деп, шешинип отыра бергенде, және бир топ ғарға гүў басты...

—Растан-ақ булардың сазайын тарттырмасам болмас—Бала нар тәўекел қатарды белине байлап, мылтықты алып және шықты. Ол қатардан оқты алып атырғанда да, оны мылтыққа салып қулақларын қайырып шүриппесин басайын деп атырғанда да ғарғалар дәрпенген жоқ. Баланың жүреги аттай туўлап, қоллары қалтырай баслады. Көзлерин тастай жумды. «Теўеди» деген сөзлер ядында бар, мылтықтың қундағын ийнине



www.ziyouz.com kutubxonasi

тақаңқырап қоллары менен уславан жерлерин қатты қысып алды. Қос саўсағы әсте-әсте шүриппеге қарай жылыслай берди... Бир нәрсениң «шырт» еткенин биледи, бир ўақытлары қоллары дир-дир етип, қулағының тусы жер жарылып кеткендей «гүрп» ете қалды. Көз алды тынып мийи айланып баратыр... Тентиреклеп барып, жерге гүрс етип қулап түсти. Өзине келип көзин азмаз ашып дөгерекке қарап еди, жерде шаңға былғанып мылтығы жатыр. Әтирап жым-жырт. Тек қулағының иши үзиликсиз гүўилдеп, мурнынан қандай да бир күңирсиген ийис кетер емес...

Ол орнынан турып, үсти-басын қағыстырып, енди мылтығын алайын деп оқтала бергени, қырманның үстинде қап-қара болып қараўытып жатырған бир нәрселерге көзи түсти. Жақынлап келип олардың бир нәрселер емес, ғарғалар екенин анық билди. Аяқлары сәррийисип, әлле қашан өлип қалыпты...

—Түпәләм, мерген болғандай түриң бар екен?—деп қойды кеште ағасы. Айтарын айтса да әлле не үстинде ойланып узақ үнсиз отырды. Бәлким усы мылтыққа байланыслы келип шыққан бала күниндеги қандай да бир тартысты еске алған шығар. Сөйтип бул мылтықты хәр қашан да адамларды қырылыстырып жүрген қурал екенин ойлаған болар. Бәлким, пүткиллей басқа нәрселер ҳаққында ойланғанды. Қулласы, ол сол күни узақ ойланды. Бирақ бала оның не ойлағанларын билген жоқ. Билгенде бәлким, бул мылтықты қайтып қолына усламаған болар ма еди? Бәлким...

Ол көп узамай бул мылтықты және қолға алды.

* * *

Ойламаған жерден ағасы қатты аўырып қалды. Жумыстан мәниси болыңқырамай келди де, еки күнге дейин нәр татпастан жатып алды.

—Иштейим жоқ, диңкем қурып баратыр, —деди биреки рет бас көтерип.—Дуқтыр шақыртсаңыз да болар еди.

Расында да, оған ҳеш нәрсе батпады. Бир мәртебе өзеги талып баратырған соң, май шажлап писирилген кеспастан бир-еки уртлап көре қойып еди, жүреги алып, ишкен-жегениниң бәрин лоғып қайтарып таслады. Көзлери болса күннен-күнге сарғайып баратыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үшинши күн дегенде шақыртылған доктор оны тексерип көрди де:

—Тас болмаса асқынлатып алайын деп тур екенсиз, —деп қызыл белбеўли ақ машинаға салды да қаладағы емлеўханаға алып кетти.

Ертеңине изинен барған анасы бир кастрюль аўқатты солайы менен көтерип келди де:

—Мә, мынаны өзиң-ақ, ишип таслай ғой,—деп ағасына алып барған аўқаттан бир лаўабый кеса қуйып берди.

—Ҳе?! —деди Парахат бир нәрсе болып қалмады ма деп тәшўишленип.—Ағам ише алмады ма?

—Иш, ише бер, ҳәзирше ағаңа бундай аўқатларды ишиўге болмайды екен. Сүт гөже, қатық жарма апарып турамыз. Соң саўалып шыққаннан кейин усындай аўқатларды, онда да ақ майға писирилмеген қыйлыларынан ишсе болады екен. Ал таўық сорпа, таза аң- қустың гөши болса жүдә қуба-қуп қусайды.

Бул гәплерди еситкенде де баланың аңға шығыў ойында жоқ еди.

Ағасы емлеўханадан саўалып шыққаннан кейин шығар, кешке таман қанжығасында атып алған еки қырғаўылы бар, бир атлы киси үйине келип түсти. Отырды, сөйлести, шай ишти, ағасының аўҳалларын сорады. Ол аўырып атырғанда бул бир жақларға кетип изинен бара алмай қалғанлығын айтты.

—Зыяны жоқ, зыяны жоқ,—деди ағасы. Енди, мине жора, қудаға шүкиршилик қылып отырмыз. Быйыл шалыдан да қалатуғын түримиз бар, бес алты айға дейин аўыр жумыс ислеўге болмайтуғын қусайды.

—Ҳә, онда сары аўырыў болған екенсең ғой. Жаман, жаман.. Өзиңди күтпесең болмайды, ақыры. Анаў ашшы қурғырды ишип салып жүрегөрме. Табылса таўық сорпа ишип тура бер.

Аўқатланып болғаннан соң, ол кететуғын болды. Кетеринде қырғаўылдың биреўин апасына берип атырып:

—Мә, мынаны Елмурат жорамыздың өзине ғана асып бересең,—деди. Таза аң қустың гөши деген мында бир аўырыўға ем болады...

—«Басқа жаққа кетип...» дейди-аў ширкин!—деп тоңқылдады апасы, ол кетиўден—Қудайдың өлиминде. Оннан да «базарға балық апарып сатыўдан қолым тиймеди» де! Я журттай ислеп атырған жумысы жоқ... Қай



www.ziyouz.com kutubxonasi

ўақ-бир ўақ мына қырғаўыллардың кийесине ушырайды ғой. Ширкинди услап алып, сазайын тарттыратуғын адам да жоқ екен.

Бала бул гәплерге итибар берген жоқ. Оның ақылҳуўшы әташтанның басында пәрлери қопырап отырған ноқат-ноқат ақ, қара пәрлер аралас сурғылт қырғаўыл да болды. «Демек,—деп ойланды ол оннан көз айырмай қарап отырып, —бул қустың гөши адам ушын пайдалы екен дә? Ҳаў, күнде көрип жүргөн қусым емес пе? Ертең-ақ анаў күнги ғарғалардай етип атып ала қоймайман ба?»

* * *

Келеси күни ағасы кешки аўқатты жеп болыўдан бийтақатлана баслады: баўыры қызынып, аўзынан қара суў ақтарыла берди.

—Нәпси деген ә! Таза гөш қой деп көбирек жеп жибергенимди айтсаң—ә! деп қояды аўқат сиңсин дегендей өжирениң ишин арман-берман гезип жүрип.—Қой гөши деген оғыры аўыр болады екен-аў! Пай, кешеги қырғаўылдың гөшиндей болармa еди! Ишип-жеўге жеңил, сиңимлисин қәйтерсең! Қырғаўыл шорпаны изин үзбей ишерме едим, бир айға жетпей-ақ аттай болып кетер едим. Енди алты айға дейин усылай азап шегетуғын болсам...

Ол және бир нәрселер айтпақшы еди, бирақ ишинен ақтарылып шыққан қара суў сөйлеўге ҳеш мүмкиншилик бермеди.

—Ләген-ләген!—деп бақырды албырап қалған анасы.

—Ой, қудайым, және не бәле таптық?! Қайталатып алғаннан аман болсақ болар еди. Баўыр деген нәзик нәрсе.

Қандай да бир қорқыныш сезими Парахаттың да жүрегине жетип үлгерди. Әкесиниң нурсыз көзлери менен қан-сөлсиз жүзине туўры қараўға дәти шыдамады, көзлерин тайдырып алып қаша берди. Қараса болды әкеси оған: «Хош, балам!» деп соңғы сөзлерин айтып салатуғындай...

—Ертең қайдан болса да қырғаўылдың гөшин таппасақ болмайды! —деп сыбырлана сөйледи анасы бийтап азмаз тыншып, уйқыға кеткеннен кейин. —Көрип отырсаң ғой аўҳалын, қой гөши де аўырлық етти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Қайдан тапсақ болады?»—деген пикир келди усы ўақытта баланың қыялына. Анасына сораўлы тигилип еди, ол ләм-лим демеди. Бирақ баланың қыялынан бул сораў шықпай-ақ қойды, «Демек, қырғаўылдың гөши ағам ушын пайдалы екен-дә! —деп қойды бир нәрселер ядына түскендей болып.—Оны табыўдың не қыйыны бар?»...

Бала және азы-кем ойланып қалды. Анаў күнги ғарға атқанын ядына түсирип, көз алдына тап үйиниң түбиндеги тоғайда таўықлардай жайылып жүрген қырғаўылларды келтирди...

—«Бирақ қырғаўыл деген жақсы қус-тә! Суп-сулыў!... деп цегедур өз-өзинен екиленип те турды. Илаж қанша ағам тәўир болып кетиўи керек! Бәрибир атпасам болмайды»...

* * *

Бул ўақытлары қырғаўыллар баланың аўылындағы тоғай-паналарға жаңа-жаңа баўыр басып киятыр еди. Олардың бул жерге келиў тарийхы да өз алдына дәстан болды.

Олар ең дәслеп бул жерде «жасаған» жоқ. Баланың аўылынан әлле қайда алыста —нәҳән бир көлди қыр дөгерек қоршаған қалың бир тоғайды пана етти. Ол сондай қалың пана еди-дә, ол жерде ҳәзиргидей ыбыр-жыбыр ақ жайлар да, мынандай көл-кесир созылып атырған егисликлер де жоқ еди. Ҳәтте, адамлар да болып жарымады. Бир тынышлық ўақытлар еди-дә, ол ўақытлар!

Бирақ, соң-соң ол жерде жасаў қыйынласа баслады. Бара-бара адамлар да көбейди. Әлле қандай гүрилдеген бир нәрселер зыр-зыр қатнап, тоғайдың иши жол-жол болып қалды. Әсиресе түнлерде көл жағасында ғаўыр-ғаўыр көбейип кететуғын болды. Соң бул ғаўырлылар тап тоғайдың ишине араласты. Шатыр-шутыр ағашлар сындырылып, лаўлатып от жағылып, шоққа қазанға усаған қандай да бир нәрсени илдирип қойып, ҳәмме қыр-дөгерек отырып алатуғын еди. Таң атқанша ўақ-шақ.

Тап сол күни де усылай болды. Кешке таман бир жүк машинасы көл жағасына келип тоқтады. Ишинде бир-еки адамы бар екен. Олар асыққан жоқ. Кабина-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дан түсип, дөгерек-дашқа қарап турып бир-бирден шылым шекти.

Шылымларын шегип болғаннан кейин де «ҳи-ҳим» деп тамақларын қырынып, биразға дейин сөйлесип турды. Соның арасынша тоғайдың арасынан 11—12 жаслар шамасындағы еки бала жуўырып шықты да олардың қасына келип тоқтады.

— Қәне кимлерсиз?—деди балалардың бири оларға суқланып қарап. Екиншиси қалтасынан қандайда бир нәрсе алып, аўзына салыўға қайымласты.

Қундыз малақайлы киси буған ҳәз етип күлди.

— Неге күлесизлер?! Бизлер жасыл қорықшылармыз. Кеше биреўлер мына көлге аммонал таслап, балықларын қырып кеткен...

— Ҳә, деп пәсине қайтты қундыз малақайлы киси.

— Талапларың жақсы екен. Бизлерде сол оңбағанлар келип қалама деп күтип турмыз. Мынаў бажбан ағаңызды танымайды екенсиз-аў?!

—Ҳаў, танысып қойың, уят болады. Ең дәслеп усы адамның жәрдемшилери болыўыңыз керек ғой!

Балалар олардан кеширим сорады да, келген жақларына қарай қайтып кетти.

— Енди негизги гәпке келейик,—деп гәп баслады түлки малақайлы киси олардың арасы бираз алыслап кеткен соң.—Жора, мен сеннен ағаңы аямайман, оны өзиң де билесең. Ҳәзир де мына машинаңды ыңырандырып жибериў қолдан келеди. Бирақ ақылласқандай бир жағдай болып тур, жора.

— Ҳе, аманлық па?—деп таңланды қундыз малақайлы «сирә ҳеш нәрсе алалмайын деп турман-аў» дегендей қәўип пенен.

Аманлығы аманлық-аў. Бундай болған аманлығы да қурысын!

Жүз бар, қәтерс бар дегендей, ким жора, ким ағайин, ҳеш кимниң кеўлин қалдырмаймыз деп мына тоғайды да берип болыппыз. Тас болмаса мойынға түсип қалайын деп тур... Не қылсақ екен.

— Ҳәй не екен десем. Соған басыңды аўыртып отырған сен де ақмақ екенсең. Ҳәзир не көп, өртенип атырған тоғай көп, Онысыз да көп тоғайлар салы жерге айланып атыр ғой. Көп шығынның бири болады дә, пайдаланғаныңды пайдалан, қалғанын... оннан соң қу-



www.ziyouz.com kutubxonasi

да да тыныш, қудағай да тыныш. «Өртенип кетипти, бала» деп отыра бересең.

— Ҳә сөйтсем бе екен?—... деп ойланып қалды түлки малақай.

Аўыр жатар ўақытлары ырастан-ақ тоғайға от тийип, болды бир булағай: ағашлар пышыр-пышыр алыса берди, қырғаўыллар бир ғығық-ғығықласты ма де? Қашқаны қашып қалды, қаша алмағаны от болып лапылдады...

Соның менен, аман қалған аз бөлегин тәғдир самалы усы жерге алып келди.

Бул жерде оларға онша шеп түскен жоқ. Жийде, шеңгел торaңғыл, урық аралас қалың тоғайлық екен. Жигилдик, жийде, шеңгелдиң «дәни», шигин усағанларды ғорек етип, бир үш-төрт жылға дейин адамларға да көринбей жасап келди. Өсти, өрбиди. Бирақ жақыннан берли бул жер де буларға тарыслық етип атырғандай. Кем-кемнен шаўқым, ғаўыр-ғаўыр көбейип баратыр. Әсиресе, әлле неткен гүрилдилер мазасын алып барды. Оның үстине, күннен-күнге жақынлап еситилип, күннен-күнге ири ҳәм ашшы даўысқа айланып баратырғанын айтпайсаң ба? Әтирапта өзгерип кеткендей: Жаплар, қашылар, жоллар, егисликлер... Онша алыс емес жерлерде кишкене бир қалашалар да пайда болыпты.

Қырғаўыллар аз да болса усыны сезген менен, еле алда болатуғын ҳақыйқый апатты сезген жоқ еди. Олар өзлериниң душпанлары бул жерде де бар екенлигин билмеди. Олар бәринен бетер бул душпанның шаппаттай бир бала екенлигин билмеди.

* * *

Парахат сол ўақытта да «душпан болады екенмен» деп ойлаған жоқ. Ол тек бир нәрсени қәйткенде мылтықты ағасына билдирмей алып шығыўдың жолын ойлады. Ағасы неликтен де буның мылтық услағанын онша хош көрмейтуғындай сезиле берди.

Сөйтип түн жарпына дейин уйқысы келмей жатты. Ағасының уйықлап қалғанына анық көзи жеткен соң, әсте орнынан турып, қабырғадағы қатар менен мылтықты билдирмей алды да, сездирместен қапыны ашып



www.ziyouz.com kutubxonasi

далаға шықты. Ал азанда ҳәммеден бурын ояныл, мылтық жасырыўлы турған жерге қарай жүрип кетти.

Жүрип киятыр. Қуўанышы болар емес. Кем-кем үйден қашықласып, тоғайға жақынласқан сайын қуўанады. Таңғы тынық ҳаўа да, шыққа малынып турған гилемдей көк майса шөплер де ырғалысқан урықлар да, тап үйдиң тусынан басланатуғын көкалай көк теңиз салы атызы да жүрегине қозғаў салар емес. Тусынан өтип кеткен еки адамның айтысып баратырғанын да елестирмеди.

— Паҳ, жарықлық, жердиң сәни терек екен ғой,— деп гәп баслады шеп аяғын сылтып басып баратырған қызыл шырайлы тапалдас киси салы атызының ортасында қарақшыдай қоқырайып турған жалғыз түп ғарры торацғылдан көз айырмай қарап.—Мына салы жерлер де, поселканың орны да, бир ўақытлары пышық мурны батпайтуғын жас тоғай еди-аў!.. Әй, сирә, тоғайдың астынан жер ашып кәте иследик пе деймен?

—Ҳә, неси кәте? —деп шырпынды қалпағын бир шекесине басыңқырап кийген қасындағы жаслаў жигит. Салы ушын жер керек!

— Жер де керек, тоғай да керек!

— Тап усы тоғайлардың дым кереги жоқ. Я бир санаатлық әҳмийети болмаса... Отын ба? Газ бар! Буннан он есе артық Сибирь, Узақ Шығыс тоғайлары да ретли жерлеринде усылайынша жоқ болды. Билесең бе БАМ қаншадан-қанша тоғайларды жарып өткенин!...

— Олар, әлбетте, мақсетке муўапық қырқылған.

— Бул да мақсетке муўапық.

— Мақсетке муўапық емес жери бар, иним. Бабаларымыз, қоршап турған орталықты ысырап қыл, демеген. Буннан артық тәбиятымыз бар ма?! Ол, мейли, санаатлық әҳмийетке ийе болмаса да тири тәбият ғой. Олсыз аң-қус қайда жасайды? Онысыз да бизде жер көп... Ал жер болмаған жағдайда да сақлап қалыўға болады ғой. Тоғай полосалары менен егинзарлықты избе-из қосып алып барыўға болар еди! Оннан дым зыян көрмейсиз, қосшым. Ол аўыл хожалық егинлерин ҳәрқандай бәле-қададан қорғаған болар еди. Сөйтип, жердиң мелиоратив жағдайын жақсылаўға тәсир жасаған болар еди.

Олар усылайынша сөйлесип кете берди. Бала ҳеш нәрсеге түсинген жоқ. Бирақ тоғайға жақынлаған жер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

де оны қандай да бир күш аз ғана ўақытқа иркип, аз-маз да болса ойландырайын деди.

8—9 жаслар шамасындағы еки бала шақадан-шақаға өрмелеп, қандай да бир қутышаларды ағашларға илдирип жүр екен. Усындай қутышалар былайырақтағы терек шақаларына да илиўли тур. Олардан «ыз-ыз» еткен ҳәррелер қалай болса солай кирип шығып жүр.

—Ҳәй, балалар, не ислеп атырсызлар?—деди Парахат мылтығын жасырайын да демей. Балалар буны байқамай қалды.

— Сәлем ағай!—деди жуўап орнына екеўи бирден.

— Мен не ислеп атырсызлар деймен?!

— Қарап турсыз ғой!—Балалар иренжип қалғандай түр билдирди.

— Сиз не өйтип бул исти билмейтуғын ба едиңиз?!

— Билемен. Сизлер алды менен өзлериңиз ким боласыз? Соны айтың!

—Жасыл қорықшылар-дә!

— Жасыл қорықшылар!... «Бул не деген-әй»

Ол азмаз ойланып турса да, балалардан буның мәнисин сорамады. Оған ким болғанда не, бәри бир емес пе? Ол ҳәзир аңға баратырған адам. Ең қурығанда бир қырғаўыл атып алып, ағасына алып барса, қандай жақсы!.

Ол усындай ойлар менен тоғайдың қалың түпкирине қарай енип те үлгерди.

* * *

Кәрамат усылай басланды. Ол қаншелли тоғайдың түпкирине енген сайын, жол таўып жүриў де соншелли қыйынласа берди. Жолдың еки бойы тоғай тал, жыңғыл, ақ тал, торańғыл усаған ағашларға қора қыспақлағандай сиресип қалыпты. Төбеси қалың бүклер менен бүркелип, жол еки жағына биреў ийтерип қысып турғандай оғада тар. Жалғыз адам зорға ғана жүреди, және қай жерге барып түўесилетуғыны да белгисиз. Узын шубай. Қараңғылық та ҳеш нәрсе көрсетпейди. Бул, бир жағынан, жер асты жолларын көз алдыңа келтирсе, бир жағынан, таўлықларды қақ жарып өтетуғын тоннеллерди еслетеди.

Баланың бундай теңеў, салыстырыўларды ойлаўға да пурсаты болмай қалды. Жүреги ҳәўлирип, қорқайын



www.ziyouz.com kutubxonasi





www.ziyouz.com kutubxonasi

деди. Тастай қараңғы! Ол бул қараңғылықтан қутылып, тезирек жақтылаў бир жерге шығып алғанша асықты.

Ақыры, қара тер, қан сорпа болып, ағашлары шаўылып-шаўылып, сийреклесип қалған бир алаңға тап болды. Бул жерде күн жарқырап шығып, әтираптағы бары-жоқтың бәри жылтырап көринип туратуғын еди. Алаңның бир шети барып еки жағасы қалың бүклер менен қоршалған ағын сууўлы нәҳән арнаға тиреледи екен. Канал туппа-тууўры аўылдың ортасына дейин ағып барыўы керек. Демек, онша алыслай қоймағаны.

Бала енди ғана өзине келип, рәҳәтлене бир нәпес алды. Бул жерде турып қандай қыялға берилемен десең де мүмкин еди.

—Шүйик-шүйик!— деген сес еситилди жағадағы қалың бүклер арасынан ол еле ҳеш нәрсени ойлап үлгермей атырып-ақ. Сес шыққан жаққа қарап бир адым атты, я атпады, бүктиң арасы патыр-патыр ете қалды. Изинше «ғоқ-ғоғақ» етип қандай да бир қус барынша жоқары көтерилген болды да, сол пәти менен ашық алаңға ушып түсип, жалма-жан, қалың путалар арасына қарай жорғалап кетти. Қус шыққан бүктиң қасына жақынлаңқырап келип, үңилип көрсе, қара жерде он-онбес мәйек жылтырап жатыр. Мәйектиң қызығы менен ыраштың басында зеңирейип турған қораз қырғаўылды абайламай да қалды.

— Қы, қығ, қығ-қығ!—деген сес шықты, соның арасынша әлле қайдан. Бала басын көтерип, әтирапқа қарап еди, алаңның ортасындағы гөне жаптың ырашында көкшил-қызғылт пәрлери алтындай жалт-жулт еткен бир қораз қырғаўыл таққа минген султандай қоқырайып тур! Былайырақта әташтанның басындағыдай бир қырғаўыл соған қарай қалай болса солай жорғалап баратыр. Әне, анаў бир путалар арасынан екиншиси, үшиншиси де шықты... «Ғы-ғық-ғы-ғық»ласып, бәри соған жеткенше асығады.

Бул көринис ойламаған жерден басқа тус алып кетти, тап усыны аңлып турғандай пута арасынан және бир қораз қырғаўыл ушып шықты. Ол төбе басындағыға қарағанда ири сүйек, патлырақ екен. Көзлери қанталасып, кекиллери қып-қызыл болып кетипти. Келе төбе басындағы қораз қырғаўылға тийисти ме де! Болды бир патыр-шатыр, шоқысып атыр, «бет-аўызы» да-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ладай қан... Әлленемирде ҳәлсиреген биреўи кейин шегинди де, «пыр-р» етип ушып, торaңғылдың уша басына барып қонды. Екиншиси де оның изинен ушып басқа бир торaңғылға жармасты. Мине, екеўи еки жерде отыр. Сонда да бир шекелеп бир-бирине жийи көз таслап қояды. Узақ қарап отыра алмады. Және жерге қайтып түсти. Және жулыспа. Мәкийен қырғаўыллар «бунның ақыры не болар екен» дегендей барлығы бир жерде уйлығысып тур.

«Ҳәзир де анаў бүктиң аржағына шығып, нышанаға алыўға кирисемен» деп ойлады бала ҳәм солай қарап әсте жылыслай берди. Бирақ бүктиң қасына келгеннен кейин өзин услай алмай қалды. Сәл сабырлылық етиўи керек еди, керисинше «мени көрген жоқ ғой» деп ойлап, асығып гөзей баслады. Гөзегенде де уйлығысып турған мәкийенлерине емес, қалай болса солай секирип, «жулысып» атырған қоразларға қарай гөзеди. Олар ҳеш нәрсе сезген жоқ, сезиўи де мүмкин емес еди. Бирақ шүриппени басыўға негедур жүреги даўамады: «Атсам ба екен, атпасам ба екен?» деп екилениўшиликке бериле баслады. Атайын десе, оғы өз басымшылық етип атырған «қанхор» қырғаўылға емес, оның зорына ушырап, жапа шегип атырған жәбирлениўшисине тийип кетиўи мүмкин. Түбинде биреўине тийсе де болар еди, лекин әкеси оған «ҳәр қашан жығылғанға жудырық болыўға әдетленбе» дейтуғын еди. Атпай-ақ қояйын десе... Жоқ, бәрибир, атпаўға болмайды. Оған тезирек ағасының аўырыўынан айығып кеткени керек. «Кеше, пай, қырғаўылдың сорпасын изин үзбей ишип турғанымда, бир айға бармай-ақ аттай болып кетер едим...» деген жоқ па?! Не көп, тоғайда қырғаўыл көп. Бир-екеўин атқан менен...»

Бала усындай ойлар менен шүриппеге бармақларын баспақшы болды. Деген менен, сол заматта-ақ қоллары қалтырап кетти, киттай қыймыл жасап қойды. Бир-еки рет дем де алып қойған болыўы керек, мәкийенлер әлле неге қозғалыс таўып қалды. Жаңа шүриппени баса бергени—ҳәммеси «дүр-р,дүр-р» етип өтә кетти.

Мылтық атылмай қалды. Бала илажсыз орнынан турып, «қаяқларға кетти екен» дегендей жан-жағына көз жүўырта баслады. Оның менен ҳеш нәрсе көзге илинбеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол мылтығын ийнине салды да илажсыз үйине қайтты.

* * *

Келеси күни де тап усылайынша өтип кететуғын еди. Бирақ кешқурын енди қайтайын деп турған ўақытта оның қасына бир атлы киси келип тоқтады.

— Ҳә бала, бир нәрсе аттың ба?

— Даўыс шығып турған жаққа серлеңкиреп қараса, анаў күнги үйге келген киси екен. Қуўанып кетти.

— Ушып кете береди ғой...—деди ҳағынан жарылып.

— Ҳа-ҳа-ҳа!—Атлы киси негедур ғарқылдап күле баслады. Қәпелимде күлкисин тыя салып:

— Тоқта, ти-шш!—деди де, мылтығын қолына жеңил ғана қақшып алып, әлле қайда гөзлеместен-ақ (бәлким, гөзлеген де шығар, ҳәрекет көзди ашып жумғанша болып өткен соң балаға усылай болып туйылып кетти) «гүрп» еттирди. Мылтықтың атылған жағына жалт қараса, онша қашық емес жердеги торańғылдың шақалары шатыр-шатыр етип, бир қырғаўыл жерге қарай жулдыздай ағып киятыр екен.

— Усла, жуўыр тез!—деп бақырды атлы киси балаға. Бала жуўырып кетип, жерге түскен қырғаўылды еки аяғынан тырп еттирмей услап алды да, атлы кисиге әкелип берди.

— Әне, усылай атады, балам,—деп қойды атлы киси қырғаўылды жалма-жан қапшыққа тығып атырып.

— Бирақ изиңди ҳеш ким билмей қалыўы керек. Оқты усылайынша тоғайдың ана мушы менен мына мушынан үзип-үзип ара-тура бир шығарып турсаң, ким екениңди өмирде билер ме? Сонда да күниге жетисегиз қырғаўыл сирә бар. Усыны қызғанады ғой журт. Кеше де бир-екеўи изиме түсип... Бәринен де бетер мына қаланың муштай жүўернемеклери жандырып болды. «Жасыл қорықшыларымыз» дей ме? Маған ким болғанда не, мен Шегир мергенмен, меннен ҳеш ким ҳийле асыра алмайды. О-о, ойнаған екен!...

— Жүр, балам, бул жерден тез кетейик!

Олар асығыс тоғайдың басқа мушына қарай бурылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Бала сол сапары да Шегир мергенниң ким екенлигине, оның кимнен, неге қашқалақлап жүргенлигине онша мәни бермеди. Сол сыяқлы өзи де бир күни болмаса бир күн қолға түсип қаламан ғой деп ойлаған жоқ...

Күнлер усылайынша ҳәлекшилик пенен өте берди. Шегир мерген оны сол күннен баслап жанынан бир ели қалдырмайтуғын болды. Бирақ бала оның қандай ойы бар екенлигин билген жоқ. Әйтеўир, «барып кел, алып кел» менен бир айға жуўық ўақыт өткенде барып бул күнлердиң қуры өтпегенлигин өзи азмаз да болса бир нәрсе үйренип қалғанлығын билди.

Ҳақыйқатында да, бала бул ўақытлары көп нәрсени үйренип қалған еди. Ойлап қараса мергеншилик деген бир қызық талап екен. Аң деген де әнейилик пенен қолға түсе бермейди. Мылтық услағанның бәри мерген емес қусайды. Мерген болсаң, жердиң үсти ғой үсти астын да үңгийди екенсең. Қаймақласқан музды мисе тутпаўың керек! Және «мерген қапы» дегенлери болады екен...

Шегир мерген ушардан қус атыўды сийрек қолланады екен-дә бирақ жердеги «пыр-р» еткен қусты алдынан аман жибермейди екен. Қай жерде қус болады, қай жерде болмайды—оны да билип баратыр. Оның айтыўынша, қырғаўыллар жийде, жигилдик, шеңгел қалың өскен жерлерде, ямаса жазы менен шигин қаплап жатқан суўатларда көбирек болады. Олар жазда бундай шигин көп өскен алаңларды, туқым дән себилген атызларды нәзерлеп жүреди екен-дә, қырман алына баслаўдан, сол жерлерде таппа-тайын болатуғын қусайды.

Баланың ҳақыйқат мергеншилиги усындай дән қырманларының дөгерегинен басланды.

Дәслеп қатты бапланды. Болмаса Шегир мергенниң айтқанындай етип бел буўардан әп-әнедей ор да (Шегир мерген буны «гезе» дейди) қазып еди. Қырғаўыллар ушып келерге таман ишине түсип те алды. Дем алмастан мылтығын гөзенип, қырман беттен көз айырмай қарап жатыр. Күн де лапламайдай қызарып, батыўға мейил берип киятыр. Гезе иши ып-ызғар екен. Қәйтсе де шыдады. Усы ўақытлары бир топ қырғаўыл «ғық-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғық»ласып жетип келмегенде, орнынан турып кетиўге сәл қалып тур еди. Дәрҳал жатып қалды. Бундағы ойы қырғаўыллар қырманға алаңсыз араласа берсин дегени еди. Бундай ойы бар болсын! Әлле немирде көзин ашып мылтығын гөзеп, қырманға қарай бергени, жаңағы бир топ қырғаўылдың биреўи де жоқ!? «Қыймыллдап яки дем алып қойдым ба екен?!»—деп тәшўишленди ол. Қалай ойласа да енди пайдасыз еди, қырман дөгерегинде самал ушырған сабан, дән қаўықларынан басқа ҳеш нәрсе көринбеди.

Ол үсти-басын қағып-силкип орнынан турды. «Енди не қылсам екен?!»—деп ойлап та үлгерген жоқ, сабанлар қәпелимде толқындай тербетилди де, бир топ қырғаўыл тас төбесинен «дүр-р» етип ушып кетти.

* * *

Шегир мерген сол сапары бул сырды балаға айтып қойғанына енди өкинеди. Бул жағада өзине тең келетуғын мерген жоқ еди. ақыры. Мине енди, мына бала барлық аң атаўлысын бир өзи-ақ қырып жойып болажақ... Қарап турып күнелтип отырған напақасынан айрылатуғын болды-аў.

Бала буның менен есапласқан жоқ. Ол енди қус гөшиниң әкесине керек екенлигин де умытып кетти. Оны тек бир нәрсе—қәйткенде атқан оғының мулт кетпеўи ғана қызықтырып қалды. Бул онша қыйын емес екен. Тап анаў күнгидей қуслардың келиўин аңлып, гезеде жасырынып жата береди екенсең. Қырман, дән бар жерге қуслар сирә келеди. Бирақ олар таўықлар сыяқлы түртинип, тимискиленип келетуғын жүдә пәмсиз емес.

Асықпайды, сен де асықпайсаң. Дөгерек дашына бир қарап алады да, сабанлардың арасына сүңгийди. Көзиң де илмей қалады екен. Ал оннан соң оларды атып ала ғой!

Жоқ, буның да илажы бар екен. Мылтығыңды жақсылап гөзеп, шүриппесин басыўға қайымласып турып, қус кебинди кийесең де:

— Шүйик-шүйик! (бул дәл өзи емес, әйтеўир, қус сестине усаңқыратып)— деп сес шығарасаң. Көзиң қырман тәрепте. Сабан арасы дир-дир ете қалады. Көп узамай қылтыйып бир бас шығады. Және сес шыға-



www.ziyouz.com kutubxonasi

расаң. Енди бойын тиклеңкиреп, ярым геўдесй менен алаңлап жән-жағына қарайды. Мылтықты беккем услап, нықлаңқырап гөзейсең. Шүриппе басылады—қырғаўыллар «дүр-р» ушады. Қырманда бир қырғаўыл пәрлери қопырап жатыр. Демек, оқ мулт кетпепти!

Кейинирек бала буның басқа да бир әдисин тапты. Бул әдистиң бурынғыдан сәл айырмасы—бир атқанда екеўин атады екенсең. Онда да тап жаңағыдай қус тилинде сөйлейсең. Қырғаўыл бас көтереди. Және даўыслайсаң. Және бири бас көтереди. Және сес. Бул ирет еки қырғаўыл мойынлары өз-өзинен айқасып түсе қалады. Әне, сен сонда шаққанлық етип, еки мойынның айқасып түскен жерине мылтықтың аўзын қаратасаң да, көз илмес тезликте шүриппени басасаң! Бул—ҳақыйқат мергенлик!

Бирақ бул мергенлик қырғаўыллар ушын апаттан басқа ҳеш нәрсе алып келмеди. Бала қаншелли әдис ҳийле билген сайын, қырғаўыллар соншелли көплеп қырыла берди. Онда сирә тойым деген болған жоқ. Атқан сайын атқысы келди. Ол басқалар усап мәўсим қуўып та атпады. Оған қырғаўыллардың қурық басып палапанлаў дәўири ме бәрибир еди. Ол ҳәкисине тап усындай гезлерде көбирек атты. Бирақ ол келеси мәртебе бул орынлардан бирде бир қырғаўыл көрмейтуғын еди.

Усылайынша ол бул кәрада да қырғаўылларға қут дарытпады. Олар енди бурынғыдай таўықлар менен бирге ғурық басып, бирге жайылып жүре алмайтуғын болды, адам көрсе қашатуғынды шығарды. Адам олардың көзине бир бәтбәшар бәле, жан алғыш сыпатында көринди. Сонлықтан олар сылт еткен сестен сетем алатуғын болып қалды. Азмаз ақыл ҳәм сумлыққа ийе болмаса болмайтуғын қусайды. Соң-соң қар жаўған күнлери еки-үш күнлеп жатқан орынларынан былай-былай тапжылмайтуғын болып алды.

Бирақ бул сорлы қус қалай қолға түскенин билмей қалды. «Отлайман» деп жүрип, сақлықты умытып кетсе керек, Қараса басқа қырғаўыллардан әдеўир алыслап кетипти. Алыста бир нәрсе қараңлап көринди. Адам деўге адамға усамайды. Адам бойы ағашқа тарттырған кенеп!

Сонда да тап адамдай жүрип киятыр...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қырғаўыл буны сезди ме, сезбеди ме, я айықлап не екенин билип алғысы келди ме, кенеп жаққа көз тигип қарай бергени, бир нәрсе гүрп ете қалды. Кенептиң қақ ортасынан шығып турған узын темир түтешениң аўзынан түтинге усаған бир нәрселер сызатланды. Оң қанаты сынып кеткендей болды. Қанатынан қан бурқ ете қалды. Жан айбат пенен өзин қалың путалыққа урды. Қалай өлимнен аман қалғанлығын билмейди, бир ўақлары есине келсе, қалың путаның арасында қып-қызыл қан болып жатыр екен. Оң қанаты қозғалтпайды. «Басқа қырғаўыллар қаяқта екен» дегендей әри-бери дөгерегине қарап көрип еди, ҳеш нәрсе көринбеди. Қаяқтан келип, қаяқта жатқанын да еслей алмай қалды. «Не де болса топарымды таўайын» дегендей сезим сәўлеленди қыялында. Бир өзине дым қорқынышлы еди. Ақыры болмаған соң сынық қанатын сүйретип белгисиз бағытқа жорғалап кетти.

Мине, үшинши күн. Қырғаўыл ҳеш кимди дусластырған жоқ. «Ақылы» ҳайран. Ешейинде ызғысып жүретуғын қырғаўыллар қаяққа кетти десе болады? Биреўи көринбейди-аў, биреўи! Жалғызлық жанына әбден тийди. Оның үстине, бас панalағандай жер де таўылмай баратыр. Не бир сырдандай далаларды, сабаны алынып босап атырған салы атызларын басып өтиўге туўра келди. Ол қанша илгерилеген сайын, тоғайлық та соншелли сийрексип бара берди. Бирақ ол негедур алға илгерилегенди мақул көрди.

Жорғалап киятыр. Бир «адым» атады, жән-жағына қарайды, жәнe пута-путаның тасасы менен жорғалайды. Ушыў—оннан бетер қәўипли. Ушайын десе... Көз алдында бир топ қырғаўыл. Олар тап қол созымы жерде турғандай. Төрт көз түўел «ойнап-күлип» жүрипти. «Ти-ш» дейтуғын хожа жоқ. Мылтық атылмайды, адам келе алмайды, қалың тоғай. Нағыз қуслар патшалығы! О, олар қандай шахытлы қус дейсең! Әттең, қанаты... болмаса бир ушыўға ушып-ақ көрер еди.

Қырғаўыл бул қусларға жақынлап келип қалғандай да еди. Қәпелимде гүрс етип мылтық көширилди. Қырғаўыллар «дүр-р» етип ушты да кетти. Әтирап қулаққа урған танадай болып қалды. Айналада майда-майда қаўырсын пәрлер қалай болса солай ушып жүрер еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Азмаздан соң ол буннан да жаман аўҳалға дуўшакерлести, «Тәғдир» деген... Дөгерек, жақын жырақларда бас паналағандай бир түп пута болғанда, қашып қутылар еди. Ол өлимге бетпе-бет келип қалды. Бала қус паналап киятырған гөне аңғардың бийик ырашында әзирейлидей зеңирейип тур еди. Қырғаўылдың көзлери патлыйып кеткендей болды. Тап усы ўақытлары мылтықтың қос аўызы туппа-туўры буған қаратылып, баланың оң көзи қысылып кетти. Қырғаўыл буны анық сезинди. Бәрибир, қашып қутыла алмас еди. Тек бир ғана жол өлим! Жаны шығып кете жазлады. Оның усы ўақытлары қандай сес шығарғанын еситкенде ме! Ышқынып кетти... Көзлерине моншақ-моншақ жас келди. Соңғы күшлерин, соңғы демлерин жыйнап аспанға атылды. Бәрибир, арқан бойы көтерилмей-ақ жерге жалп ете қалды. Сынық қанатынан қан қалай болса солай жосып кетти...

Бала шүриппени басып үлгермеди.

— Ғы-ғық! Ғы-ғық-қ!—деп қанатларын қайта-қайта сермеп атырған қус даўысы мийине тебендей шаншылды. Қәпелимде көзи қып-қызыл қанға түсип турып қалды.

«Ҳәзир өледи—деп ой жуўыртты ол сол турысында Анаң қара көзлеринен жас ағып атыр. Ҳаў қус та жылайды екен ғой!»

— Балаға қус таманға қараў кем-кем қорқынышлы туйыла берди. Ол усы күнге дейин өлим ҳалатындағы жанлы мақлуқты ҳеш көрмеген еди. Өлимниң аты өлим екен. Тула-бойы шимиркенип кетти...

* * *

Дөгерек даштағы жүз берип атырған бул жағдайлар жасыл қорықшыларды қатты тынышсызландырды.

— Олар күш беретуғын түри жоқ,—деди 8-9 жаслар шамасындағы бир бала орнынан турып.—Минекей саррас бир ай болды. Мақсет екеўимиз бир атлыны тута алмай ақ қойдық. Ол жерлерде бажбан деген аты менен жоқ. Енди не ислеймиз?

—Оған қоса кишкене бир бала да бар,—деп қосып қойды оның қасындағы бала.

— Ким бала?—деп ҳәмме оның бетине тигилди.

— Қайсы мектепте, нешинши класс?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бир балаға күшиңиз жетпеди ме?

— Сизлер де қызық екенсиз!—деп өкпели пишинде қайта сөз алды дәслепкии сөйлеген бала...

— Оны көрмесек қалай күшимиз жетеди. Аўыл адамлары сөй деп айтысып атыр...

— Онда өтирик десеш?

— Ҳаў шын сөзим деймен?!—Гәп баслаған бала шыжа-пыжа болды.

— Мен бир рет көрип қалдым...

Гәпке жасы қорықшылардың басшысы араласты.

— Бала ҳеш гәп,—деди ол салдамлы кейипке кирип, —Оған айтамыз, түсиндиремиз. Тек қайсы мектепте, ким екинин билип алыў керек. Бәлким, алжасып жүрген шығар. Ал, атлы киси ким? Ол неге бир айдан берли туттырмайды? Баслысы соны анықлап алыў керек. Адамлар лақабын Шегир мерген десетуғын қусайды. Дәл атын билмеген менен, аз да болса усындай мағлыўмат алып келген жолдасларға рахмет айтыў керек. Олар өткен қыста да усындай жағдайлардың дәл үстинен шыққан. Бирақ ол заңғарлар биреўи бажбан бола тура балаларды алдап жиберипти. Қандай өкинишли! Ертеңине-ақ тоғай өртенген... Ал, бизлер жасыл қорықшылар бола турып, усындай жағдайларға жол қойып атырмыз. Дурыс, ислеп те атырмыз. Салыгершилик совхозларында балық өрширттик, тоғайларда пал ҳәррелерин бақтық. Көше бойларына, бағларға нәллер отырғыздық. Айта берсек, булардың бәри жумыс... Деген менен, негизги ўазыйпамызға келгенде ҳеш илаж ете алмай атырмыз. Тоғайлар күн-күннен жоқ болып атыр. Гейпара аң-қуслар жүдә сийрексип кетти. Бул, әлбетте тек бизлердиң кемшилигимиз емес. Гейпара колхоз, совхоз басшылары тәбиятты қорғаў мәселесине жетерли кеўил бөлмей атыр. Олар барлық күшти дийханшылықты раўажландырыўға жумсайман деп отырып, мәселениң бул тәрепин саяда, көлеңкеде қалдырып қояды. Нәтийжеде Шегир мерген усағанлардың усындай ҳәрекетлери жүз берип қалады. Дурыс, оны услаў, тәртипке шақырыў тек бир-еки жасыл қорықшының қолынан келе бермейтуғын ис. Бул ушын гейде толық бир отрядтың күши де жеткиликсиз. Солай екен, сизлер өз жолдасларыңызға жәрдем бериўлериң керек. Ол жерден жасыл қорықшылардың



www.ziyouz.com kutubxonasi

нәўбетшилигин дүзип, бәжбан менен биргеликте ис алып барыўымыз керек. Ал, белгисиз бала мәселеси менен жекке өзим шуғылланып көремен...

— Ҳәзир қайта берсеңизлер болады. Ертеңнен баслап ҳәрекетке кирисесиз?

Балалар «Жасыл қорықшылар» штабынан үлкен жигерлениў менен шықты.

* * *

...Қәпелимде баланың мәниси қашты. Дәл қай жери аўырып турғанын билмейди, өзин бир түрли аўырып турғандай сезе берди. Аўқат ишип, телевизор көрип те мәниси болмады. Күндегидей жатар алдында қатарын оққа толтырып, мылтығын сүмбелеп қойыўға да заўқы соқпады. Мылтық есиктен кирген жерде қалай сүйеп қойылған болса, сол қәлпинде қалды. Тек шайдан бир-еки уртлаған болды. Сөйтти де уйықлап қалыў мақсетинде орнына келип жатты. Оның менен, қәне, көзи илинсе! Бурынлары қыялына келтирмейтуғын бир нәрселер ядына түсип, көз алдына өлим ҳалатындағы қырғаўыл келди де турды. «Ғы-ғық»лаған ашшы даўыс, жан айбат пенен аспанға атылыўы, қайтып жерге жалп етип түсиўи, қанатынан аққан қып-қызыл қан, қанатын жайып жиберип көзлери мөлтеңлеп, ес-түссиз жатыўы—бәри көз алдында кем-кем жаңлана берди. Ақыры дөгеректиң бәри—үй де, затлар да, адамлар да қып-қызыл қан болып кетти. Ол қаннан басқа ҳеш зат көрмей қалды. Қып-қызыл қан көз алдында сорғалап тырс-тырс тамып турды...

«Бийшара қус өлди-аў» деди әлленемирде өзине келип. Буннан басқа ойына ҳеш зат келмеди. Аздан соң «қып-қызыл қан» тағы «экранға» шықты. Қараўға диңкеси болмады, мийи айланды. Ақыры, шаршап ҳәлсиреген ҳалында уйықлап кетти. Бирақ уйықлап та жарымады. Көзи илиниўден-ақ бир нәрселерди айтып қатты бақырды, гә шалқасынан, гә өңмениней түсип аўнақшый берди. Әлленемирде өз-өзинен шоршып оянды.

Апасы менен ағасы еле уйықламай отыр екен. Әлле неден ҳүрейленгендей бетлерине жалтақ-жалтақ қарап қояды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳе сизлер екенсизлер ғой!—деди әлленемирде тилге келип. Сөйтти де көзин, қайта жумып жатып қалды. Бирақ қайтып уйқысы келмеди. Апасы менен ағасының сөйлескенлери қулағының түбинде нақма-нақ еситилип турды.

— Сорлы бала шаршаған ғой,—деп гәп баслады анасы оны «уйықлап қалды ғой» деп ойлап. —Бир тыным жоқ, ақыры азаннан кешке дейин гезиў. Усы мылтық емес бәле болды. Күнде «бир нәрсе болып қалмағай-дә» деп жағаңа қолыңды апарып отырғаның. Әй, садағасы кетейин, әкелген қырғаўылының да!...

— Өзиң бир обалың жоқ адамсаң-дә! Усы мылтықты «жоқ ет, жоқ ет!»—деп айтқаным қашшан саған, жыламақтан ишеги шықса да берме қолына. Усы мылтық қай ўақ, бир ўақ бизди бийәбирей етеди.

— Қәйдем билейин, аң-қустың гөши саған шыпа бола қояма дегенимиз еди ғой...

— Шүкир, ҳәзир тәўирмиз ғой. Қуда қәлесе, алдымыздағы бәҳәр салыға араласаман ба деп те отырман. Сен басқаны қой, усы мылтықты жоқ ет, қайтып услатпа балаға. Қырғаўылдың гөшин жемесек те қурғулақ болып қалмаспыз. Бул бала бизге абырай әперетуғын түри жоқ. Кешеги келген жасыл қорықшы жигит те «әкесисең ғой, айтың, түсиндириң» деп атыр. Мына совхозда балық өршитип, тоғайларды ўры-бөриден, өрттен қорып жүрген де өзиндей балалар қусайды. Бул оңбағанды аңлып, услап алмақшы да болған ба, қалай-қалай?!

— Әйтеўир де анаў күни биреўлерден қашып киятырғандай болып келип еди-аў! Ол балалар да қызық екен. Буны услағанша Шегир мергенди неге усламайды екен? Сол ғой дуйым журттың аңын қырып болды. Обалын айтсаң-ә!

— Ҳәй, сен басың искен адам екенсең! Обалды билетуғын болғанда әп-әнедей тоғайларды қырықпас еди. Мына отырған тамымыздың орнына дейин жыс тоғай еди ғой...

Бала бул гәплердиң бәрин еситип жатты. Бирақ онда негедур бул айтылғанлардың бирпараларына сөз қосыў, жуўап қайтарыў, яки сораў қойыўға деген қызығыўшылық та болмады. Тек үнсиз жата берди. Деген менен, ойшаң еди. Оны бир нәрсе қатты тыныш-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сызландырды. Ол еле сол жаралы қырғаўыл менен ҳәлек еди. Мына гәплерди еситкенге ме, оның бул ойы әбден тереңлесе берди. «Бийшара қус өлди-аў, — деди ол тағы қайталап.—Сонда мен оны неге үйге әкеле қоймадым?! Қанатын ҳә жақсылап таңғанда ма еди. Жаңа ағам «тоғайды қорып жүрген де, балық өршитип жүрген де өзиндей балалар қусайды» демеди ме?...»

«Ҳаў, тоқта!—деп ойларын даўам етти ол әлле немирден соң. — Олар мени услап алмақшы болған дей ме? Неге? Ағама келип кеткен ким екен? «Айтың, түсиндириң» деп ол сонда нени айтпақшы? Ағама неге мениң мылтық атқаным унамайды? Тоғай, аң-қус жоқ болып баратыр дей ме? Демек, олар қурып питсе, адам да жоқ болады екен ғой...»

Оның усындай ойлардан таңға кирпиги айкаспады. Жаралы қус қайта-қайта ядына түсе берди...

* * *

Баланың бул күнги ерте турыўы күндегиден пүткиллей басқа мақсетте еди. Буған түнги жаўған аппақ қар да себеп болмады. Ол «из түспестен бурын бир нәрсе аўлап қалайын» деген нийетте де болған жоқ. Оның нийети... Оны қандайда бир күш кешеги жаралы қус қалған тәрепке жипсиз жетелеп келе берди. «Өлип қалмады ма екен?—деген ойлардан ети шимиркенип кетти жолда киятырып.—Қар астында қалып қойса, қай жерден табаман?!»

Тоғайға араласар-араласпастан-ақ баланың бул ойлары бөлинип қалды. Дәслеп оның көзине белинде қатары, атын тапырақлатып шаўып баратырған Шегир мерген шалынды. Изинше пута-путалардың арасынан баслары қылтыйысқан майда балалардың ара-тура орынларынан турғанлығы көринип турды.

— Сен арғы мушқа жуўыр! Сен усы жерде бол! Сен анаў өткелге беккем бол!—деп ересеклеў бир жигит оларға көрсетпе берер еди.—Шегир мерген усы жерге келиўден, қыр-дөгерек қоршап аламыз.

— Услаң ананы, услаң ананы! Анаў күнги бала!—деген даўыслар тоғайды басына көтерип кетти соның арасынша.

Енди баланың қус ҳаққында ойлаў түўе, жан саўғалаўы ғәнийбет болып қалды. Ойланып турмастан тек



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғана өзи билетуғын төте соқпаққа түсип, үйине қарай желдей жүйиткиў менен болды.

Бирақ «услаң ананы, услаң ананы!» деген даўыслар үйине келгеннен кейин де баланың қулағының түбинде үзликсиз жаңлап турды...

* * *

Адам бир нәрсеге әдетленсе қыйын екен. Ол ертеңине-ақ мылтықты қолына қалай услағанын билмей қалды. Бирақ, негедур онда бурынғыдай кейип жоқ еди. Күндегидей бүгин «бир де оқты мулт жибермеўим керек, пәлендей аң атаман» деген мақсет те болмады. Ол «алдымнан бир нәрсе шыға қойғай да» деп үмитленбеди де, ал шықпағаны ушын өкинген де жоқ. Оның усы ўақыттағы ҳалын түсиниў қыйын еди. Деген менен, оны бир нәрсе қатты тынышсызландырып киятырғандай еди. Ара-тура жалтақ-жалтақ жән-жағына қарап та қояды. Алға қарай гә жүргиси келеди, гә жүргиси келмейди...

Ол усындай ҳалда тоғайға араласты. Бирақ негедур тоғай оның кеўлин толтырмай қалды. Қанша илгерилеген сайын, шабылған ағашлар, сынып, көмирдей қараўытып атырған үйин-үйин майда шақалар, жер қәддинен болар-болмас көтерилип турған кесинди түбирлер көзге таслана берди. Ол бурында буларды онша абайлай бермейди екен.Бүгин неликтен де сезилерлик дәрежеде болды. Өзин меңиреў шөлистанлықта қалған жалғыз адамдай сезди. Алдынан «пыр-р» етип қус ушпағаны жанына әбден батайын деди. Өлдим азарда бир қус шыққан болып еди, ол да тийдирмей кетти. Бүгин барлығы өзи қырсығына келип тур, биринши рет оғының тиймей қалыўы!

«Не болды екен?—деп өз-өзине саўал қояды. Жуўап жоқ. Әтирапқа қарайды. Жым-жырт, сырдандай дала. Жап-салма, атыз шеллерден басқа нәрсе көзге таслан-байды. Сабанлары алынып, тып-тыйпыл болып қараўытып жатырған салы атызларының ишинде еркс самал керегинше ҳүўлеп тур...

Тап усындай самал Парахаттың жан-дүньясында да ҳүўлеп турғандай. Әлле не оның бойын музлатып жи-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бергендей болды. Рухы түсип, диңкеси әбден қурыды. Ақыры усындай ҳалда үйине қайтты.

Үйи де жай-парахатшылық емес екен. Минекей, ағасының гәпи! «Балам, усы талапты қойсаң-о?» дейди қыйылып.

Растан-ақ бул мылтықтың бир зыяны болғаны ма? Неге енди соншама күйинип сөйлеп, соншама жалынып қарайды?!

Әкели-балалылар еле үнсиз. Екеўи де өз ойлары менен бәнт. «Буған қалай түсиндирсем екен,—деп бас қатырды әкеси.—«Урып-соғыў пайдасыз,—деди-аў анаў күнги бала,—жасаған, өмир тәжирийбеңиз бар адамсыз ғой, өз басыңыздан кешкен ўақыялардан айтып исендирсеңиз де болады. Болмаса аңыз-ертек қусаған бир нәрселер айтып бериң». «Япырмай, қандай ертек айтсам болар екен?» Бул заманның балалары сениң ертек-пертегиңе исене де коймайды,аў! Кел, тәўекел, балалығымдағы сол бир ўақыяны айтып берейин».

Әкеси жуўғарада бул ўақыяны баслап та жибере алмады. Бирақ оны бир қайтара ериксиз еслеп алмаса да болмайтуғын еди...

...Сол күни олар «Көбейкөл»де қайықлы жүрип пишен орып атыр еди.

— Қайтайық, әжаға!—деди иниси бир-еки баў орар-ормастан-ақ орағын қайықтың ултанына таслап жиберип,—бузаў тойғандай болып қалды ғой.

— Ҳәзир қайтамыз, азырақ орыңқырайық!

— Қорқып баратырман.

— О неге қорқасаң? Үйдиң түбинде турып ҳәм қорқа ма екен?

— Анаң қара, ана бир затлар туўры бизлерге қарай түсип киятыр.

— Қәне, қайда?

— Ҳо анаў не?

Ғаз қатар дизилисип киятырған қандайда бир қуслар дизбеги пәл-пәллеп «Көбейкөлге» түсип киятыр еди. Елмурат:

— О, ақ қуў!—деп бақырыўы менен қайықта турғанын да умытып секирип жиберди. Қайық теңселип кетти, қолындағы орағы суўға шомп ете қалды.

— Ақ қуўлар!—деп қайталады Елмурат.—Оҳо, және келгени!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ол не, әжаға?

— Ақ қуў деп турман ғой! Анаң қара, әне түсти...

Ақ қуўлар айдынға келип қонды да, аман-есен жеткенлерине қуўанысқандай қанатлары менен суўды «шаппатлап» ойнап гә жүзип, гә сүңгиди.

— Жүр, жақынлаңқырап көрейик,—деди иниси сол әжайып қуслардай жүзгиси келип.

— Қой, ушырып аламыз. Азанда келип көре қояйық, жүр қайтайық. Және үйдиң иши қорқысып отырған шығар.

— Азанда келемиз бе, әжаға?

— Саған неше рет айтыў керек!

Анасы растан-ақ келмеди ғой дегендей есиктиң алдына шығып, көл бетке көз тигип тур екен. Буларды көриўден:

— Соры қайнағанлар-аў, түн жарпына шекем не бар еди сүрмелекленип,—деди аянышлы түр менен.

— Апа, апа, ақ қуўлар келди!—деп бақырып жиберди Елмурат апасын көриўден,—әне анаў көлге келди.

— Әстерек балам. үйде қонақ бар.

— Ол ким, апа?!—Екеўи бирден жабырласты.

— Дайыңыз ғой. Үсти-басыңызды қағып-силкип кириң.

— О, яшасын!—Балалар бирин-бири ийтерисип ишке сүңгиди. Елмурат келе дайысының мойнынан құшақлады.

— Ҳә өтирикши,—деп қойды дайысының қушағынан босаған бала.

—Тез келемен дегениң қәне? —Дайысы не дерин билмей албырап турды да:

— Келдим ғой, мине!—деп жийениниң бетинен шорп еттирип сүйип алды.

— Маған тайыншақ әкелдиң бе?

—Әттегене-ай, тайды жетеклеп шыға қойыўым керек екен, түпәләм, жигит болып қалыпсаң? — деди Дәрьябай.

— Ҳә бәле еле умытпай жүр екенсең ғой. Ендиги келгенде...

— Пай, бәрҳа ендигиде дей бересең? Өзиң айттың ғой, еле үлкейе бер, оған шекем тайыншағың да үлкейеди» деп... Мине мен енди нәҳән болдым ғой. Енди мектепке бараман.

Қашан?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Тайыншақты әкелип берсең болды...
— Тап ертең әкелип беремен.
— Алдама, яқшы ма?
— Ҳаў, мен сени алдадым ба сирә?
— Олла-билла де!
— Олла.
— Яқ, олай емес.
— Ҳәй Елмурат! Шаршап келген адамның мазасын ала берме,—деди апасы қазанға айналысып жүрип.
— Елмурат деген зор. Шабандоз болады еле!
— Билесең бе, мен деген Алпамыстай болғым келеди. Өзиң қылыш әпермейсең. Алпамыстың қылышы болған.
— Айтпақшы деди дайысы төс қалтасына асыға қолын суғып атырып.—Мен саған базарлық бериўди умытып кетиппен ғой. Мә мынаған қылыш аларсаң.
Бала ақшаны я аларын, я алмасын билмей апасына қарады.
— Алабер деймен!—деп дайысы пулды баланың қалтасына тығып жиберди. Сонда Елмурат қуўанғанынан түрли қыялға берилди. Оның көз алдынан қылыш услаған Алпамыс шаўып өтти. Жаўлар тым-тырақай баратыр. Әне Алпамыс батыр анаў биреўиниң изинен де жетти.
— «Бас-өлтир, усла»—Бала тап бир Байшубардың үстинде отырғандай көтерилип басылып қояды. Бираздан кейин бала тайыншағын минип алып, қылыш услаған қәлпинде ойнап атырған балалардың қасына келип турды. Балалар буны қоршап алды!.. «Ҳәй, Елмурат тайыншағыңды бир шаўып келейин. Қылышыңды бир услап берейин»—деп атыр.
Бала усылайынша өзи менен өзи татлы қыялға берилип дайысының алдында отырған қәлпинде-ақ уйықлап кетти.
...Елмурат әлле неден шоршынып оянды. Апасы солық-солық жылап отыр.
Әкеси ашыўланып:
— Көрдиң бе, бунның ағайиншилигин!—деп қояды.
Баланың уйқысы шайдай ашылып кетти. Дайысы ҳеш жерде көринбеди. «Кетип қалды ма екен?»
— Дайым қайда?—деди тулыптай исинип отырған апасына қарап.
— Ҳәй, ондай дайыңның барынан жоғы!—деп гүңк етти әкеси.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ағасы айтып аўзын жыйған жоқ, апасы орнынан ушып турды да:

— Мә, қараңқалғырыңды қушақла да жат!—деп дийўалға илдириўли турған мылтықты ағасына қарай зыңғытты.—Оннан да, пейлим тар, оңбағанман де! Не қылады берип турғанда, ол бир дийдары қатып келгенди дейсең бе? Ферманың малларына деп қойған қорық пишенин доңызлар «түтип» қоймаған соң келген ғой...

— Ҳәй, мынаның өзи не қылады-әй! Топыраққа от қойсаң да, сениң Дәрьябайыңа қызғыштай қорып отырған мылтығымды бере алмайман. Бундай мылтық ким болса, соның қолына түсе бермейди. Сениң сол мәжгүниңнен «кәпек» пайда көрдим бе?

— Апа,—деди бала орнынан ушып турып,—дайым енди келмей ме?...

— Мына әкеңе дайыңнан мылтығы жақын. Еки ортада мен масқара болдым. Туўысқанлығым қайда?—деп тағы қамсықты.

Бала үнсиз ғана үйден шығып кетти.

Болар-болмас самалдың күшине төтепки бермей-ақ көлдиң суўы сапырылып, жағаға ақ көбиклерди үйип таслаған екен. Бала жағадағы сары қумның бийик, түйениң өркешиндей жерине келип отырды. Көлге «неге шуўылдай бересең» дегендей ойлы көзлери менен бир қарап қойды да, үнсиз ғана қапталынан бир уўыс қум алып, суўыра баслады. Көз алдына ийини түсип, үнсиз кетип баратырған дайысы елеследи...

—Балам-аў, түргелсең-о, шайың болса суўып қалды, —деген апасының даўысы менен оянған бала ишектей ийретилип бет-қолын жуўыўға кетти.

—Айттым ғой, —деди баланың ҳәр бир ҳәрекетинен көз айырмай қарап отырған әкеси.—Усында бир қәрият бар қалайда, қулыншақтай, бала ғой болмаса... Бундай гезимизде бизлер тайдай шапқылап жүретуғын едик, мынаў бала қусап ойнамайды ғой сирә.

—Қәйдем, бурын бундай емес еди. Дайысы кеткели...

—Ҳәй, соның көзи тийген ғой, сирә.

—Қойшы,) қаяқтағы бәлени айтпа. Оннан да, өзиңнен көр. Әкеси қусап бир кеўлин алайын демейсең.

—Мениң қайсы айтқаным болып атыр еле. Тап бир анасын еметуғындай... Әкеси қушақ ашса, бала деген жуўырып келер болар еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Сур жыландай зәҳәриңди жая бересең, бала келе ме саған!

Ҳақыйқатында да, сонда Елмурат әкесинен өзин аўлақ ала беретуғын еди.

Қапашылық басады, мылтыққа суқланып қарап турады да, үнсиз ойға шүмеди, қараңғыда мылтықты алып кетип, таўа алмайтуғын жерге жасырып атырған болады. Буның жүрегинде әкесиниң көз көреки өтирик сөйлегени де, дайысының «лап пенен келип, жап пенен қайтқаны да» умытылмастай уялап қалды. Әкесине ренжисе, дайысын аяп, апасына жәрдем еткиси келип турады. Доңызларды атып таслағысы келеди. Бирақ қолынан ҳеш нәрсе келмейди.

Жалғыз алданышы ақ қуўлар ғана. Ҳәр күни пишенге барған сайын соларды тамашалайды, бала тиймеген соң олар да алысламай тап қапталында жүзип жүреди.

Не деген сулыўлық дейсең! Сап-сары қумның арасындағы оймақтай көл усы бир аўылға тайдың төбелиндей жарасықлы еди. Ырғалысқан көк-көмбек қалың қамыслықлар қыр-дөгерегин қоршаған.

Қуўлар келгели көл және сулыўланып кеткендей болды. Балалар суўға шомылып, қумға аўнап, денелерин қыздырып қуўлардың қызығын көриў менен машқул еди. Қуўлар болса оларды қызықтырған үстине қызықтыра түсти. Айдында селтеңсиз жүзип, селтеңсиз өмир сүреди.

Елмурат сол ўақытлары бәринен бетер палапанына қуштар еди. Базда «Қәне, солар менен жүзип ойнасам» деген қыялларға да берилип жүрди.

—Пай, бала, мына көлди бир қуў қаплапты ма дейсең! —деп тисиниң суўын сорып қойды әкеси бир күни шай ишип отырып.

Бала неге айтып отырғанына парқ бермеди. Апасы және мылтықтың дәстанын қозғап аларман деп үндемеди.

Жатарда әкеси күнде усламайтуғын мылтығын қолына алып, ҳәр бир жерин муқыят тексерип, шаң-шуңын алып, сүмбелеп қойды. Елмурат буны да итибарға алмап еди. Таң ала геўгимдеги мылтықтың гүрп еткен сести ғана оның тула-бойын титиркендирип жиберди...

Бала жуўырып -ақ шықты. Әтирап қулаққа урған танадай жым-жырт, қамыслар да қыймылдамайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Суў да тыныш, қумлар мүлгиген ҳалда. Тек ғана таң самалы майда пәр тозаңларын әлле қайларға алып қашып баратыр.

Бала көз ушында муңлы түрде сап тартып ушып баратырған қуўларды көрди.

Көкиректен суў кешип, қалың қамысты қақ жарып, қазандай қуўды көтерип киятырған әкеси баласын байқамастан өтип кете берди. Баланың иши ғым ете қалды...

Мине оннан берли де қанша ўақыт өтти! Атасының бул аўҳалы бүгин ақлығының өмиринде және қайталанып отыр. Оны еслеў де. айтыў да аўыр! Бирақ айтпаса да болмайды. Бир әўлад қәтелигин екиншиси қайталамағаны мақул. Бул суўық қурал бар жерде...

—Балам,—деди усындай ойларды қыялында кеширген әкеси әлле немирде анық бир қәўлиге келип.—Кел жаныма, жақынырақ кел, мен саған балалығымнан бир ўақыя айтып бермекшимен....

* * *

Гүрриң бала тәрепинен қалай қабылланғанын ҳеш ким билген жоқ. Бирақ бала сол түни ақшам жата алмай шықты. Оның көз алдына және жаралы қус келди... «Мен оны үйге әкелип, жақсылап емлеўим керек еди?...»

Азмаздан соң басқа нәрселер ҳаққында ойлап кетти. «Мен қаншадан-қанша қусларды қырдым!—деп әлле неге ишинен қатты қыйналды. —Олар досларым екен. Енди олар жоқ, енди ондай қуслар жоқ!».

Ядына ағасының айтқан гәплери түседи: «Дүньяда адамнан ақыллы, адамнан ақмақ мақлуқат жоқ. Адам дүньяны жоқтан бар етеди, бардан жоқ етеди. Минекей, мына қуралды да ойлап тапқан адам. Неге енди адам өзи ойлап тапқан сум қуралды өзи жоқ ете алмайды?!»

Бала енди қус ҳаққында да, гүрриң ҳаққында да умытты. Бурынғыдай жаралы қус та көз алдына келмеди. Оның санасында тек бир ғана нәрсе мылтық деген уғым турды. Бул сөз оған кем-кем қорқынышлы туйыла берди. Әлле неге өзинен-өзи жийиркенди. «Мылтық» деген сөзди пүткиллей санасынан шығарып таслаўға тырысты. Оны көргиси келмегендей көзин жумып тез уйықлап қалғысы келди. Уйықлай алмады. Қос аўызы үңирейип, қабырғадан сығалады да турды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бурын абайламапты. Жүдә қорқынышлы екен, бир-еки ирет суқланып қарап қойды. Және көзин жумды. Көзин жумыўдан үңирейген қос аўыз және пайда болды.

Енди уйықлаў мүмкин болмай қалды. Ақыры болмаған соң, орнынан ырғып турды да, мылтықты илиўли турған жеринен жулып алып, дастығының астына қойып жатты. Бәрибир, мүмкин емес екен. Үңирейген қос аўыз көз алдында турды да қойды...

«Таң атса болар!» деп бир нәрсеге қатты түйинди ишинен.

Ырыл-тырыл таң да атты. Бала ҳәммеден бурын орнынан турды да, мылтықты алып ҳеш кимге сездирместен үйден шықты. Ол ойланып турмастан, туўры аўылының арқасындағы көлге қарай тартты.

Көл суўы еле қайта қоймаған еди. Бала көл жағасына келди де, әлле не үстинде қатты ойланып турып қалды. «Минекей, мына қуралды ойлап тапқан адам, —деди ишинен әкеси айтқан сөзлерди қайталап, —неге енди адамның өзи ойлап тапқан нәрсеси өзине жаў болады?! Неге енди адам өзи ойлап тапқан сум қуралды өзи жоқ ете алмайды?!»

Көз алдына сап тартып ушып баратырған муңлы қуслар дизбеги келди...

«О, бийшара қуслар!... Сизлер ушып баратырсызлар. Бәлким келерсиз, бәлким келмессиз. Бирақ, сизлерден өтинерим—сәл егленип, кейниңизге бир қарап кетиң?!

Өтинемен, меннен түңилмең, адам деген аттан түңилмең! Адам өзи ойлап тапқан қуралды өзи жоқ та ете алады!»

Усы ойлар баланың қыялынан кешип үлгерген жоқ, көлдиң суўы шомп ете қалды. Бирақ мылтықты қайтып алыў баланың нийетинде де болған жоқ...

*1978-жыл.*

## ҚУС ҲАҚҚЫНДА ЕРТЕК

Бир бар екен, бир жоқ екен. Бир елде, бир патшалықта бир бала болған. Ол соныңдай сулыў-көзлеринен гәўҳардай нур шашырап турған. Писте мурын, бадам қабақ, жүзлери айнадай тегис. Бирақта баланың ҳеш бир досты болмапты. Неликтен де балалар оның



www.ziyouz.com kutubxonasi

менен досласыўды хош көрмейди. Буған баланың қатты ызасы келип, дос излеў ушын ел аралап кетеди.

Анда-мында барады. Арадан айлар, жыллар өтеди. Бала ҳеш жерден дос таппайды. «Дос болайық» деп жалынған балалары!

—Сен жалқаўсаң, сыпайы сулыўсаң—деп ермеклейди. Бала буған ашыўланып, үстиндеги жалт-жулт еткен ҳасыл кийимлерин отқа таслайды. Соңынан олпы-солпы кийинип, туўылған аўылынан раўан болады. Бир бай теректиң қасына жақынлай бергенде, оны әжайып қус тоқтатып:

—Ҳәй, бала, сен дос излеп жүрсең бе?—деп сорайды.

—Аўа. Бирақ ҳешкимниң де мениң менен дос болғысы келмейди...

—Олай болса, екеўимиз дос болайық. Бирақ, мен сениң алдыңа бирнеше шәртлер қояман. Соны орынлаўың керек, яқшы ма?—дейди қус.

Бала бирден қуўанып кетеди. Дәрҳал оның менен дос болыўға бел байлайды.

Дос болсаң болды ғой. Шәртлериңниң бәрин айт, орынлайман—дейди.

—Бириншиден,—дейди қус: —маған шертегиңниң төбесинен жақсылап қойып уя соғып бересең. Екиншиден:—мудамы бир-биреўимизге ғамхор болайық.

Бала келиседи. Сөйтип қусты үйине алып қайтады.

Баланың үлкен бағы бар еди. Онда түрли-түрли гүллер өскен. Алма, шабдал, ерик, алмурт, әнжир жүзимлер писип аўызыңның суўын қуртады. Мийўалары шийрин. Мине усы мазалы мийўаларды жеп бала ҳәз етип жүрер екен. Қоңсы балалардың көзин қыздырып, оларға нәрсе жегизбейди екен. Усыны түсингендей жақын жердеги қуртлардың ҳәммеси баланың бағына ҳүжим жасапты Жапырақларды қыйып, мийўалардың ишине түсипти. Бағдың шақалары кем-кем қуўрай баслапты. Бала терең ойға шүмипти. Ақыры ҳеш нәрсениң есабын таппай:

—Енди не ислеўим керек?—деп қус достына ойласыпты.

—Қорықпа, достым,—деп жубатады қус· —мен өзим жәрдем етемен.

Ҳақыйқаттан да, қус солай етеди. Қанатынан бир дана пәрди жулып алады да балаға «мә, тутандыр» дейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Демниң арасында тып-тынық аспанды қуслар қаплап кетеди. Олар бәри бағқа келип қонып, бир заматтың арасында қуртларды набыт етеди.

Арадан көп ўақыт өтпей-ақ баланың бағы қайтадан жасарады. Бүлбиллер сайрап, гүллер қайтадан жайнап кетеди. Мийўалар писеди. Енди баланың кеўли көтериңки. Талабы қыдырыў болады.

Күнлердиң күнинде қус қатты аўырады. Палапанларына азық әкелип бериўге да ҳалы келмейди. Аўҳалы күннен-күнге төменлейди. Палапанлар болса азаннан кешке дейин уясында шырылдап турады. Бирақ бала буған ҳеш бир жәрдем бермейди. Палапанларға, қусқа дән әкелип салмайды. Олардың сестин еситпегендей болып жүре береди.

Қустың жылан деген ата душпаны бар еди. Ол да уядағы аўҳалдан хабардар. Мине, усы пайыт жыланға оң түсти. Сөйтип күнде қустың бир палапанын әкете беретуғынды шығарды. Бала буны сезсе де жәрдем бермейди. Қайтама басқа жаққа қашып кетеди. Ақыр аяғында қустың палапанлары жыланға жем болып, ол усында жалғыз өзи қалады. Аўыр қайғыға дуўшар болған ана қус буған шыдамай балаға өкпелеп, алыс жақларға ушып кетеди.

Жыллар өтеди. Бирақ сол кетистен қус қайтып келмейди. Баланың бағы зимистанлыққа айланады. Гүллер қулпырмайды, бүлбиллер сайрамайды. Мийўелер таўсылып, ағашлар қуўрап қалады.

Әне, сол бала елеге дейин мазалы мийўаларды жей алмай жүрген қусайды.

*1970-жыл.*

## САҒЫНЫШ

...Апам узынына түсип, солық-солық жылап атыр екен. Жүзлери—айғыз-айғыз, қабағы-исик. Мени көрди де «Аҳ, Муратжан» деп саз даўысқа салып жылап қоя берди. Не қыларымды билмей, қатты албырадым. Апамның бундай етип жылағанын бурын көрсем еди, сирә!

—Не болды, апа, айтса, —деп атырман ғамхорсып.

—Кемпир апаң көз жумыпты...

Жүрегим елжиреп, жылағым келип кетти. Көз алдымда, апама усап маңлайындағы әжимлери толқын-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дай ийретилген ақ жаўлықлы, кемпир апамның сол бир келбети елеслеп кетти.

Әне анаў оның үй алдындағы питпей қалған басқуры...

Шоршып кеттим. Оҳ, қандай ақмақ болғанбыз—әй! Бирақ, усы ўақыяға мына бизлер гүналы ма едик? Ямаса...

Ўақты-ўақты кемпир апам үйге келип-кетип туратуғын еди. Үйге келсе, әлбетте, қарап отырмайды. Апамның қолы тиймей атырған жумысларын ислеп, көрпе-төсеклерин жаңартып кететуғын еди.

Бизлер кемпир апамызды сондай жақсы көргенликтен, келген сайын, келе берсе дер едик. Ал, қайтпақшы болса,

—Кетпесе, апа, кетпесе?—деп етегине оралып тапжылтпай турып аламыз

Жаз келди. Апам жыл қусындай жылдағы келетуғын ўақтында келип жетти. Бундағы бизлердиң қуўанышымызды айтпайсыз ба? Бирақ бул қуўанышымыз көпке бармай-ақ түс көргендей тарқалып кетти. Неге екенин билмеймен. Қәпелимде кемпир апам үйине кетти де қалды. Кетеринде қайта-қайта бир нәрселерди айтып, жаўлығы менен көзин сүртип атырғаны ғана ядымда бар.

Кемпир апам бизиң үйге келген менен арқайын ғана қарап отырмастан. анаў-мынаў жумысларға қол-қабыс тийгизетуғын еди. Сонда киши-гирим жумысқа Асанды «шапқылап барып кел қарағым» деп жумсап алады. Бирақ, бир күни Асан сәл жерде кеўлине кемпир апамды жақтырмай қалды.

—Сен, кемпир, өзиң қалай-қалайсаң!? Бәрҳа мени ҳәр жаққа жумсағың келеди де турады. Үйиңе қайтсеш, бүйерде жүре бергенше!—депти.

Тап соннан соң кемпир апамның түси өзгерип кетти. Үйге келип көсилип жатып алды. Ҳәттеки, әсте-әсте солқылдап жылады.

Таң атқан соң қаншама жалынсақ та, жолға раўана болды. Билмеппиз, бул оның бизиң үйге ең соңғы келиўи екен...

Асан да, мен де оқыўшымыз. Оқыўды тамамлап, каникульға шықтық.

Мине, усы ҳәзир каникуль қушағындамыз. Ағам да, апам да үйде. Тек те кеўлимиз әлле неге қарар таппай



www.ziyouz.com kutubxonasi

жүрипти. Ол да болса, қәдимги үйге ай сайын қыдырып келе беретуғын кемпир апамыздың жоқлығы... Асан кемпир апамның баяғы зейнине тийгенине енди өкинген қусайды. Ол меннен де бетер жолға узақ тигилип қарайды. «Кемпир апам қашан келеди? Айтса, апа»,—деп отырып алып ойға шүмеди.

Әттең, әттең, сол ўақытта ол үйге кирип келер ме еди?!

*1970-жыл*

## ДӘСЛЕПКИ БЕС

Оқыўдан келсем, апам менен ағам тағы да мен ҳаққында сөйлесип отыр екен. Ағамның: —усы күнлери Полаттың өзи қалай-қалай болып баратыр?—деген гәпин қулағым шалып қалды. Дәрҳал сабақ таярлайтуғын бөлмеме кирип кеттим. Сөзлеримниң рәмаўзына қарап қысқыға түсетуғынлығымды билип турман. Көп күттирмей ағам:

—Полат, мында кел, —чай иш, —деп шақырды. Илажсыздан жүрегим муздай суў болып, олардың үстине сызылып бардым. Илла деп аўзымды ашпай, үн-түнсиз қос диземе қонып отыра бердим.

Чай ишип болғаннан кейин дастурхан басынан енди тура бергеним, ағам «отыр» деп костюмымның шалғайынан әсте тартты. Ишим «ғым» ете қалды. Ағам жақында ғана сапардан келген еди. Келгели бери мениң менен бир аўыз да сөз сөйлесе алмай жүр. Ырасын айтқанда, ағамның көзине көриниўге уялып жүрмен. Себеби, өткен шеректе химия пәнинен төмен баҳаға шығып едим.

Ҳәзирги ҳалым оғыры мүшкил. Бууўылған сипседей бир қысым болып, бир жағынан қорқып, бир жағынан уялып та отырман. Бирақ, ағам бақырып-шақырған да жоқ. Сыпайы сөзлер менен өзиниң нәсиятын айтып қойды. Соның өзи де маған жеткиликли еди. Уялғанымнан қып-қызыл бурыштай болып қызарып, қолымдағы бир полки нанның шетинен унырата бериппен. Дастурхан үсти майда усақларға тап бир таўықларға дән шашқандағыдай болып жайрап қалыпты. Ағам қол саатына бир қарап қойды да: —Балам, усы шеректе ғайрат салагөр, қалайда, «еки» алмаўға тырыс, —деп орнынан турды. Мен ләм-лим демей, тек ғана «яқшы»



www.ziyouz.com kutubxonasi

дегендей басымды ийзедим. (Апам менен ағам меннен басқа ҳеш қандай тырнақ көрмеген еди). Апам болса:

—Япырмай журттың балалары салған төсектей-аў, салған төсектей, мениң Полатжаным.., деп әлле бир нәрселерди айтып гүбирленип қалды.

Соннан берли оқыўға барып-келип жүрмен. Үшинши шеректиң басланғанына да әдеўир ўақыт болып қалды. Химиядан басқа сабақлардың барлығынан да журнал бетине азлы-көпли өзгерис киргиздим. Әттең, химия... Сол бир элементлердиң белгилери аяғыма тусаў болды да жүрди. Бирин билсем, бирин билмеймен. Бирине бирин шатастырып алып жүргеним... Химиядан еки ирет төмен баҳа алып қалдым. Ядымнан ағамның айтқан сөзлери шықпады.

«Балам, усы шеректе ғайрат сала гөр. Қалайда «еки» алмаўға тырыс»,—деп ағам бәрҳама қулағыма сыбырлап атырғандай болады да турады. Ал мен болсам «еки» алып бозда ойнақлап жүрмен. Қайда кетти сол сөзлер?! Қалай, қайткенде мен ағамның тилегин орынлап, «еки»лерден қутылар екенмен? Усы химияға мен неге әзелден түсинбедим? «Еки» менен «үштен» басқа бир де жақсы баҳа алмаған екенмен?! Қашан анаў Мақсетлердей болып «бес» деген баҳа алар екенмен?!

Әне, усындай ойлар мени жегидей жеп, тынышсызландыра берди. Усылайынша абыржы болып жүрген күнлеримниң биринде класс басшымыз Әбдимурат аға —соңғы сабақтан кейин класс жыйналысы болады,—деди.

Бул жыйналыс та ҳәр қыйлы талас-тартыслар менен бираз ўақыт даўам етти. Әлбетте мениң үстимде де гәп болмай қалған жоқ. Қатты әшкара етти.

—Полаттың бул әдети жақсы емес, үшинши шеректе де төмен баҳа ала берсе, класста қалып қояды. Үшинши шерек—шешиўши шерек. Соның ушын да бизлер оны өз қатарымызға қосып алыўға тырысайық,—деген пикирлерин айтты.

Сол күннен баслап мени Парша менен Мақсет химия пәни бойынша өзлериниң қәўендерлигине алды. Ҳәр күни бизлер бир жерде бас қосып, сабақларға бирге таярланып жүрмиз. Парша менен Мақсет айрықша баҳаларға оқыйды. Олар маған өз билгенлерин қалдырмай үйретип жүр. Әсиресе химия пәни бойынша сабақ таярлағанымызда айрықша кеўил бөледи. Түсинген



www.ziyouz.com kutubxonasi

адамға химия қыйын емес екен. «Химия қыйын, ашыйды мийим» деген жалқаўлардың қурғақ гәплери де санамнан биротала шыға баслады. Кем-кемнен элементлердиң белгилерин де ядқа билиўге қарадым. Әлбетте, бул өзгеристиң барлығы да Парша менен Мақсетбай қусаған досларымның арқасында болып отыр.

Мине, бүгин де үшеўимиз биригип сабақларға таярланып отырмыз.

Бул күнниң ертеңине мен оқыўға күндегиден де ертерек бардым. Өзимше, қай-қайсысынан да сораса, айтып беретуғындайман. Химияның болыўын асығыслық пенен күттим.

Бириниң изинен бири өтип химия сааты да келди. Муғаллим журналды барлап болғаннан кейин, үйге берилген тапсырмаларды сорай баслады.

Бәлким, таң қалғанда шығар, қол көтерип отырған мени көрди. Доскаға шығып билгенимди сөйлеп бердим. Муғаллимниң кеўлине унаған болыўы керек, нәтийжеде журнал бетине «бес» деген баҳа түсти. Мен күнделик дәптериме алған баҳамды қойдырып атырғанда:

—Әне усылайынша ҳәмме ўақытларда оқып жүриў керек. Оқысаң, биледи екенсең ғой,—деп муғаллим арқамнан қағып-қағып қойды. Мен муғаллимниң маған сүйсингенин билдим. Себеби, муғаллим бирдейине бундай емес еди. Тек ғана өз шәкиртлерине кеўли толғанда, усындай жақсы сөзлерин айтар еди. Мениң бул «бес» алғаныма класымыздың барлық оқыўшылары қуўанды.

Сабақ тамам болыўдан гүллән оқыўшылар мени қыр дөгерек қоршап алды. —Бизиң Полат зор! Ура! Яшасын!—деп барлығы қолымнан қысып, жыллы сезимлерин билдирип атыр. Әсиресе, Мақсетти айтсаң-о, қайта-қайта қолымнан қысып, меннен де бетер қуўанып жүр. Жаўдыраған қара көзлер арасынан Паршаға көзим түсип кетти. Оның жүзи жайнап тур. Оған рахмет деп айтқым келеди, бирақ неге екенин билмеймен, ол еситпей қалар деп айтыўға қысынаман.

Қуўаныш! Қуўаныш қойнында алып-ушып турман. Қандай да бир күш үйге қарай ийтермелегендей болады. Ҳәзир үйге қарай жуўыраман. Үйде ағам-апам отырған шығар. Енди олар қуўанады.

Тезирек үйге!

*1971-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚУТЛЫАЯҚ

*(Гүррин)*

«Панқ» еткен сестен селк етип ояндым. «Атты-аў деп гүбирленди апам. —Қоңсысы қурымағыр жаман болса берекетин қашады. Шөжеси жойтылса да бизиң ийттен, қаўыны желинсе де бизиң ийттен көретуғын еди. «Бир ҳасыл ийт еди» деп, ағам да сөйленип жүрип сыртқа шығыўға қайымласты.

Орнымнан ушып турдым да, кийинер-кийинбестен далаға жуўырып шықтым.

Жуўырып киятырман, жылап киятырман... Шынында да бир ҳасыл ийт еди ғой. Қалайынша ҳасыл демессең! Қутлыаяқ рас-ақ сени атты ма екен?...

...Бизлер оның менен дос едик. Қутлыаяқ пенен бирге мектепке де барып-қайтып жүретуғын едик. Жоллар да қыйыр-шыйыр. Тилдей соқпақтан шеңгелге тырналып зордан жүресең. Алдымыздағы жол баслаўшымыз сол Қутлыаяқ.

Бир күни қалың қар жаўды да, үйге қайтыўымыз қыйынға соқты. Сонда да улпа қарды женшип басып жүрип киятырмыз. Портфельлеримиз де аўырласқандай. Сөйтип киятырып мына қарда ойнағымыз да келип баратыр. Өзи тунғыш қар...

Кейниме бир қарасам, Орынгүл қарға омбалап, портфелин алалмай атыр екен. Басыма бир ой сап ете қалды. Дәрриў портфельлерди шандып байлап, Қутлыаяқты шақырдым да, арқасына таңдым. Бир ис питкендей Орынгүлге қарап едим, ол ишек-силеси қатып күлди.

Солай етип, портфельлерди ийттиң арқасына таңып жибердик те, өзлеримиз қарда ойынды қыздырып қала бердик.

Бираз ойнап болғаннан соң үйге қайттық. Бирўақта алдымыздан Қутлыаяқ шықты. Ийтлер менен таласқан ба, портфельлердиң аты-заты жоқ. Пай, өзиниң түсимпазын қәйтерсең, дәрҳал қасыма жуўырып келип, қуйрығын былғаңлатып қаңсылады. Ашыўым келип, «жит» дегеним сол, басын төмен алып, әлле қайларға «жуўырып» кетти.

Ол сол кетистен кешке шекем ҳешкимниң көзине түспеди. Кеште мен оны үйдиң алдында аўзына портфельлерди тислеп келип турған ҳалында көрдим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди, мине, сол ийт қылаплық қылған-емиш...

Ийтти растан-ақ атқан екен. Қоңсымыздың ҳәреминиң түбинде көзлери гәўҳар тастай жылтырап өлип атырғанының үстинен шықтым. Сол ўақлары таўық кетектиң қапталындағы бүктиң астынан аўзы қып-қызыл қан болып шығып киятырған қоңсымыздың өзиниң ийтин көрип қалдық. Еле шаўқымы басылмай, сол қатарда сегинип жүрген қоңсымыз ийтин көрип:

—Ўақ, атаңа нәлет-әй, сен бе едиң? Әкел мылтықты! —деўи менен үйине жуўырып кирип кетти...

*1973-жыл*

## ЖӘНЕ БӘҲӘР КЕЛДИ...

*(Гүррин)*

Бәҳәрде қуслардың көбейип кететуғыны ҳәммеге мәлим ғой. Қуслар келгенде қуўанбайтуғын бала бола ма? Көпке усап Бахыт та қуўанды. Бирақ оның қуўанышы басқалардикине ҳеш қандай да усамады.

Оны бир нәрсе қатты қызықтырды. Усы бир сары шымшық қыялынан шықпай-ақ қойды. Суп-сулыўын қәйтерсең! Әнекей, шақадан шақаға секирип, ушып-қонып жүр. Ҳәсениң рогатка болғанда ма?!

Бала оқыўдан келди де, портфелин ылақтырып таслап, склад жайға сүңгип кирди. Складтың астан-кестенин шығарып, әлле қандай бир нәрсени излеп зерзебили шықты. Бирақ керегин ҳеш жерден таппай-ақ қойды.

Ернин тислеўи менен көшеге шығып, жән-жағына қарады. Үйдиң алдында үкеси де велосипедтиң қоңыраўын шыңғырлатып тур екен. Бала жерден жети қоян тапқандай қуўанып сала берди. Демек, ис питти дей бер. Ҳәзир оқыўға кете берсин...

—Қуўат!—деген даўыстан аңсыз турған иниси селк ете қалды.

—Неўе, әжаға!

—Оқыўыңа зытпайсаң ба?

—Кетемен ғой.

—Қашан?

—Кетемен дедим ғой.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Кетсең, кетсеш енди, не қылып турсаң зиңирейип!

Иниси велосипедин дийўалға сүйеди де, портфелин алыў ушын үйге кирди.

Ол дәрҳал велосипединин камерасына қол урды. Қыйыншылық пенен өлдим азарда алды да, дөңгелектиң сыртына қайтадан покрышканы кийгизди.

Бахыттың не ислеп қойғанын өзинен басқа тири жан билген емес. Ол неден қорқады? Мине, қолында рогатка, қалтада қорғасындай бақаншақ тас, тийсе силесин қатырады ғой.

Бағ ишн сары шымшықтың шадлы намасы менен әжайып бир муқамға дөнип тур еди. Ҳеш қайсысы буннан сетем алмайды. Тап бир «гөкек-бә» ойнаған балалардай бирин-бири қуўысып, ана ағаштың тасасынан бир, мына ағаштың тасасынан бир шығып жүрди. Алма ағашының уша басындағы шымшық әлле неге өкпелегендей төмен қарап ҳеш нәрсе менен иси болмай отыра берди.

Көкжал қасқырдың өристиң ортасына шаппай, шетшебиринде жүрген биреўин аңлаўсызда қағып кететуғыны сыяқлы, Бахыттың да аңлығаны усы шымшық болды. «Мерген болсаң ушардан ат,»—деп толып-тасып қойды «мылтығын» оқлап атырып.

«Мерген»ниң қолындағы барынша керилип турған резинаның жылаўы жаздырылып кетти де, моншақтай тас ҳаўаны қақ жарып алға зыңғыды. Алма ағашының шақасы әлле қандай бир нәрсени сезгендей «шырр» етип қоя берди. Сабағында сарғайып, ақыры үзилген алмадай сары шымшық та жерге торс етип түсти. Қасына «мерген» жетип келгенде де қашып қорғанайын деген нийети болмады, тырп етпей жата берди. «Мерген»нен басқа бағ ишиндегилердиң «бәри» әлле нени сезгендей мүлгиўи менен жердеги «жәниўар»ға тигилисип қалыпты. Әлле қандай бир нәрсени сорап турғандай? Сары шымшық тил қатпады. Бәҳәр самалы оның мамық пәрлерин қаншелли сыйпалап өтсе де, дөгерегине бас көтерип бир қарамады...

Кешқурын сәррийип қатып қалған шымшық денеси үйдеги ала пышықтың алдында жатты.

«Дәмиккеннен қуныққан жаман» дегендей ертеңине де Бахыт кәсибине қуштар болып турды. Ала пышық кешеги гөштиң мазасы аўзында татып турғандай еринлерин жалап, муртларын сыйпап қойды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул рет Бахыттың бир өзи мергенлик еткиси келмеди. «Ертип шығаман ғой»,—деген ой менен Кәраматдийинниң үйине келди.

—Қолым тиймейди,—деди Кәраматдийин «ойнайық» деп келди ғой деп пәмлеп. Бахыт ләм-лим демей тура берди.

—Не қылып турсаң,—деди Кәраматдийин ақыры шыдамай—яки сабақ таярлайық деп келдиң бе?

—Жақ.. Мыналарды не ислемекшисең?—Бахыт айнадай етип сүргиленген өлшенип-шенеп кесип қойылған тахтайларды көрсетти.

—Усыны да билмейсең бе? Уя ушын ғой.

— Уяны не қыласаң?

—Не қылатуғын еди? Бағқа илдирип қояман—дә! Сизлердиң муғаллимиңиз айтпады ма? Көрдиң бе, анаў қуслардың не деп турғанын?

Бахыт бағ тәрепке көз тикти. Тап кешегидей сары шымшықлар шықылық-шықылық етип, шақадан шақаға тынымсыз секиреди. Оларға дән керек, уя керек...

Бала әлле неден қорыққандай түршигип қоя берди. Көз алдында сары шымшықтың сәррийип қалған өли денеси жатты.

Бала келген жумысын да айтпай үнсиз ғана үйине қайтты.

Ол ағаш та, әйнеккиш те, пышқы да, қулласы керек-жарақтың бәрин де тапты, уя да соқты. Оны бағына илдирип те қойды. Бирақ сол жылы ол бағ ишинде қанатлының қарасын да көре алмады. Оның соққан уясына тек ғана жел кирип, жел шығып турды.

Уя да тозыўға қарады. Жазда күн жеп ғажыды, гүз оның ишине өзиниң алтындай сары жапырағын қалдырды, қыс суўығы шым-шытырық торлар салып, қараўытып жиберди. Және бәҳәр келди...

Бахыт қуслардың келиўинен еле дәмедар еди.

Қуслар шад болып сайрап, шақадан-шақаға қонып жүреди. Уяда сары тамақ палапанлар шырылдайды. Бала дән әкелип салады. Мине, булардың бәри оның таң алдындағы түслери ғана еди.

Ол мудамы қустай сергек жатар еди. Қандайда бир әжайып қустың сайраған сести баланың уйқысын шайдай ашып жиберди. Тап бир оны бағқа шақырып атырғандай сезилди де турды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол баҒ ишине нәзер таслады. Бирақ ҳеш зат көрмеди. Қус және сайрады. Тап баяғыдай сары шымшық оның уясынан басын шығарып тур екен. «Енди ушырмайман» деп қойды бала.

Көп күн өтпей-ақ ески уяның қапталында жаңа уялар пайда болды...

*1974-жыл.*

## ЕКИ ТАЙЫНШАҚ

(*Гүрриң*)

Бир тайыншақ еншиси еди. Шаруадағы дайысы кешеги келгенинде әкелип кетти.

—Жийенимниң қолында жүрип үйренгени жақсы. Еле берин минип жүре ме депти. Жийени қуўанып қалып еди. Жақыннан бери өкпеси қара қазандай қусайды. Тайыншақ қашып кетипти.

Бул хабарды еситкен дайысы және келди. Тайыншақты қайтып әкелипти.

—Қораға тас қылып бир-еки күн қамап қой. Үйренискен соң ҳеш жаққа бармайды. Ал жийеним беккем бол, жақсы аттың туқымы. Тойға шабасаң еле...

Қашып кете берген соң, пайдасы не? Тайыншақ бирде келип, бирде кетип жүрген соң, баланың той менен де, тайыншақ пенен де иси болған жоқ. Оқыўына қатнап жүре берди.

Бир күни ағасы :

—Тайыншақты сатып жиберейик, балам, —деп оның алдына келди. —Оның орнына бир велосипед алып берейик саған...

Бала қайтама қуўанып кетти. Мектепке велосипед пенен зырлап барғанға не жетсин! Ана жылтыраўық ручкасына мақтанып жүргенлерди мингизбей кетеди ғой еле...

Соның менен тайыншақ сатылып кетти. Бирақ және бир тайыншақлы боламан ғой деп ойлаған жоқ еди.

Ол суўдың ишинен табылды. Суў болғанда да шалшық суў. Бийшара аўзы-мурнына суў кирип, орнынан тура алмай тарбаяқлап атыр екен. Дөгеректе жылқы атаўлысы көринбейди. Тек ғана сабаттың қапталлары жайнаған туяқ излери...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ағасы екеўи оны үйине алып келди. Бала болса пәрмана болып жүр. Алдына шөп салады, сүт қояды. «Суп-сулыў екен» деди ишинен. Қәйткенде де, бир тайыншақлы болып қалды. Бирақ Тайыншақ кимдики, ол не қылған тайыншақ?..

—Ийеси шыққанша, сақлай турайық,—дейди ағасы. Балақылар емес:

—Ол өзимниң тайыншағым ғой. Мен таўып алдым.

—Таўып алған зат сеники бола бермейди, балам.

—Яқ, бәрибир, меники!

Бахтыңа, ийеси де хеш жерден шықпады. Ағасы сорастырып көрип атыр.

«Әй сирә: ферманики шығар-аў» деген ойдан да аўлақ емес. Бирақ мына баласы түспегир...

—Тайыншақ керек болса, неге анаў күнгини саттырдың, —деп урысады анасы.

Урысса-урыссын, бәрибир тайыншақты бермейди. Бир жақсы тайыншақ екен-дә, ақыры. Сирә қашып кетпейди. Әбден үйренисип қалды. Бирге ойнайды. Жолға шабады. Тулпар деп усыны айт! Қулдырап шаўып Мураттан озып кетеди хәм анадай жерге бармайақ иркилип мойнын бурып қарап турады. Соңғы күнлери буның менен мектепке ерип баратуғын әдетти шығарды. Талай сапар қуўып та көрип атыр... Мейли, барса, бара берсин-аў, бирақ әлле қәйтип... Не деген менен ақылы барға усайды. Бул сабақтан шыққанша, тапжылмай күтип турады. Түсимпазын қәйтерсең. Баланың қуўанғанын. я қыйланғанын биле қояды..

Бир күни ағасы жаман хабар таўып келди. Тайыншақ ферманики болып шығыпты...

—Бәрибир, бермеймен!

—Бермесек, болмайды, балам, —деп түсиндирген болды әкеси.—Анаў жылқыман бийшараға жәбир болатуғын болды.

Қылар емес. Қораны тас қамал етип қулпырып таслады. Өзинен басқа тири жанды жолатпайды.

—Тайыншақ сатып алып бере қойың. Бәрибир, бермеймей. Айтпашақ, бизиң велосипедти сатып, орнына тайыншақ алың...

—Оған тайыншақ келмейди ғой, балам.

—О, неге? Тайыншаққа велосипед келеди. Велосипедке неге тайыншақ келмейди?

Қулласы, оның менен келисиў қыйын болды. Егиз



www.ziyouz.com kutubxonasi

қозыдай тиртеклесип еле жүрипти. «Жүре берсин-аў, әттең...»

...Азанда мектепке келсе, Жақсылық жолдан ақша тауып алыпты. 100 сом!

—Кимдики?—деп бир-бирине ҳайран қалып қарасады балалар. Ҳеш ким үндемейди.

—Өзиң алсеш,—деп биреў ойланбай айтып салды.

Класста шаўқым көтерилди.

—Муғаллимге айтамыз. муғаллимге айтамыз!

—Неге айтасыз?—деп уртын томпайтты таўып алған бала. —Мен оны ийесине тапсырмақшыман.

—Ийеси ким?

Соның арасынша муғаллим де келип қалды.

Арадан бир күн өтпей-ақ ақшаның ийеси де табылды. Бир ғаррының пенсия ақшасы екен. Бийшара ғарры қуўанғанынан Жақсылықты баласындай баўырына басып, қайта-қайта сүйип атыр.

—Өнип-өсерсең, балам. Әне, адам деген усындай болыўы керек!

—Жарайсаң, Жақсылық!—деп муғаллим де мақтады. Таўып алған затты ийесине тапсырыўдың өзи үлкен адамгершилик. Бизлердиң арамызда таўып алған затын ийесине тапсырмай қалатуғын балалар жоқ. Солай емес пе, Мурат?

Муғаллим оны жақсы көретуғын еди. Сонлықтан, оған көзи түсип кетти де, солай деди. Бирақ буның тайыншақ таўып алғанынан бийхабар еди. Бала селк ете қалды. «Қайдан билип қойды екен?» Ол биразға шешем бурыштай қызарып отырды да, орнынан турып:

— Муғаллим, мен де тапсыраман!—деп айтыўы мәттал, төмен қарады. Бети нарттай жанып баратыр.

— Нени?

— Тайыншақ таўып алған едим...

Баланың даўысы бир нәрседен қорыққандай қалтырап шықты. Бирақ, неликтен де ҳәмме оған сүйсинип ҳәм таңланып қарады.

Ертеңине тайыншақты иләжсыз фермаға узатып салды. Жәниўар кейнине жалт-жалт қарап кетти.

... Таң алдында әлле неткен дүбирлиден Мурат шоршып оянды. Байғус тайыншақ қораның қасында айланшықлап, ким шығар екен дегендей есикке мойнын созып, дилгир болып тур екен...

*1975-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# АЛА СЫЙЫР, ҚАСҚЫРЛАР ҲӘМ КИШКЕНЕ БЕРДИБАЕВ ҲАҚҚЫНДА БИР ўАҚЫЯ

*(Жайлаў жазыўлары)*

Оның кишкене ғана көк дәптери усылайынша аталар еди. Оқып көрдим де, «шынында да солай емес пе?» деген ойға берилдим. Және бир ой келди... Ақыры, бул «дәптерди» сизлерге усынып көриўди мақул таптым.

### 1. Ала сыйыр—суғанақ...

Сыйырлар шөрек жейди...

Буны көп адамларға айтсам, инанбайды. Мен болсам буған «күйип-писемен».

Бул жайлаўдың тарылып, от-шөптиң таўсылып турған мәҳәли еди. Ертең—бир күн жазлаўға көшип кетиў алдында тур едик. Ҳәмме нан-шөреклерин жаўып, буўынып-түйинип атыр. Маллар болса өкирең қағып мөңиресип жүр.

Қәпелимде ала сыйырымыз жоқ болып кетти. Аяғыма қоз басылғандай өрден-ыққа жуўырып-жортып жүрмен. Туў Қызылжарға шекем барып қайттым. Жоқ, ақыры, ағамның өзи:

— Ҳәй, излемегенсең ғой!—деп атқа минди.

— Бар, Бердибай ағаңа хабарла!—деди апам.

Бармаўға болмайды. Пәйик болып жуўырып кеттим.

— Ассалаўма-әлейкум!—деп қапыдан кирип келсем, үйде ҳеш ким жоқ. Төрги бөлмеде биреўлер сыбырлап сөйлескендей болады.

— Бердибай ата!—деп қаттырақ даўысладым. Бул ретте де сес-семир болмаған соң, қапыны ашып кеп жибердим.

— Мө-ө!—деп бас көтерди ала сыйыр. Айтпадым ба, Бердибай атаның бир самар шөрегин қалай болса солай гүйсеп тур екен...

### 2. Суғанақ сыйыр—ақыллы сыйыр.

Жағдайлы жайлаў табыў тек ғана басшылардың иси емес, ҳәр бир жақсы шарўаның, соның менен бирге, гейпара ақыллы сыйырлардың да иси.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Буны Сейит аға өз тәжирийбесинде сынап көрген.

Дәрьяға қармақ салып, қызығына қараў оның бала күнninен қалған әдети.

Бир күни Сейит аға қармақ қурып отыр екен, дәрьяның суўы шамбыр ете қалыпты. Қараса, аламыш-аламыш бир бәле! Буған қарап жүзип киятыр дейди.

Сейит аға қармағын таслай сала қашыпты. Сүринип-қабынып бир путалыққа кирип үлгереди де, буққы таслап жатып алады. Әлленемирде басын көтерип, қамыслардың арасынан сығалап қараса, бир бузаўлы сыйыр дәрья кенарына шығып киятыр дейди. Сейит аға қуўанғанынан «Мө-ө!» дегенин билмей-ақ қалады.

Бир күн өтеди, еки күн өтеди. Күн де усы сыйыр, азанда арғы жүзге өтип, кеш болған соң және берман...

— Бузаўлы сыйыр дейсең бе?—дейди Сейит ағаның сөзин еситкен апам таңланып (ала сыйырдың суғанақлығы еле қалмаған еди). Бизиң «суғанақ» емес пе екен?..

— Мен ҳәм сизлердиң «алаңыз» шығар деп едим-аў, —дейди Сейит аға да.

Ағам атқа қамшы басып, арғы жүзге жүзип өтсе, бизиң «суғанақ»! Яманый бәле екен бир отлақты таўып алыпты...

Көп узамай барлық пада усы жерге көшип келди.

### 3. Қасқырлар қалай қуўылды?

Бердибай атаның баласы «кишкене сыйырларды» қасқыр жейди дейди. Бул жүдә дурыс. Болмаса қасқырларға қарсы гүреспей-ақ қояр едик.

Қасқырлар, әсиресе жаңа көшип келген жерлерде көп болады. Мынадай бир ўақыя болды (әўели мен де түсинбедим). Бир күни жаңа қонысқа көшетуғын болдық. Қонысымыз жыс тоғай еди. Шаруалар қонысқа жақынлаған жерден-ақ атларына қамшы басып, тоғайға тәп бердиме дейсең. Болды—бир булағай; даңғыр-дүңгир, темирди темирге урып атыр, мылтық атыў, жаў тийгендей өрден-ыққа шабысыў, улы-шаўқым, қум-қуўыт...

Не болып, не қойғанына түсинбегенликтен бе, турған жеримде қатып қалыппан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ағам:

— Енди малларды айдай бер,—дегенде барып, ат үстинде екенлигимди абайладым.

— Аға, бул не?—дедим ҳайраным шығып.

— Қасқырларды қуўып атырмыз,—деп мыйығынан күлди ағам.

Шабаланған ийтлер еле үрип жүр...

## 4. Бири-қасқыр, бири-ийт.

Тышқанның, жыланның, кирпитикенниң баҳасы қанша екенлигин билмедим-дә, ал қасқырдың баҳасы бар. Алпыс манат! Кеше түнде Бердибай атам еки қасқыр атыпты. Түн болған соң, биреўин алып жүре алмай жасырып кеткен қусайды. Бир қасқырды өзим совхозға шекем апарыстым да, сөйтип, терисин тапсырып, алпыс манат алдым.

— Жүр, анаў қасқырды да алып келейик,—деп мени тоғайға ертип келип еди, қасқырымыз ийт болып кетипти...

— Растан-ақ қасқыр емес пе?—дей береди Бердибай атам өлген ийтти ары-бери аўдарып көрип.

— Растан-ақ қасқыр емес!

## 5. Арық малды қысыр деймиз, семиз малдың бузаўы бар.

Әлпиң алысса, бала ғой-бала, атаң менен де ойнаўға болады. Екеўимиз көбирек ҳәзиллесемиз.

—Бердибайев, мына сыйыр нешеде?—деймен маллардың туўылған жылларын анықлап атырып.

—Отызда шығар (ол ең үлкен сыйырды усылай дейди).

— Ал мынаў?—Бузаўды көрсетемен.

— Бийде.

Азырақтан соң маллардың буўаз, қысырын анықлай баслаймыз.

— Тексер,—деймен қандай да бир арық, иши қабысқан сыйырды көрсетип.

— Жаз, қысый екен,—дейди.

— Ал мынаў-ше? (бул ретки сыйыр, әлбетте, семиз болады).



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бузаўы бай, о-о!—деп тайдай шапқылай баслайды.

Солай етип, кишкене Бердибайовтың айтыўынша, «арық малды қысыр деймиз, семиз малдың бузаўы бар». Қарап отырсаң бул да дурыс. Бирақ олай емеслигин Бердибайовқа түбинде бир түсиндирермен. Ҳәзирше ол нәресте...

*1975-жыл.*

## ӨШПЕЙТУҒЫН ОТ

(*Гүррин*)

Приморьениң тәбияты оғада бай деседи. Дүньяда сийрек ушырасатуғын аң-қуслардың бәри де бул жерде бар қусайды. Жеңгесиниң айтыўына қарағанда, бул үлке өсимликлер ҳәм ҳайўанатлар дүньясының байлығы менен тек Узақ Шығыста ғана емес, пүткил дүньяда биринши орында турады екен.

Назар дем алысқа шыққанда усы байлықлардың барлығын өз көзи менен көриў ушын жеңгеси екеўи жолға шықты. Ол, ҳақыйқатында да, жол бойы бираз нәрселерди көре алды: Жаңа жыл байрамларында зорға табылатуғын ёлка ағашына дейин бул жақларда өседи екен. Буннан басқа жол бойында қанша тоғайларды, қанша далаларды, қанша таў-дәрьяларды көрди дейсең! Ҳәттеки, әсиримиздиң уллы қурылысы— БАМ-ның үстинен өтиўге миясар болды. Жеңгеси бул уллы қурылыста қырқтан аслам миллеттиң ўәкиллериислейди дейди. Татьянаның өзи болса әзелий Приморьелик болып, бул жердиң ой-шуқырына дейин бес саўсағындай билетуғын еди. Бирақ көптен берли келмегенликтен бе, әтирап таң қаларлықтай болып өзгерип кеткендей көринеди... Үргин үрип, қар қалай болса солай борап тур. Суўық самал «желпип» кетсе, бетиңди жонып кетеди. Қәпелимде күн жадырап шыға келеди...

Назар тоңғанынан қалш-қалш қалтырап, мойнын ишине тартып бүрисе берди. Ҳәттеки, кейнине—Нөкиске қайтып кеткиси де келип турды. Тек жеңгесинин зейнине тийип аламан ба, деп үндемеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жеңгесиниң үйине келип жетиўден-ақ булардың бәри көзди ашып жумғанша умытылып кетти. Жалғыз қызынан басқа баласы болмағандыки ме, Татьянаның кемпир-ғаррысы Назарды көзлеринен бир ели таса қылмай, мудамы өзлери менен отырғызып қойды.

Бала дегениң тез зериккиш келетуғын әдети емес пе? Назардың да отырып парасаты болмады. Жән-жақтың бәри тоғай, қалайынша қарап отырарсаң! Қап-қалың тоғайды қақ жарып өтетуғын ҳо анаў бир ийрек-ийрек, ойлы-бәлент жолларда лыжада сырғанар ма едиң!

— Үйде лыжа бар ма?—деп сорады ол аўылға қайтыў ушын таярлық көрип атырған жеңгесинен. Жеңгеси «зериккен шығар, азмаз ойнай қойсын»—деп өзиниң бала күниндеги ең жақын сырласы болған ески лыжаны әкелип берди.

—Онша алыслап кетпе, тезирек қайт, ертең үйге де қайтыўымыз керек! —деп ескертип те қойды.

Ойынның қызығы барлық нәрсени умыттырып жиберди. Аяғындағы «ушқыр тулпар» оны узақ асырым жоллардан алып өтти. Лыжа қаншелли қатты зымыраған сайын, ол өзин бултлардың арасы менен қалқып ушып баратырған ушар гилемдеги бахытлы баҳадырлардай сезе берди. Қәнекей, тап усылай зымырай берсең, зымырай берсең!!!

Бирақ негедур бул жоллар да, ушы-қыйыры жоқ тоғайлар да таўсылып жаңа ғана жадырап турған жарық дүньядағы көзге илинер нәрселердиң бәри бирим-бирим ғайып бола берди. Қараңғылық әлемде ашық саңлақ қалдырмастан қаплап алды. Ол енди ғана өзиниң меңиреў тас қараңғы түн қойнында жалғыз турғанлығын сезди. Қараңғылық арасынан бәдбашар бир айыўдың ақшыйған гүрек тислери көринип кеткендей болды... Оның «женгежан»лап қатты бақырғысы келди, Жылағысы да келер еди. Бирақ негедур жылай да алмады, тамағында бир нәрсе қатып қалғандай даўысы да шықпай қалды. Қулақларын, мурнын услап көрип еди, тас болып қатып қалыпты. Аяқлары тас байлап қойғандай аўырласып қозғалтпайды. Ол енди азғантай турса әбден тоңып, қақпаштай қатып қалатуғынын билди. Қайда болса да қозғалыў керек!

Белгисиз бағыт алып нар тәуекел жүрип киятыр. Жүриси өнбейди. Үсик алған қол-аяғы түсип қалату-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғындай сырқырап ауырады. Тезирек жан сақлағандай пана таппаса, өкпе-жүрегине де қәуип. Ол алға қарай жәнe бир-еки адым атып тоқтады, жәнe жүре бериўге дицкеси қалмаған еди. Көзлери тынып омба қарға жығылып-жығылып кетейин деп, аяқ ушында тербелип зорға турды. Соның арасында қақ желке тусынан: — Не қылып турсаң, балам?—деген әлле кимниң жағымлы даўысы еситилди.

...Қуўраған ағаш шақалары әлле немирге шекем азлап жанып турды. Оның пүткил денеси жибисип, қатып қалған аяқ-қолларына жан киргендей болды. Назар оттың емески жақтысынан бет-аўзы қуўдай аппақ, мылтық асынған бир ғаррының жыйрық енген жүзин көрди. Бирақ бул әжимленген жүзлер Назарға соныңдай ысық көринер еди. Ол усы пайыт негедур аўылда қалған өз әкесин көз алдына келтирди...

Ғарры үстиндеги қалың постынын Назарға кийгизип атырып:

—Жүр, балам, үйиңе дейин жақынлатайын, —деди. Олар оттың қасынан әсте-ақырын жүрип кетти. Бирақ Назар оттың жақтысы көринбей кеткенше изине қарағышлаў менен болды. Себеп: инсанға жыллылық бағыш ететуғын тап усындай от оның да жүрегинде ушқын атып киятыр еди.

*1976-жыл.*

## АҚШАМДАҒЫ АЙҚАС

Дәслепки жыллары аўылымыз пахташылық совхозлары менен сыбайлас жайласқан еди. Келе-келе оның арқа ҳәм шығыс тәреплеринен де жаңадан салыгершилик совхозлары ашылып, аўылымыз үлкен бир орай сыпатында дәл ортада қалып қойды.

Бул жағдай аўыл адамларына қозғаў салып, гейпаралары жаңа совхозларға қарай көше баслады.

Мине, усы ўақыя да тап сол жыллары болған еди:

* * *

Совхоз сол жылы он гектарлық қаўын ектирди. Қаўын атызы менен иргелес совхоздың салыгершилик бригадалары да болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қаўын писиктиң ўақтында ағама көмеклесиў ушын мен де бул жерге келип-кетип турдым. Өйткени, бундай ўақытлары қаўынға порсық, сағал дегенлердиң күтә өш болатуғыны бар.

Жумыстың баса-басы менен күнниң батып кеткенин де билмей қалыппыз. Соңғы машинаны қаўынға толтырып жибергенимизде, күн әлле қашан-ақ уясына жасырынып, оның қызғыш сәўлеси суўға түскен бояўдай тарқалып баратыр екен. Ағамның:

—Балам, түнлетип жол жүрмей-ақ қой. Азанда ерте кете бересең, —дегени менен қаўын қоста қалып қойдым. (Ағам бул күнлери қорықта болып атыр еди).

Қалыўын қалған менен, ўақыт өтпеди. Оннан қалса, даланың сүйир шыбыны шағып, тынышымды алып баратыр. Қосқа сыймай, далаға шықтым.

Геўгим тартып қалыпты. Ҳәр жер-ҳәр жерден жулдызлар жылт-жылт етип жымыңласады. Таза ҳаўада көкирегимди керип, рәҳәтлене дем алып, жулдызларға қарап жүре бергим келеди. Бираз ўақытқа шекем жүрдим. Мына қаўынның ийиси болмағанда.. Палыздан келип турған секерпараның ийисин айтсеш! Танаўымды жарып баратыр. Және қыялыма басқа бир ой келди. «Бүгинги түннен қаўынлар аман қалса болар еди. Мына ийис порсық, сағалларды қалайынша ининде жатқара қояр дейсең! Оннан да барып өзим үзип алайын».

Усы мақсетте ийис шығып турған қарықтың ишине түстим. Мен жүрип киятырған қарықтың қапталына қарақшы қойылған екен. Түбине жақынлағанымда, қарақшым жаны бар адамдай дир-дир ете қалды. Жаным шығып кетти. Қандай да бир қараўытқан бәламат қарықтың ишинен сып етип шықты да, зып берди. Қарықтың жийегинен муштай-муштай кесеклер домалап түсип, ултандағы аз ғана суўды сылдырлатып жиберди. Шашыраған суп-суўық суў тамшылары бетиме келип тийди... Дәрҳал кейниме бурылып, бар пәрманым менен қосқа қарай жуўырдым. Ағалап бақырайын десем, даўысым шықпай қалды.

Ағам уйықлай алмай атыр екен.

—Аға! —деген ашшы даўысымды еситип ушып турды.

—Неўе, балам, не болып қалды?—деп бетиме жалт-жалт қарайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Порсық, порсық, —дедим кейниме қарап-қарап қойып. Жаңа көрдим! Қарақшының қасында...

Ағам дым үндеместен төрде илиўли турған қошасын алып, изиме ер дегендей белги берди.

Қарақшының қасында ҳеш зат көринбейди. Бирақ палыздың жийегинде қандай да бир нәрсениң қарасын абайлап қалдық. Өзи де геўдели нәрсе екен. Ырсыллдап шеңгелликтиң арасына тартып баратыр.

—Ат, аға ат!—дедим шыдамсызланып. —Бағанағы нәрсе ғой. Дәл өзи!

Мылтық шатыр-шатыр ете қалды. Жаңағы зат қалың шеңгелликтиң арасына кирип үлгерди.

—Атағойса, аға енди жоқ болып кетеди ғой, —деп күйип-писсем де тыңламады.

—Тоқта, балам, мынаўың порсық емес пе деймен?—деп ағам мылтығын қайтадан шытырлатып, қулақларын атылмайтуғындай етип қойды.

Расында да, ол порсық емес екен. Жаңа жийекке шыққанымызда, аяғымыз бир нәрсеге тийип, абынып алға қуладық. Бақтымызға бола, қаўынлардың үстине қулап түсиппиз ҳеш жеримиз аўырмады.

—Нәлет жаўғыр, ислеген исиңе болайын! —деп атыр ағам әлле кимге күйинип.

—Қәне, батыр болсаң берман шық! —деп даўыслады азырақтан соң.

Сес-семир жоқ. Жулдызлар «бәрибир, бизлер көрип турмыз» дегендей жымыңласты.

—Берман шық, болмаса атаман: —деди ағам қатал.

Бир минуттай тынышлықтан кейин, қалың қопа қақ жарылып, ишинен қараўытып биреў шыға келди. Шамасы, беттиң арын белге түйип алса керек, бизлерди адам екен деп сескенгендей түри жоқ.

—Бул не ислеп жүргениң, Атан?—деди ағам.—Бала емессең ғо. Қашанғы «қырыққа келгенше, нырыққа келмей», жүре бересең?

—Дайымыздың қаўыны болған соң урлап көрейик дедим-дә! —деп өзин зорлап ғарқ-ғарқ күлди жаңағы адам.

—Бул меники емес, мәмлекеттики ғой. Соны түсинсеңши, бәдбақ. Сорағаныңда, бермес пе едим, «Жаў жағадан алғанда, ийт етектен алады» деп... Сеники не?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳайўан ҳайўанлығыңа салый урласын, ал сен не деп урлайсаң? Адам болғаның ушын ба?

— Ҳаў, дайы, өйтип қаттыға кете бермесең-о! Көлден бир тамшы суўды алғанда не, алмағанда не, бәрибир баяғы көл емес пе?

—Ақмақ! Қарaңды көрсетпе, тур жоғал! Саған айтқаннан басқа мақлуққа айтқан жақсы. Бирақ, есиңде болсын, енди қолға түссең, өңаман деп ойламай-ақ қой.

Ағамның қатты ашыўы келсе керек, өңменине түйип-түйип жиберди.

Аға, таныйсаң ба, бул ким? —дедим мен қосқа келгеннен кейин.

—Танығанда қандай, жети атасына шекем билемен. Атаң соқыр деген, мына салыда ислейди. Оның талабы ылғый усындай...

—Соқыр дейсең бе?! Соқыр болса қалай көреди?— дедим басқа гәплерге онша итибар берместен.

—Соқыр болғанда бир көзи соқыр. Оны да өзи шы, ғарған деседи журт. Урыстан қаламан деп, көзине насыбай тығып шығарған. Бирақ тамның да қулағы бар емес пе, бул қылығын ҳүкимет сезип қойған. Жынаятына бола жазасын алып, сотланып та келген ғой, балам. Бәрибир арғысында жоқ болған соң, қәйтесең!

Атаңға деген ғәзебим арта түсти. Мийимде «уры екен ғой»—деген пикир сәўлеленип те үлгерди. Көп ўақытларға шекем қарақшының қараўытқан келбети көз алдымнан кетпей-ақ қойды. Бирақ, оны және ушыратаман деген ой жоқ еди менде.

* * *

Умытпасам, сентябрьдиң аяқлары шығар деймен. Ағам барлық жаз писер қаўынларын аман-есен тапсырып гүз писер:түйе қаўын, тас бийшек, аққас бийшек қусаған қаўынларды тапсырып атыр еди. Усындай жумыстың басабас ўақытларында көмек бермесең бола ма? Оқыўдың басланып кеткенине қарамастан, түстен кейин болса да, қолымыз саўа ўақытлары ағамның қаўын атызына келер едик.

Күндегише ешегимди тайдай шапқылатып, бийғам туўлап киятыр едим.

—Ҳә, бала, ҳәй!—деген даўыстан селк ете қалдым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биреў қыйқыўлап бақырғандай болды. Ағам ба екен десем, ағам атымды айтыўы тийис. Бул жерде ағамнан басқа ким болыўы мүмкин? Даўыс шыққан жаққа серлеңкиреп қарадым. Қуйын турғандай шаңнан басқа ҳеш нәрсе жоқ. Бирақ, шаң да кем-кем жақынласып келе берди. Мине, түбиме де келип қалды. Шаңғыт арасынан жийрен атлы биреў суўырылып шықты.

— Ҳә, бала, усы жердиң баласымысаң?

Ат суўлыққа таслап тур. Абайламаппан, үстиндеги милиция кийиминдеги адам екен.

—Ж.. жоқ—дедим қорқып кетип.

—Қаладан болдың ғой? (совхоздың орайын көбинесе қала дер едик).

Мен әсте басымды ийзедим. Қорыққанлығымнан ба, я өзи сорады ма, 7-класста оқыйтуғынлығымды да, Даўыттың баласы екенлигимди де айтып салыппан.

—Жүдә жақсы екен. Маған салыкешлерди силтеп жибересең бе? Бағанадан берли мына каналдан өтиўдиң есабын таппай-ақ қойдым ғой, —деди милиция меннен қандай да бир нәрсени билгиси келген адамдай. Бирақ, буннан кейин тисжарып ҳеш нәрсе сөйлесе алмадық. Мен оны қалың кендирликтиң арасында бүркелип турған «жасырын көпир»ден өткерип салдым да, салыкешлердиң мәканына апаратуғын соқпақ жолға түсирип өз жөниме кете бердим. Қосқа келсем, ағам екиүш адам менен сөйлесип, шай ишип отыр екен. Бир көзлини анаў күнги Атан соқыр шығар деп шамаладым. Ол ҳәммеден де бетер шешенсип отыр. Мен де ағамның қапталына келип отырдым. Бир көзли ағамның жаўырынынан қағып.

—Пай, дайы, анаў күни пәлек-пәлеги менен суўырып кетип силеңди қатырайын деп едим. Әттең, көрип қойдың, —деп жортаға күлип қойды. Соның арасында маған да ыржаң-ыржаң етип:

—Не қылайын, әкеңди өлтирейин бе? Ал, өлтирдим! —деп ағамның мойнынан қысып, өзиниң жийен екенлигин көрсетпекши болады.

Олар шайларын ишип болып, аўыз суўыды-аў деген шамада мени палыздан қаўын әкелиўге жиберди. Жуўырып бардым да, келидей бир түйе қаўынды қушақлай қайттым. Демниң арасында гәптиң арнасы әлле қайларға аўысып кетипти. Қызығып кеттим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Нәлет жаўғыр, қалай батылы жетип ислей қойды екен-ай— деп бас шайқап қояды бир көзли адам.—Ким болса да дүньяның татын жалаған адам екен. Болмаса көптиң қазанына қол суғып ҳәм болар ма?! Өзлеримиз ғой, мине дәстурхан бар ғой, дайымыздики болмаса, биреўдиң бир шырпысын алған мақлуқ емеспиз. Садаған кетейин дүнья кең ғой, Дәўеке. Дүньяда жаман да, жақсы да бар. Ҳәмме сениң менен мендей бола бергенде қайда! Әй, нетсең, нетсең! Бәлки сол алғаны асы болғыр арамызда жүрген де шығар-аў...

—Аға биреўдиң бир нәрсесин алған ба?—дедим бир көзлиниң гәпин бөлип.

— Әй,балам, несин сорайсаң, бизиң бригадамыздан салы урланып атыр,—деди бир көзли қатты қыйланып.

—Ким урлаған?

Көўлимде бир көзлиге деген гүдигим жоқ емес еди. Бирақ, ағам оның сөзин үнсиз тыңлап отырғаннан кейин, бул ойымнан өзимнен-өзим уялып кеттим.

—Сол белгисиз болып тур ғой. Билсек, желкесине жети қоямыз-аў! Ҳәссений, қолға түсер ме еди,—деп гижинип қойды бир көзли тағы да.

—Жаңа милиция келди. Тез хабарлассеш, —дедим мен қуўанып кетип.

—Милиция дейсең бе? —Бир көзли қобалжып сала берди ҳәм тезден көзине күлки ендирип:

—Әне, енди ис оңына басайын деген екен. Пай, тезирек урыны таўып, үнине суў қуйса, тәўир болар еди, —деди.

— Милиция деген жердиң үстинде болмақтан, жердиң астында болса да таўады, сөзсиз табады,—деп мақулласты.

* * *

—Турағойсаң-о, Артықжан, сәске болып кетти ғой. Ағаң изимнен барсын деп кетип еди.

Базар күни болған соң ба, көбирек уйықлап жибериппен. Расында да, күн сәскеге таянып қалыпты. Ағама жүўери орысыў кереклиги ядыма түсип орнымнан ушып турдым да, жалма-жан кийине басладым.

Иним екеўимиз жәнe де жол азабын шегип киятыр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мыз. Деген менен, әңгимелесип киятырған соң, онша сезилерлик емес.

—Ағамның айтыўына қарағанда, соннан басқа ҳеш ким урламаған, дедим гәптиң бир жерине келгенде.

—Соның ким?—деди қызықсынып иним.

— Күни менен кимди айтып киятырман, сол-дә!

—Мынадай бир көзи жоқ адам ба?—деди қолы менен бир көзин қысып турып.—Онда жаман адам екен ғой...

—Жақсы болса, урлық ете ме?

—Оны неге милицияға айтып бермейсиз?

—Милицияға айтқан менен пайдасы болмайды-дә! Урлығын көзиң менен көрсең, салыны қайда жасырғанын билсең—онда бир гәп. Қурыдан-қуры...

—Ҳеш ким де көрмеген бе?

— Ҳеш ким де.

—Әй онда, Нийетбайдың ийтин әкелип, услап алайық-тә? Билесең бе, Нийетбайдың ийтиниң қандай екениң! Сонындай ийисшил не жасырсаң да таўып әкелип бере береди,—деди Бердақ әлле қандай жаңалық ашқандай қуўанып.

Оны ийтсиз-ақ услаўға болады ғой,—дедим мен де басыма келген ойды ирке алмай қалып.

—Қалайынша?

—Солайынша «Милиция урыны излеп жүрипти» дейди ағам. Тек бизлер милицияға жәрдемлесиўимиз керек.

—Жәрдемлескенде не ислеймиз?

—Урының ҳәрекетин көзден таса қылмай бақлап жүремиз.

—Аңлыймыз ба?

—Давай аңлыйық!—деди иним де қуўанып кетип.

Әңгиме менен бираз жолды басып өтиппиз.

—Ҳә балаларым, келдиңлер ме? —деген ағамның даўысы гүрриңимизди бөлди де жиберди. Қарсы алдымызда сарғайған жапырақларын шытырлатып, мени орың, дегендей ырғалысып жүўерилер тур еди.

* * *

Ақтөс Нийетбайдың үйиниң овчаркасы. Оның айтыўына қарағанда, ағасы шегарада хызметте болған жыллары бир күшик алып келген. Мине, сол енди... Мениң



www.ziyouz.com kutubxonasi

әңгимеме Нийетбай шыннан ҳәм берилип кетсе керек, урыны усламағанша кеўили қарар таппады.

-Ийт «қолға түссе», не ислейтуғынымызды алдын ала ойластырып қойған едим. Нийетбай «уры» болады. Жасырынатуғын жери салыкешлердиң мәканы. Мен таўып алыўым керек. Бул бир бәне...

Машқы солай басланды. Түн. «Уры», әлле қайларға жасырынып жоқ болды. Көп узамай изине түстим. Ийтим «суўлыққа таслап» жулқынып киятыр. Шала өкпем шықты. Салысы орылып босап қалған талай-талай атызлардан асып өттик. Салы гүди көрсе, ийттиң жини. Айланшықлап қасынан шықпай-ақ қояды, сабанларды өрден ыққа шашып, гүдиниң астан-кестенин шығарып таслайды. Ақыры, ҳеш зат таба алмаған соң және алғазымырайды. Алдымызда үй орнындай бир нәрсе қараўытып көрине баслады. Ийт гүдини қоя берип, солай қарай тартты. Мен де желден жүйрик болып жеделлеңнип кеткендеймен. «Кәсип» қызығына берилип кетсем керек, басымдағы солдат фуражканы да әлле қандай сезип, көкирегим ҳаллас урады. Әттең, тастай қараңғы оны ҳеш кимге көрсетер емес. Адамлар ағаш автоматымды көргенде ме еди!

Ийт үйдей қараның қасына келип тоқтады. Байқасам, үш-төрт қамыс плитадан қақайта салынған қаўын қос екен. Ийт дөгерегин бир айланып шықты да, ишке сүңгиди.

Ҳеш ким көринбейди. Бақанларда қаўынның шопағы ма, тухым пәлле ме, қақ па, әйтеўир бир нәрселердиң тәртипсиз илиўли турғанлығы байқалады. Жаға-жаға шырпым да түўесилди. Соңғы дәнениң емеси жақтысынан мен усыларды, қалайда, салыкешлердиң үлкенли-кишили усындай қос қалашаларына келип қалғанымды байқадым.

Усылайынша излениў менен «Өмир көл»диң жийегиндеги сары қумға шығып кетиппен. Қум иши мүлгип ғана тур. Бирақ көлдиң суўы қайнап атырғандай жақынлаў жерде қандай да бир техниканың үзиликсиз бир қәлиптеги «таңлай қағысы» байқалады. Бизлерди байқамаса керек, бир адам қум ишинен зонқ етип шыға келди. Ийт арс-ете қалғанда барып, анаў адам тапырақлай қаша жөнелди. «Милиция» деген сөзин қулағым шалып қалды. Неге екенин билмеймен, мен де басым-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дағы фуражканы ғоппыйтыңқырап ийтке ҳәс дегенимди билмей қалдым. Ийт қолымнан сытылып шықты да кетти. Изинше ийт те қалың жүўериликке өзин атты. Әлле немирге шекем жүўериниң иши түйе таўық қанат сабалағандай патыр-пытыр болып турды. Соң суў серипкендей тынышлық орнап қалды...

Мен енди «уры» ойынын қойып, шынтлап ийтти излеўге киристим. Бирақ ийт ҳеш жерден шықпай-ақ қойды.

Ар-сарым шығып, қосқа келсем, Нийетбай қуўыста буўылған сипседей бир қысым болып үнсиз отыр. Көзи жылтырап ғана көринеди.

— Қайда кеттиң?—дедим мен ийттиң ашыўын кимнен аларымды билмей үрпейип.

—Өзиң ғой ойнайық деген.

—Ойнағанда жер жутқандай жоқ болып кете ме екен? Айттым ғой, Атанның қосының қасларында бол деп!

—Мен сол жерде болдым...

Айып өзимде болған соң ләм-лим дей алмадым. Ийт ҳаққында айтыў керек пе, оны да билмедим. Бағанағы адамның тапырақлап қашыўы да мен ушын жумбақ. Жети түнде...

Нийетбай маған тығыла береди, баўырыма кирип баратыр. Мен оны биринши рет дүзде қонып атырғанлығымнан шығар деп ойладым.

—Әжаға қорқып баратырман—деди ол өзи-ақ сырды ашып.

—Ҳе неге қорқасаң ?

—Бир зат еситтим. Жаңа ғана Атанның қосының қасына барып едим... Ол пышақ қайрап атыр екен.

— Пышақ?!—Төбе шашым тик турып, өзим де сескенейин дедим.

—Қасында бирсў бар. «Мына пышақ саў болса» дейди... Билмеймен, бир нәрсени «бүгиннен қалдырмаў керек» деди. Қасындағы тракторшы қусайды. «Ол жағынан кәтержам бола бер»—деди оған.

—Онда барыў бойына-ақ қайтқан екенсең ғой. Пай, азырақ отырғанында ма! Ишимнен «Өмир көл» бетке бурылып кеткениме өкине басладым. Өзим болғанымда оның не гәп екенин билерме едим, әлле кәйтип...

Екеўимиз де үнсиз қалдық, Нийетбай мениң баўырыма тығылған кәлпинде азғантайдан соң уйықлап кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мениң кирпигим илинбеди. Шым-шытырық ой. Гә ҳүрейленемен, гә жигерленемен. Бирақ неге екенин, не ой екенин өзим де сезбеймен.

* * *

Дийханшылықтың жыйналып болайын деп турған мәҳәли еди. Бизлер әлле қашан қаўынларымызды тапсырып қутылғанбыз. Өним жаман болмаса керек, директордың өзи келип, ағама алтын саат тапсырды.

—Еңбек баламдики,—деп ағам оны маған берди.

Бирақ қоңсылас салыгершилик бригадасы салы планын орынлай алмай қалды. Көклей қалған салылары да бар.

—Айып өзлеринде,—дейди ағам, —ылғый палапан басына, турымтай тусына тартып, тарам-тарам болып турған адамлар... Ишинде Атан болған соң... Болмаса бурнағы жылы қатықтай уйып отырған адамлар еди. Милицияға да ҳайранман. Усы ўақытқа шекем не ислеп жүр екен? Адамлар болса егин-тегинин жыйнап болайын деп тур. Енди байласаң да бул жерде турмайды.

—Аға, милицияны көрмедиң бе?—дедим ойыма бир нәрсе келип.

Ағам «сениң өзиң қуры алақан емессең ғой»—дегендей бетиме тигилип қарап турды. Азырақтан соң:

—Абайлайгөр әй, шырағым, жазатайым...—деп ойлы пишинде гүбирленип қойды. —Бағана усы дөгереклерде жүрген қусап еди.

Аяқ жетер жер болса таўып алатуғыныма исенимли едим. Сонлықтан, ағам сезикленип қалмасын деп, анаўмынаў деп сорай бермедим. Жаңағы сөзине қарағанда, мениң ҳәрекетимди байқас етип жүрсе керек.

Мен ләм-мийим деместен қостан шықтым. Оны таўып алсам не айтатуғынымды өзим билемен. Жүрегим бир нәрседен гүдиклене береди.

* * *

—Өзиң жақсы бала екенсең ғой,—деди ол басымнан сыйпалап. Мүмкин, сол болса сол шығар. Қорықпа. Бирақ абайла, сақлық пенен көзден бир минут та таса қылмай бақлап жүриў керек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Ал, ийт-ше? —Ойымда еки нәрсе бар еди. Бири-жоқ болып кеткен ийттиң мәселеси, екиншиси —«бул иске ийт керек емес пе?»—деген сораў еди. Ол екиншисинен гөре бириншисине кеўлимдегидей етип жуўап қайырды.

—Ийт болса есабы табылар. Бәлким, бир жерден шығып та қалар. Оны ойламай-ақ қой. Табылмаса, өзим саған жақсы бир ийт таўып беремен.

Ойыма бир нәрсе түсип кетти. «Енди аңлыўды ийт излеген болып жүргизсем болады екен ғой. Сонда сезикленбейди де». Бул өзимше қупыя сыр болып қалды. Қалай излегенимди соң сөйлеп беремен ғой. Бир таңландырайын буларды...

Енди бул иске бурынғыдан да батылырақ едим.

Мениң пышықтай аңлыўымнан ҳеш нәрсе шықпай-ақ қойды. Сирә, ол емес шығар деген ойға да келип турман. Азаннан кешке шекем жантақ шаба береди ғой ақыры...

Мине, ҳәзир де балтасын алып, қум етегине келди. Мени көриўи мүмкин емес. Ол қумның басына бир шығып, бир түсип жүр. Ара-тура балтасын иске салып, қум етегиндеги жыңғыллардан сайлап жүрип отын шабады.

«Енди аңлыўдын ҳәжети жоқ». Билдирмей ғана жа-

Бир қәтелик ислегенимди қосқа келгеннен кейин билдим. Енди қалай анлыйман?

Сол күни иним де келген еди. Ағам үй бетке кеткен. Көлик таўып қайтаман деп еди, еле келмей атыр. Мөлдек дийханшылықтан өнген өнимлерди алып кетйўимиз керек.

Енди бир-еки күннен биротала үйде боламыз. Бул жерде адам да қалып жарымады өзи.

Уйықлайық десек қасақана уйқы да келе қоймады. Екеўимиздиц басымыз қосылса болды, сөйлесетуғынымыз қәдимги «кәсип»

— Ол емес екенине анық исенесеқ бе?—дейди иним.

— Қәйдем... Айтпашақ, қалпағын апарып берсем бе екен?

—Берсеш, оны не қыласан?

— Ҳәзир қосынан таўа аламыз ба?

— Ол ҳәзир қосында емес.—Мен танланайын дедим.

— Енди қайда?

— Бағана қум етегинен «истога» томар қопарттырып атыр еди. Қасларында бир гидиман машын бар.

— Жүр онда қалпағын берип қайтайық. Ағам бақырып жүрер. Ертен көре алмай қалсақ...

Тысқа шықтық. Тастай қаранғы. Қумды жағалап жүрип киятырмыз.

— Қәне, жантақ тийеп атырғаны, «исто» қайда?

— Қетип қалған шығар... Мыналарға қарасеш, доКыз дүкти дейсен бе?

Шынында да қум етеги тилким-тилким болып қалыпты. Қыс отынын қопартса керек.

— Қулағыщды сал,—деп қәпелимде женимнен тартып қалды иним.

— Еситтиц бе, не екен?

**— Трактордыщ «даўысына» қусайды...**

Дәслепкиси пускач болса керек, енди, мине, гүрилди анық еситиле баслады. Қумнын ортасы беттен шығып дур. - ■ • ~

—Жүр не де болса барып көрейик.

Қум басына жуўырыса шықтық. Көзим қандайда бир қараўытқан нәрселерди шалып қалды. Трактор топырақты гүреп таслап, тыртырлап жүр.

— **Буқ,**—дедим инимниц етегинен тартып қалып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Берман, мына жерге кел.

Екеўимиз бийик бир төбешиктиң тасасына келип жасырындық. Олардан көз айырмай қарап жатырмыз. Трактор гүрилдисин туўарды. Берманырақта үйилген қум топырақ пенен бир машинаның аралығында бир-еки адам зыр-зыр қатнап жүр.

— Не ислеп атыр, абайламадың ба?—дедим мен иниме қарап.

— Жақынырақ барайық, кимлер екен?—Орнынан турып кетпекши болды, «отыр тыныш» деп басып тасладым.

— Әне, қарайсаң ба, олар кимлер екенин! Анаўысы—Атан. Көрдиң бе, қапшықты машинаға салып атыр. Сен оннан да қосқа қайт. Ағамларға хабарла. Мүмкин, милиция да бир жағында жүрген шығар. Бол жылдам, болмаса пайдасы жоқ.

Иним нарыйза кейипте зорға кетти. «Мен не ислесем екен? Усы жерде жата берейин бе? Олар кетип қалса?»...

Әсте-ақырын орнымнан турдым да, таса-таса менен буққы таслап, оларға қарай жер баўырлап жылыслай бердим. «Олардан айрылып қалмаў керек!—деп гижинип қояман ишимнен.—Кузовқа билдирмей минип алсам»...

Жүрип киятырып бул ойым және өзгерди. Машина гүрилдеп атыр. Шамасы жүрип кетпекши, әне, ана биреў соңғы қапшықты салды. Трактор «және шақалып» ходланды да, баяғы тыр-тырына көшип, үйин-үйин топырақларды тегислей баслады. Мени бул қызықтырмады. Ара таяқ таслам жер-ақ қалып тур. Бәлким, бурынғыша барыўыма да болар еди. Неге екенин билмеймен, «жан ийниме от түсип», алға қарай кийиктей атлықтым. Ең қурығанда, кимлер, екенин билип қалыў керек. Машина биреўди күтип турғандай еле гүр-гүр етип тур...

Буққы таслап жуўырыўым менен өзимди машинаның астына аттым. Ҳеш кимниң де жүзин көриўге имканият жоқ. «Не сылтаў айтаман?» Қалпақ жолда түсип қалған...

Жүрегим дүрс-дүрс етип қанасына сыймай баратыр. Жүрип кетсе... Қәпелимде ядыма бир нәрсе түсе



www.ziyouz.com kutubxonasi

қойды. Ғаррылардың, «алла, алла» дегениндей қәуетерлене қалтамды сыйпаладым. Бар екен. Шаққы. Қауын шаққым. Пышақ деген ат анаў күнгиден берли қаншелли суўық болса да, тап усы рет көзиме оттай басылды». «Тезирек, тезирек!...» деп қояман өзиме. Жалма-жан қалтамнан суўырып алдым да, азғана жүрегимди басып алғаннан соң, қос қоллап турып бир урдым. Покрышка торс ете қалды. Шаққы кейин серпилип барып маңлайыма тийди. Абырой-сабы екен. Енди басып турып, покрышканы қыйқалай басладым. Бир ўақытта пыс еткен дәмсиз жел аўзы-мурнымды толтырып таслады да, шаққыдан қолымды жулып әкетти. Ысылдаған қум шеге қуйын турғандай суўырылып атыр. Албырақлап жүрип бетимди тута берипден. Бир шөп түспеген көзиме қосыўыслап қум қуйыла берди. Соның арасынша жабадай қол желкеме келип жармаса кетти. Әлле кимниң гүректей табаны шүй төбеме дүрс ете қалды. Аўзым қумға басылып, «а»,«а» дей алмадым. Ат басқан бақадай басым қумға кирип баратыр...

* * *

Әлле немирде көзимди ашып қарасам, өзимиздиң қоста жатыр екенмен. Басымда ағам отыр. Және биреўлер бар, танымадым. Иним болса, көзин алған сонадай болып, баяғысынша қуўысқа тығылыўы менен отыр.

— Олар қайда кетти?—дедим ыңырсып. Тула бойым қозғалтпайды.

— Қозғалма, балам, жата бер,—деп ағам басымнан сыйпалайды. Ақылым ҳеш нәрсеге алыспаса да, санамда сол бир сораў турып қалыпты.

— Қайда кетти?—дедим және де.

— Әжаға, оларды услап алды. Милиция өзи сол жерде жүр екен. Баяғы бир көзли адам ғой... —деди иним орнынан ушып турып.

— Көзиниң қарасы батсын,—деп қойды—ағам да аўыр дем алып. Енди болмаса...

— Әй, нәрестеге жүзи түспегирдиң соқыры! Анаў көзиң де парта шықпайды екен-дә!

— Енди сазайын тартатуғын шығар-аў,—деп биреў әкеме демеў берип сөйледи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Соқыр дегенинше соқыр екен ғой. Қалай батылы жетип...

Әсте-ақырын басымды көтердим. Орнымнан турғым келеди. Негедур өзимди қустай жеңил сеземен...

*1977-жыл.*

## КҮШИК ҲӘМ БАЛА

Ол таң жаңа саз берип атып киятырғанда ғана өзиниң қаланың шетки көшелериниң ең ақырында үйилип атырған таў-таў тасланды затлардың арасында жатырғанын аңлады. Күшик бул ўақытта тасланды затлардың: ләген-ләген кирдиң суўы, шубатылып шобыты шыққан ләтте шүбереклер, айнаның сынықлары, жанып күл болған отынның қалдықлары, жазыўлары жайылып кеткен қағазлар, ҳәр түрли металл сынықлары, быршып атырған памидор, пияз, картошканың қабықлары кесектей теңкейип атырған жарты-жарты аппақ нан бөлеклери, сүйек-саяқлар екенин билген жоқ.

Жумылған көзлерин әсте ашып, ериншеклик пенен төбешикти бир айланып шықты. Соң, енди не қылсам екен дегендей қызарып киятырған аспанға тигилгенинше турып қалды.

Әтирап жақтыланып, қуяш арқан бойы көтерилген пайытта, ол бул жерде бир өзи, ғана емеслигин байқады. Әлле қәйерлерден пәрлери менен тумсықлары патаслықлардан шубарланып кеткен бир топар шымшықлар ушып келип, үйиндини шоқып, тинткилей баслады. Ҳә демей жағымсыз ызылдасқан шыбынлар көбейип, күшиктиң усти-басына қонып әбден мазасын кетирди.

Шымшықлардың тапқан азықларын шоқығанларын гүзетип жатырған күшик усы пайытта ғана өзиниң аш екенлигин сезди. Тамағынан өткендей азық излеп орнынан сүйретилип турды. Бир-еки бөлек нан тапты, шала желинген сүйекти узақ ғайзады.. Қарны бираз тойынғандай болып, ақыры үйиндиден алыслаў барып созылып жатты. Анда-санда шымшықлар менен ғарғалардың даўыслары еситилгени болмаса, әтирап жымжырт еди. Изли-изинен келип патаслықлар толы ше-



www.ziyouz.com kutubxonasi

йеклерин төгип кетип атырған адамлардың да оның менен иси жоқ.

Усы пайытта қала тәрептен ескен самал күшиктиң мурнына жағымлы ийис алып келди. Ерксиз өтмишин есине салғандай болды...

Ол бир умтылып орнынан турмақшы болып еди, шеп қабырғасы шаншып ауырып, ериксиз орнына қайта жатыуға мәжбүр етти. Сонда ғана кеше оны аямай урғанын, маңлай алдына тийген соққының зардабын еслегендей болды. Қуйрығын әсте-ақырын бир-еки былғап қойып орнына қайта созылды. Тасланды затлардың жағымсыз ийиси кеулин айнытып жибереди. Және орнынан турмақшы болып бир умтылып, лекин шамасы келмегендей қайта жатты...

Дәслепки бир-еки күн усылайынша өтти. Күшик бара-бара буған да көнликти. Шыбынлардың ызыңлауына, жағымсыз ийиске де, ҳәтте, патаслықлар арасынан табатуғын несийбесине де жеркенбей қарайтуғын еди. Келип-кетип турыушылар да оны таныйтуғын болды. Күшик, ҳәтте, кимниң қандай зат әкелип төгип кететуғынын да биледи. Таң азан менен ҳасасын тақылдатып келетуғын ғаррының шелегинде қағаз-пағаз, сыпырындыдан артық ҳеш нәрсе болмайды, мурны ғарғаның тумсығындай созылған көз әйнекли киси ҳәр қашан нан-гөш усаған бир нәрсе әкелип төгеди, узын бойлы, арық, халат кийген тилла тисли ҳаялдың төккен нәрселерин ҳәтте ийискелеп те болмайды, мийиңди айландырып жибереди...

Бир күни азанда әуелги хожайынының генжесине усаған бир бала шелегин шетирекке қойды да күшикке тигилип турып қалды. Күшик бул жағдайды күтпегенликтен, қорқыныштан қалтырап кетти. Дурыс, балалар урыспайды. Мына баланың да жақсы нийетте екенлиги жүзинен көринип турыпты... Бирақ оның атааналары қандай минездеги адамлар екен?... Күшиктиң жарақатланған жерлери және сырқырап ауырғандай болды. Аяқ ушынан басып әсте жақынлап киятырған баланы жатырқап, патас тасландылардың арасына қарай қашты. Бала күшикти услай алмайтуғынын сезип босаған шелегин көтерип, үйине қарай кетип қалды.

Күшик бала кетиуден сып етип тасландының қасына келди де дәрҳал турып қалды. Ол жеуге жарайтуғын



www.ziyouz.com kutubxonasi

зат емес екен. Қызғыш тартқан қағазларда қап-қара шыбындай ҳәриплер...

Әттең, күшик бунда не жазылғанын түсинбес еди. Ал, егер, түсингенинде бар ғой... Онда ол мына сөзлерди оқыған болар еди:

...«Ҳәр бир француздың тасланды затлар шелегинде ҳәр күни бир килограммға жақын қалдық затлар жыйналады. Европаның басқа да еллеринде дерлик усындай—яғный бул еллерде ҳәр жылы ҳәр бир адам—Данияда—230 кг. Люксембургда—400 кг, Англияда— 272 кг, муғдарында турмыслық «керек емес затлар» дөретеди.

Илимпазлардың есаплаўларына қарағанда, европалылардың шелегинен тасланған қалдық затлар муғдарында 10—20 процентке дейин күл, 15—30 процентке дейин азық-аўқат қалдықлары, 20—40 процентке дейин қағаз ҳәм картон, 1—6 процентке дейин ләтте шүберек, шобытлар, 2—6 процентке дейин металл сынықлары бар.

Бирақ бизиң әсиримиздиң химиялық ең жақсы негизги «өними» болған пластмасса тасландыларын қалай пайдаланыў керек? Жағып пайдаланыў? Бул, демек, ашық ҳаўамызды қәўипли уўлы газ бенен зәҳәрлеў деген сөз. Ал, жер шары тасланды затлар «уясы», емес»...

Күшик булардың ҳеш қайсысына түсинбегенине налынғандай муңайып турды, соң үмити пуш болып, қуйрығын былғаңлатыўы менен орнына келип жатты.

... Күшик баланың шаўқымлы даўысынан оянып, алға атлыққаны да сол, өзин қапшықтың ишинде екенлигин бир-ақ сезип қалды. Тыпыршылады, қаңсылады, ақыры жаңа хожасына бойсынғандай даўысын пәсеңлетип, әтирапқа қарап бара берди. Баланың болса еки көзи қуўаныштан парлап, өзинше гүбирленип сөйлеп барар еди.

Мине, баланың үйи. Өз алдына ҳәр түрли аўқатлар алып келип ушып-қонып жүр. Күшик тосыннан келген бул бахытқа исенерин де, исенбесин де билмей, әлле ким алдындағыны тартып алатуғындай өрли-ғурлы жалмап атыр. Рәҳәт деген бунда екен!

Усылайынша бала менен күшиктиң дослығы басланып кеткен еди. Олар кешке шекем үй алдындағы майданшада бири-бирин қуўып, гүресип ойнады. Шаршаў,



www.ziyouz.com kutubxonasi

зеригиў дегенниң не екенлигин де билген жоқ. Бирақ күшик ушын қуўанышлы болып басланған бул күн де кеўилсизлик пенен тамамланды. Майданшада тосаттан пайда болған ҳаял балаға бақырып, күшикти қолына илинген таяқ пенен ура баслады. Бийшара күшик енди не қылсын, илажсыз тасландылар үйилип атырған тәрепке қаңсылаўы менен қашып кетти.

Ертеңине бала күшикти излеп тасландылар үйиндиси жанына келди. Әўели күшик баладан қашса да, соңынан оның меҳрибанлығын еслеген яңлы қасына келип еркелей баслады. Бала оны айрықша бир меҳир менен қушағына алды. Күшик болса дәслеп баланың қолларын, соңынан жүзлерин жалай баслады...

...Және қалаға қайтып барды. Кешке шекем бала менен әўелгидей бири-бирин қуўып ойнады, аўнап «гүреске» түсти. Бул рет бала күшикти сол бурынғы орнына шекем ертип келди, соң өзи қайтып кетти...

Ертеңине де усылай ойнады, соң бул екеўи ушын әдетке айланып кеткендей болды.

...Жаздың ыссы күнлеринде тасланды затлар «минары» әбден ийисленип, дем алыў да қыйынласар еди. Күшик бул ўақытлары таң азаннан кешке шекем баланың үйи әтирапында айланып жүретуғын болды. Шарбая ҳаял жоқ ўақытлары оның менен қумары тарқағанша бирге ойнайды. Егер, бала үйинен шықпаған пайытлары күшик бир шетте шоңқайып оны күткени күткен.

Бир күни азаннан басланған жаўын түске шекем тоқтамастан шелеклеп қуйды да турды. Баланың үйи алдындағы гараж қасында арман-берман гезип жүрген күшик те әбден жаўрады. Түстен кейин күн шығып, күн ысып кетти. Бирақ негедур баладан дәрек болмады. Күшик узақ күтти, бала келмеген соң шапқылап бир өзи ойнай баслады, оның менен «гүреске» түсип атырғандағыдай ҳәрекетлер етер еди. Кейин кәўиплениўди де умытып, баланың есигине жақын келип отырды. Ишкериден таныс даўыслы ҳаялдың жылап атырғаны тал-тал қулағына келгендей болды. Қулағын тикирейтип дыққат пенен тыңлай баслады. Баланың ыңырсыған, бирақ өзине жүдә әзиз болып кеткен даўысын еситкенде, шыдай алмай ўәўилдеп қаңсылап жиберди. Усы пайыт қапы пәт пенен ашылып оннан көринген ашыўлы ҳаял бақырыўы менен оған таяқ



www.ziyouz.com kutubxonasi

ылақтырды. Күшик аўыр соққыға шыдамай ўаңқылдаўы менен басы аўған жаққа қашыў менен болды.

Кешқурын баланың үйи алдына қызыл белбеўли машина келип тоқтады. Адамлар оны көтерип шығып машинаға салып атырғанда, күшик шыдай алмай қаңсылап оларға жақынласты. Бала басын әсте көтерип оған қарады. Бул күни солғын тартып қалған көзлеринде қуўаныш ушқынлары парлап кеткендей болды. Күшикти сезип қалған адамлар оны және таяқлап қуўа баслады.

Баланы алып кетти. Буннан соң оннан дәрек болмады. Күшик көзин жолдан үзбей баланы күтер еди...

Күшик ҳәр күни бала есиги алдына келип меҳрибанын күтер, ол шықпағаннан кейин илажы қурып бурынғы орнына қайтар еди. Туўры, көшеде балалар көп еди, лекин олардың ҳеш бири де сол екинши хожайынының орнын баса алмайды. Қыялынан көзлеринен меҳрибанлық шуғласы парлаған сол бала кетпес еди...

Бул күни де әдеттегидей баланың үйи тәрепине жол алды, үй алдында тоқтап турған қызыл белбеўли машинаны көрип айрықша кеўиллилик пайда болғандай қәдемин тезлетти. Лекин бирден қулағына ҳаяллардың жылаған даўысы еситилгендей болды. Күшик бир нәрсени сезгендей қуйрығын қысып, бериректе тоқтады да, және сол қуяш тәрепке тумсығын созып аянышлы қансылап жиберди. Бул күни күшик қараңғы түскенше үй әтирапында гезип жүрди де қойды. Бирақ ол өз мақсетине ерисе алмады, — бала қайтып шықпады...

...Күшик ҳәр күни азанда үй алдына келиўди тоқтатпас, баланың далаға шапқылап шығып, оны баўырына қысыўын, еркелетиўин аңсар еди. Бул үмити биразға шекем үзилмеди, лекин ақыры күткенин қойды. Және сол тасландылар үйилип атырған төбешикке көнлигиўге мәжбүр. Бирақ оны енди бул жердеги шымшық пенен ғарғалар, шыбынлар менен қурт-қумырсқалар оншелли қызықтырмады, барлық қыялы келип-кетип турған адамларда еди.

Күшик бир пута түбинде узынына созылып жатқан қәлпинде үшинши хожайынын күтер еди...

*1977-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# МАЗМУНЫ

Қуслар қайтқан күн. Повесть. . . . . . . . 3

## Гүррицлер

Қус ҳаққында ертек. . . . . . . . . . . 32
Сағыныш. . . . . . . . . . . 34
Дәслепки бес. . . . . . . . . . 36
Қутлыаяқ. . . . . . . . . . 39
Жәнe бәҳәр келди. . . . . . . . . . 40
Еки тайыншақ . . . . . . . . . . 43
Ала сыйыр, қасқырлар және кишкене Бердибаев ҳаққында бир ўақыя . . . . . . . . . . 46
Өшпейтуғын от . . . . . . . . . . 49
Ақшамдағы айқас . . . . . . . . . 51
Күшик ҳәм бала . . . . . . . . . 65

www.ziyouz.com kutubxonasi

СЕЙДАБУЛЛА ПИРЖАНОВ



# ЖАСЫЛ ЖАҒЫС

*Орта ҳәм үлкен жастағы мектеп балалары ушын*

www.ziyouz.com kutubxonasi

кк 2 **Пиржанов С.**
П65. **Жасыл жағыс:** *Қосықлар ҳәм поэма.*—
Нөкис: Қарақалпақстан, 1995.

Белгили шайыр Сейдабулла Пиржанов Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдений хызметкери. Оның балаларға арналған „Байтерек", „Саяхатты сүйемиз", „Балалықтың бир күни" атлы топламлары оқыўшылар арасында үлкен қызығыўшылық туўдырды.

Шайырдың жаңа топламынан орын алған қосықлары бахытлы балалық, ата-анаға, ана тәбиятқа, Ўатанға, туўылған жерге деген перзентлик муҳаббат сезимлери менен толы. Сондай-ақ, гәзеп пенен жазылған „Үрыс излери" поэмасы да орын алған.

П $\frac{4803270202-263}{М-357(04)-95}$ 45—95

© „Қарақалпақстан" баспасы, 1995.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАЛАЛЫҚ ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

Бала, бала, балалық,
Өтсин қанша аралық,
Гөнермейсең қайтама,
Барасаң сен жаңарып.

Айға теңеп жүзинди,
Күнге теңеп көзинди,
Қәстерлеймиз бәрҳама,
Басқан ҳәр бир изиңди.

Бала, бала, балалық,
Бар өзинде даналық,
Қутлықлайман мен сени,
Қолыма көп гүл алып.

Бала, бала, балалық,
Бар өзинде жаңалық,
Дүньяның көп қызығы,
Турар сеннен таралып.

## БУЛ ЎАТАНДА

Табыс тасар ҳүр Ўатанда.
Бағы-бостан гүл Ўатанда,
Жақсы нийет-ярым ырыс,
Бәри-бәри бул Ўатанда.

Әсирлерден ата-бабам,
Бул бахытты еткен инам,
Памир таўдай бәлентлерден,
Ағып келген Әмиў саған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаңлап мыңсан намаларың,
Жайлар ел-журт араларың,
Мәртебеңди бийиклетер,
Сонша сай ҳәм салаларың.

Саўлат енип қысы-жазым,
Жарасады қурсам бәзим,
Ўатан сени улығлайман,
Сен қосығым, сенсең сазым.

* * *

Қыял дәрьясына,
Ағыларман мен,
Өзгеге емес, саған,
Табынарман.
Құс болсаң қанат боп,
Қағыларман мен,
Ўатан.

Сен маған ысықсаң,
Бала күнимнен,
Сениң тулғаң бәрҳа,
Ысық көринген.
Гөззаллықты уқтым,
Дәрья, көлиңнен,
Ўатан,

Мейли қайсы жерди,
Араласам мен,
Сол жерге даңқ болып,
Таралысаң сен.
Космосқа да ушып,
Баралысаң сен,
Ўатан.

## БИР САПАР

Шар сатылды Шымбайда
Онда қурттай баламан,
Қуўаныш көп қандайда,
Гейде ҳайран қаламан.



www.ziyouz.com kutubxonasi





www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызық болды бир сапар,
Он түрли шар таңладым,
Қыял гезип ғаз-қатар,
Ушырыўды ойладым.

Көриў жақсы ушыўын,
Қызық болар екен дым.
Қоршап алды досларым,
Он шарымды ушырдым.

Меңзедим сонда мысалы,
Әлем сырын ашқанға.
Соннан бери тап өзим,
Ушқандайман аспанда.

* * *

Еки қолда он бармақ,
Мысалы турған тарақ,
Тик тутып мен басымды,
Сыйпаларман шашымды.
Алақаным шар айнам,
Ҳәр күн оған қарайман.

## МЕКТЕБИМНИҢ МУЗЕЙИ

Мектебимде музей бар,
Қарасаң көз тартады.
Онда қанша устазлар,
Өмир жолын айтады.

Толып атыр сүўретлер,
Тарийхтайын мысалы.
Билмегенди билсем деп,
Қыял алып ушады.

Мектебимде музей бар,
Жайнар өмир жоллары.
Таўсылмастай күш алар,
Оннан қыз ҳәм уллары.

Алғыс айтып көргенлер,
Сонша ҳайран қалады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Билсем дейип билгенлер,
Көп ойларға талады.

Айтар бунда өткенди,
Альбомлардың ҳәр бети.
Ҳәммеси де ертеңге,
Мектебимниң келбети.

## САДЫҚПЫЗ БӘРҲӘ

Аталар жолына садықпыз бәрҳә,
Нур шашар мәңгиге дәуир қуяшы.
Не алыс жолларға баслайды алға,
Уллы ғәрезсизлик меҳиргиясы.

Мейли оны қашан қайда жүрсекте,
Бар ықлас ҳәм шын кеўилден сүйемиз.
Қәстерлеўден оны ҳәр бир жүректе,
Заман берген сән-саўлат деп билемиз.

Бахыт күлим қаққан шадлы Ўатанда,
Сағым шашар бәрҳә оның саўлаты.
Гүл қулпырар бизлер өскен мәканда,
Нурлы келешектиң ҳәр бир әўлады.

* * *

Болып бәрҳә мәдеткери,
Қәдир туткан туўған жери,
Арамызда көбеймекте,
Не өнердиң ғайраткери.

Ислери көп елге дәстан,
Күндей күлип сәўле шашқан,
Ата-баба әрманлары,
Өрнек болып иске асқан.

Шадлы болып өмирлериң,
Таса берсин жигерлериң,
Халыққа белли азамат деп,
Қәстерлейди туўған елим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖОЛМУРЗА АТА

*(Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы Жолмурза Аймурзаевтың туўылғанына 85 жыл толыў юбилейине балалар тилинен қутлықлаў)*

Асып өтип не бир бийик шынларды,
Изге таслап қанша-қанша жолларды,
Тәрбиялап сонша қыз ҳәм улларды,
Бул күнге жетистиң, Жолмурза ата.

„Жетимнен жетилип" камалға келдиң,
Не бир журт аңсаған ҳәмелге келдиң,
Не бир жолларында туўылған елдиң,
Бир перзенти болдың, Жолмурза ата.

Топлымды айырып шапты атларың,
Қосық боп жазылып талай хатларың,
Балалардың елге муҳаббатларын,
Том-том етип жаздың, Жолмурза ата.

Балаға баладай, жасқа жас болдың,
Мереке-мейлисте көпки бас болдың,
Көрмегенге әрман, муқаддас болдың,
Сөз маржанын дизип, Жолмурза ата.

Халық кәдирлер, Сиздей сөздиң устасын,
Қәстерлеўден әдебият нусқасын,
Бүгинге әкелип „Бердақ" пьесасын,
Өзиңше бир йоштың, Жолмурза ата.

Қосық, қара сөзиң талайдан басым,
Тәндарсан сексен бес болса да жасың,
Әдебият бағында суңқар ҳәм лашын,
Болып сайр еткен, Жолмурза ата.

## ЖАСЫЛ ЖАҒЫС

*„Ҳәр кимниң туўған жери—Мысыр шәҳәри"*

*(Халық нақылы).*

Мен сағынып ҳәўес еттим,
Талай сүрдеўлерден өттим,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыял сүрип гезий кеттим,
Сырласайын кеўилханам,
Дәрт бермесин ҳәргиз саған.

Уўайымсыз ойнар баллар,
Соннанбекен ҳәр ким ойлар,
Қәлбиң гүллер яңлы жайнар,
Еслеп жыллар аралығын,
Турыппан мен балалығым.

...Қырғаўылға дузақ қурсам,
Табылмай ойынға пурсам,
Жүрдим, ҳәзир еслеп турсам,
Өз-өзимнен келер күлким,
Ой ағылып дүркин-дүркин.

Жыллар жылжыр жетегинде,
Хызметинди өтедим бе?,..
Шала жанып түтедим бе? ..
Оңнан ескен сәўиримсең,
Басымдағы дәўиримсең.

Қайдасаң сен аңғалағым?
Қай жақларға қаңғаладың,
Ўақыт өтип аңламадым,
Әдираспанның моншақлары,
Қандай едиң сол ўақлары?

Елеслесе „Пирбай там"ың,
Ийримлесип жармыш жабың,
Кең пахталық барлық жағың,
Аўылыма барған сайын,
Жоқтай сениң теңи тайың.

Сен бир ысық сәрўи талсаң,
Тиллериме тамар палсаң,
Бәрин-бәрин еске алсам,
Жеңил тартар сонша бойым,
Саған қарай ушар ойым.

Қайлардасаң дөңгелегим.
Қайжақларға дөңгеледиң,
Мен бир гия, сен гүл едиң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Карашығы қара көздиң,
Жыллар өтсе гәўҳар сездим.

Киятырып асфальт жолда,
Мен қарайман оңлы-солға,
Көзим түссе сөкит талға,
Тереклерге тиреп ийин,
Елеслейсең қара үйим.

Не бир күнлер бастан кешер,
Сен дегенде кеўлим өсер,
Самалларың елпип есер,
Сағынаман дүзлериңди,
Сенде қалған излеримди.

Көп ағайлар гүрриң айтар,
Жабырласып истен қайтар,
Ҳәзир кеўлим соны жойтар,
Аўылыма барған сайын,
Еслеп балалықтың жайын.

Сен бир ысық туўған жерсең,
Келгим келер қайта келсем...
Маған мәңги Мысырсаң сен,
Жүрегимде соққан демим,
Нәпесиңдур бәлки сениң.

## ҲАЎА СУҢҚАРЫ

*Ушыўшы Дүзелбай Арзыбаевқа*

Ақша бултлар қалып барар төменде,
Оранып қаратал, қайың, еменге,
Күн сәўлеси күлим қағып төбеңде,
Көкте пәрўаз әйлер ҳаўа суңқары.

Жерлер мегзеп әлўан түрли нағысқа,
Саңсыз жулдыз түскендейин жарысқа,
Сонша қанат керип алыс-алысқа,
Пәрўаз етер көкте ҳаўа суңқары.

Жақынласып жақын менен қыялар,
Кеўиллерге сонша шадлық уялар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үстинен жол берип ауыл-қалалар,
Ушар әл-аспанда ҳаўа суңқары.

Жерден көтерилип әрман ушқандай,
Өзинше салтанат жаўлан ушқандай,
Ҳәтте жулдызлардан арман ушқандай,
Барар сиз басқарған ҳаўа суңқары.

## БАЛАЛЫҒЫМ ҚАЛҒАН АЎЫЛ...

Ләззет бардур ҳәр таңында,
Ҳәр таң түўе орпаңында,
Онжетиге толғанымда,
Балалығым қалған аўыл.

Атызың көп араласам,
„Киров жапты" жағаласам,
„Ағам жоқ"—деп „аға"ласам,
Көз алдымда турған аўыл.

Зийрек келип зейинлери,
Бирлик десе турған бәри,
Көңилимниң нәзик тары,
Ойым өрис алған аўыл.

Ат қойыўға шебер келген,
Гейде түслериме енген,
Болар еди бираз жеңгем,
Қоңысы көп толған аўыл.

Ғаррылардың көз-өңинде,
„Қай баласаң?" дегенинде,
Мениң бала екенимде,
Үлкен жолға салған аўыл.

Мен аўылға барып қайтсам,
Кийикбай ағаны айтсам,
Гүрриң болар бирар ақшам,
Жаңалығы әлўан аўыл.

Қасым аға жүрген жерлер,
Аббаз аға керген жерлер,
Гүлзийраны көрген жерлер,
Балалығым қалған аўыл.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Анаў жер бурын жер ме еди?
Анаў ел бурын ел ме еди?
Жыңғыллық десең жыңғыллық,
Бул аўыл нени көрмеди.

Базарлап қайтқан ғаўырлы,
Жоллардан талай ағылды,
Жақсының айтып жақсысын,
Қаққаны қызық дабылды.

Аўыллар бурын шоқ еди,
Тоғайлар бурын көп еди,
Жоқ еди лекин шифоньер,
Көйлеклер бирақ „көк“ еди.

Ойлардан ойлар дөреген,
Ҳәммесин еслеп келемен,
Маллары қайтқан өристен,
Аўыллар жақсы не деген?!

Өтсе де қанша дәўири,
Жазының ыссы ҳәўири,
Мәўсимди ҳеш бир таңламас,
Қыста да ысық баўыры.

* * *

Кеўлимде көп әрман,
Шынжырланған кийиктей.
Алып қашар армаған,
Жип тиймеген жүйриктей.

Алып қашар таўларға,
Қалып барар шоққылар,
Барар деймен қайларға,
Әлле нени уқтырар.

Өзим менен өзиммен,
Ойлар деген „қырқ қурақ“,
Елес келер изимнен,
Қандайда бир қулдырап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өннан сайын тасаман,
Жән-жақларда көзгенем.
Тардай маған жер-жәҳән,
Биреў сезип сезбеген,

Баратқандай бир елес,
Меннендағы алдырақ.
Өткерер я өткермес,
Жумбақ маған ол бирақ.

Жумбақ емес ал бирақ,
Шабанлардан алыслаў.
Қәйткенде де уллырақ,
Жүйриклерден қалыспаў.

## ШАБАНДОЗЛАР

Көктен көп жулдыз аққандай,
Болар тап байлық тапқандай,
Ат емес өзи шапқандай,
Шабандозлар жарысқанда.

Ҳәр ким ҳәрне барын шабар,
Ат емес тап, арын шабар,
Гейде сийрек, қалың жабар,
Табан жолға тарысқанда.

Биреўинен өтип барар,
Биреўине жетип барар,
Көз ушында кетип барар,
Арғымақлар шабысқанда.

Шабандозлық қызық ойын,
Жеңил тартар озсаң бойың,
Гилең атлар алаң қуйын,
Мегзер палўан алысқанға.

Тарқамағай топарыңыз,
Сәтли болып сапарыңыз,
Сепсимегей қатарыңыз,
Мың-мың жыллар алыстанда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТАЎЫС ТУЎРАЛЫ ҚОСЫҚ

Долансанда,
Таўыс деген жарықлық,
Ушалмайсаң,
Әл-аспанда шарқ урып.
Сондадағы,
Жасайсаң сен өзиңше,
Әсирлерден,
Дәстан болып айтылып.

Сулыўлық та,
Боламекен усындай?
Пәриңди айт,
Дөнип турған ғыжымдай,





www.ziyouz.com kutubxonasi

Ай далада,
Айқулаққа теңесем,
Қубыласаң
Қайта „ханның қызындай“.

Зермисең сен,
Умыт қалған қайдағы,
Гөззаллық та,
Сендей болмас айдағы.
Сен дегенде.
Тәш ўйишке түскендей,
Мың доланған,
Гүллердағы майдағы.

Тәбият та,
Қайталанбас „нағыссаң“.
Десем арзыр,
„Қус патшасы—таўыссаң“.
Сыртқы дүньяң,
Сыртқы дүньяң дым жақын,
Ишки дүньяң менен,
Бәлки алыссаң.

## ТҮЙЕЛЕР

*„Хә түйелер, түйелер,*
*Дузың қайда түйелер!..“*
*(Халық қосығы)*

Сизлерди көргенмен,
Бала гезимде,
„Бес жап“ бойларында.
Алыс шаңлақта..
Бир топар боталар,
Барар изинде,
Дүбелей ушырған,
Мегзеп қаңбаққа.

Жол баслап барады,
Нарлар тайнапыр.
Жерге „мөр басқандай“,
Жайсаң излери.
Бир қараса болды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күш берер ақыр,
Изде киятырған,
Инген көзлери.

Жортып суўатларға,
Тартып барасаң.
Өркеш-өркеш қумды,
Тарatқан яңлы.
Әллеқандай,
Бир намаға саласан,
Журт емес тек өзиң,
Унатқан яңлы.

Десип сонда,
„Ҳә түйелер. түйелер...“
Изиңнен жуўырдық,
Шалөкпе болып.
Есиме көш тартқан,
Бабалар келер,
Үстиң сонша қап-қап,
Дузларға толып.

Келерсең не мәнзил,
Жолларды асып,
Бир уллы күш жатар,
Ата тегинде,
Бизге қайлардандур,
Дузларды тасып,
Қайысқан,
„Пил табан“ болып белиңде.

Деймиз ҳәзир,
„Ҳә түйелер, түйелер...“
Кәрўанлар тартқансаң,
Тарийхың узын.
Баяғыдай емес,
Жүксиз келе бер,
Биракта алып кет,
Аралдың дузын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТОРАҢҒЫЛ

Аўыллардың ортасында,
Ийин тиресип,
Көкке қарай бой тиклеген.
Бийик тораңғыл.
Не бир, не бир даўылларға,
Қайтпай гүресип,
Турғанлығың ой салады,
Сонша маған бир.

Бәлким, саған „қус атасы"
Күләдин келип.
Ким билипти, нешше мәрте,
Сырласқан шығар.
Өр шақаңа аяқ тиреп,
Туралмай бүлип,
Ебетейсиз турқы менен,
Тырмасқан шығар.

Топалаңшыл қырғыйларда,
Шымшықты аңлып.
Ашкөзленип сенде талай.
„Отырған" шығар.
Сергизданлық азабынан,
Тыншымай қаңғып,
Сап денеңе талай тырнақ,
Батырған шығар.

Жуғыр-жуғыр қонақласып,
Кешки пайытлар,
Отырғанда шымшықларың,
„Мәсләҳәт" қурып.
„О тораңғыл. болғайсыз дә,
Бәрҳә мәдәткар",
Деген яңлы туйылғанда,
Жығырлап турып.

Әлле қандай нама менен,
Саған үйирсек,
Дирижерсиз ҳәр ким келип,
„Шалып" атырған,
„Ноталарын" ҳешкимдағы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бермеген өлшеп,
Биреў бийик, биреў пәстен,
Алып атырған.

Бунша не екен?
Ҳәр қайсысы ҳәр жақтан келип,
„Нама шертип“ кетежақтай,
Әлле қайларға.
Мен ҳайранман,
Я өзлерин бийиктен көрип,
Салмақ пскен менидағы,
Татлы ойларға?...

О торанғыл, әсирлердиң,
Бийик асқары,
Ербек-ербек шақаң менен,
Жән-жаққа тарап.
„Сүйе бил деп туўған жерди,
Ҳәдден тысқары“,
Турғандайсаң қай ўақ көрсем,
Бийиктен қарап.

## АЎЫЛ...

Қанша қалың еди аўыл арасы,
Бир үй, бир үй менен иргелес еди.
Онда бизлердағы „ойын бала“сы,
Айтыўға арзырлық бир белес еди.

Ағыл-тегил еди, қатық-сүт деген.
Ағарган сорамас, бир үй бир үйден.
Хожалық жоқ еди сыйыр питпеген,
Айғырлар киснесер еди үйирден.

Ғаррысы „мөлдегин“ жүрсе ҳәремлеп,
Япырмай, жер жетпей атыр ма дийип.
Кемпири ақлығын келип жетелеп,
„Қарап отырмайсаң“ —дер еди күлип.

„Қойсаңа-ә ҳәй кемпир“—дер күлип ғарры,
„Қазан-табақ пенен болсын жумысың,
Ким саған береди гирдикар ҳалды,
Усы ўақта алсам пештиң қуўысын...“



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәрин әкеткендей ўақыт сүрдеўи,
Жыллар өтип атыр жоллар өзгерген.
Бизлер жүрип өткен анаў жердеги,
Белги де жоқ аяқ соқпақ излерден.

Соннан ба, „өзиңнен соңғыны көрип—
Қартаярсаң" деген есимде турар.
Түсиме баяғы ғаррылар енип,
Кемпирлер бир қызық әңгиме қурар.

* * *

Бәлентликти гөзлер,
Бәленттең ушқан,
Сәлем бозторғайлар,
Бәлентти қушқан!
Сәлем көпти көрген,
Кең айдын гүзар,
Сени тәрийплеўге,
Кеўлим ынтығар.
Нәрўан шақаларын,
Самалға қомлап;
Жасыл жапырақлары,
Ымлап, сыбырлап,
Нәўбәҳәр шақырып,
Әўдийген таллар,
Анам ҳәйиў айтқан,
Қәдирдан жоллар.
Тынымсыз телеграфтың;
Дыңылдаўлары,
Қулағымда узақ,
Ыңылдар бәри.
Анам алдарқатса,
Жубанғанларым,
Тегерац нәрсеге,
Қуўанғанларым.
Мамық уясында,
Өзин нөрсетип;
Қурқылтай отырса,
Ҳәўесим кетип,
Оның шеберлигин,
Ҳәўес еткенмен,
Көз талдырып,
Қарай-қарай, кеткенмен.
Сәлем, атызлықлар,
„Ақ алтын" өскен,
Қушағын толқытып,
Самаллар ескен.
Бир тода ақ бултлар,
Көшкен қайларға?
Жылқышы шақырар,
Жылға сайларда.
Ҳәр ким ҳәр нәрсени,
Мақтаныш етер,
Жыл-жылдың қызығы,
Жыл-жылға жетер.
Ойшаң қыялымды,
Нелер тербетер?
О, саған соншелли,
Сырласқан жыллар,
Маған тәшиўиш берип,
Самаллар ымлар ...
Сонша көп китапқа,
Қызыққанларым,
Пушкинди оқыўға,
Қуныққанларым.
Кеўлимниң соншелли;
Ләззет алары,
Әжинияздың,
Нәзик лирикалары.
Аспанда ай күлер,
Сеўип сәўлесин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жулдызлар айтқандай;
Мисли „тәўбе"син.
О, мени билимге,
Шақырған ақ жай.
Сен десе кеўилим,
Бәрҳама бәржай.
„Азамат бол сен" деп,
Сөз айтқанларың,
Талай „келте ойды",
Узайтқанларың...
Бәри де, бәри де.
Алтын топырақ,
Сениң саўлатыңнан,
Жасамас жырақ.
Саған йошларымды,
Етпесем инам,
Ол мениң қарызым,
Ол мениң гүнам.

* * *

Көринислериң
көринислерге,
Карап ымласқан,
Сайрар едим
бүлбил болсам,
Егер тынбастан.
Жер-сырласың саған
қанша,
Қанша сырласқан,
Келши бирге
сырласайық,
Көк гүмбез аспан,
Шадлығым тасқан.

Ғъўғаларда курал алып,
Өзим болмадым,
Аўыл-елдиң аманлығы,
Болды әрманым.
Сол саўдалар таўсылса деп,
Тыныс алмадым,
Жулдызларда көрген яңлы,
Көз жас излерин,
Турған гезлерим.

Сол жыллары сенде талай,
„Жулдызлар ақты",
Көкирегимде көп дебдиўлер,
Гезегин тапты.
Айыра бил сен „бала" деп,
Караны, ақты.
Қыялыма қозғаў салып,
Турғансаң аспан,
Саўлатың аскан.

„Кус жолларың" еслеткендей,
Аспан гүзарын.
Билиппен бе ол ўақлары,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көзим қызарын?
Сенде көрип әлўан түсли,
„Жулдыз базарын",
Ҳәм анадай перзентлерин,
Баўырына басқан,
Сезилдиң аспан.

Қыйналаман көринисиңди,
Бултлар бүркесе,
Көргим келип бурынғыдан,
Қайта мың есе,
Бирақтағы кеўилим ҳәзир,
Нени қәлесе,
Сонша сени жақын етер,
Ай менен аспан,
Шадлығым дәстан.

Қыялларға қозғаў салар,
Кең дүньялық салмағың,
Қанша-қанша әрманлардан,
Шынлық болмағың.
Ҳәм күсеймен күнлеримниң,
Жулдызлары жанғанын.
Еле берин қулпы дөнип,
Жасанар дүнья,
Жасарар дүнья.

## ТОЛҚЫН

Сен ысықсаң кишк нтайдан,
Сырласқан толқын,
Қыймылыңнан қыймыл өнип,
Қыр асқан толқын.
Саған деген ықласларым,
Кеўилимде толқып,
Узақ кетсем сағыныштан,
Қыймаспан толқын.

Сенде сонша толқыўы бар,
Сан мың жүректиң,
Байланысын сездиргендей,
Жер менен көктиң,
Алыслардан ағыслардың,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кәрўанын тартып,
Қыялыма жулдыз жәнe,
Ай болып шөктиң,

Балалықта талай жаптан,
Сени көргенде,
„Балық" деген сада қыял,
Бар еди менде.
Анам маған „суўға түспе,
жазым боларсаң„,
Деп айтқаны қулағымнан,
Кетпеген күнде.

Қызық еди ағын суўда,
Қалақ ойнаған,
Сен сондағы „балық" едиң,
Бизлер ойлаған.
Толқын менен өршелесип,
Талай тиресип,
Көз алдымда сада сезим,
Мени қыйнаған.

...Сонша кеўил мақтаныш етип,
Сырласқан толқын,
Қыймылыңнан қыймыл өнип,
Қыр асқан толқын.
Балалықта тебирендирип,
Бүгинлиги де,
Тағы мениң сезимиме,
Уласқан толқын.

## БАЛАЛЫҒЫМ

Сенде нәўбәҳәрдиң жайнаўлары бар,
Сенде булақлардың қайнаўлары бар,
Сенде гүл өмирдиң сәўбети-сазы,
Сенде сулыўлықтың ойнаўлары бар.

Сени қосықларда тыңлайман бәрҳә,
Саған деп қанатты қомлайман бәрҳә,
Сен мениң өмиримниң гүл-гүл жайнаўы,
Сен деп сырлас болдым гөззаллықларға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүлдей шешек атар сулыў саўлатың,
Ҳаўазаң, бәлентге, бәлентдур атың,
Мен сеннен билгенмен дәўир қызығын,
Ҳәм сеннен уққанман өмир қымбатын.

## АНАМ АЙТҚАН СӨЗЛЕРДЕН

Ақыл деген тәрези,
Өлшеп турар бәрҳәма.
Адамлардан ғәрезли,
Ҳәтте мынаў дүньяда.

* * *

Дүньяники ғалма-ғал,
Дүньяники машқала.
Соңлықтан ол бир болар,
Ғарры менен жасқа да.

* * *

Ата-ананың кеўилин,
Барлық ўақыт бақлай бил.
Қайтарма ҳеш зейинин.
Исенимин ақлай бил.

* * *

Сениң дос деп жүргениң,
Басқа шықса налынба.
Жақсы оны билгениң.
Жек көргенге жалынба,

## АНА ҲАҚҚЫНДА БИР АҢЫЗ

Көп қәтелик етип биреў бурында,
Иси айналып жүрсе керек қырынға,
Ақырында бир күн сапар шегипти,
Барыў ушын „кәрамат"лы орынға.

Бәринен ол пәк болсам деп болжапты,
Нешше күнлеп жол жүрип ҳәм шаршапты,
„Жол азабы, гөр азабы" дегендей,
Жолаўшыны түрли ойлар қоршапты.

Өтипти ол талай сүрдеў жол асып,
Сонша мақсет мақсетлерге уласып,
Бир дәрбентти өтсе, екинши дәрбент,
Әрман әрман менен кеткен шоласып.



www.ziyouz.com kutubxonasi





www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаслығында жиберген көп кәтелик,
Усыныпты көп пушайман әкелип,
„Сапар шеккен“жерден қайтып айлансам,
Бәри-бәри кетпес пе деп өтелип,

Көрип қалып бир ғаррыны ақырын,
Сорапты оннан жолдың алыс-жақынын,
— Әй балам-аў, несин сорап отырсаң,
Барар жериң мыңсан-мыңсан шақырым.—

Депти ғарры, жигит әбден сасыпты,
„Қалай болды?“ дойип басын қасыпты,
Буны сезген ғарры жигитке қарап,
Сораўлардың сыр сандығын ашыпты.

— Мениң бир айтарым бар саған балам,
Үйиңде бармеди қартайған анаң?
— Бар аўа,
— Ҳе-е, онда барлық ҳүрметти,
Көрсетсең болғаны барғаның оған.

Жигит соннан баслап қайтыпты изге,
Мың-мың алғыс айтып даналық сөзге,
Анасы баласының зийнетин көрип,
Депти „өнип-өсип шыққайсаң жүзге“.

Сөйтип оған талай алғыс дарыпты,
Бул ўәсият соңғыларға қалыпты,

## ЖАСЫЛ ЖАҒАЛЫҚЛАР

Биз дәрья жағалап баратыр едик,
Иним сөйлеп келер, сонша тамаша.!
Барар толқынлардан толқынлар туўып,
Биринен биреўи ҳәмде аласа.

Иним қызықсынып қарар бәрине,
Бәлким елестирмес өмир ағысын.
Мениң ойланыўым келмес кәрине,
Ҳәм де елестирмес өмир жағысын

Бир шабақ шомп етти, бирден сол ўақыт,
Иним бақырды кеп.—„балық әнекей“,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонша ойларымды шабаққа „сатып“,
Дедим иләжсиздан, қәне-қәнекей“.

Жасыл жағалықлар ойладым сени,
Шабақ-әм ойладым балама бейим,
Дүньяда ҳеш нәрсе болмас па дедим,
Балалық кеўилди қыймаўдан қыйын.

## ТӘБИЯТТЫ ЖАҚСЫ КӨРСЕҢ

Тәбият бийикликти,
Таўлардан аямаған.
Айланып жер ҳәм көкти,
Қуслар-әм паналаған.

Адамлар сол бийикке,
Әзелден қумар болған.
Қызығып ор кийик те,
Алыстан қарар оған.

Шыңларға альпинистлер,
Бир-бирин жетелеген.
Тутасып сонша күшлер,
Бәлентлеп кетеди екен.

Басына таўлардың да,
Мендағы қарап турдым.
Сестине суўлардың да,
Соншелли қулақ түрдим.

Гүллердиң
жылўасындай,
Булақлар ағып атыр.
Көп жылғы сырласындай,
Ай қыя бағып атыр...

Тәбиятты жақсы көрсең,
Не барын ийеди екен.
Сен оны сүйе билсең,
Ол сени сүйеди екен.

* * *

Жалған сөз айтсаң
биреўге,
Алданғаның өзиңниң,
Көзиңниң тартып
гиреўги,
Арбанғаның өзиңниң,

Алапаға жуўырсаң,
Баҳасы болмас сөзиңниң,
Орынсыз белди
буўынсаң,
Тарайғаны сезимниң.

Болмасын десең басқаны,
Болмағаның өзиңниң.
Толмасын десең басқаны,
Толмағаның өзиңниң.

Сораса силтеў бермесең,
Кемшилигиң өзиңниң...
Дурыслықты көрмесең,
Пайдасы не көзиңниң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Билиў ушын басқаны,
Билиў керек өзиңди.
Көриў ушын басқаны.
Көриў керек өзиңди.

Сыйлаў ушын басқаны,
Сыйлаў керек өзиңди.
Ойлаў ушын басқаны,
Ойлаў керек өзиңди.

Қыймаў ушын басқаны,
Қыймаў керек өзиңди.
Тыңлаў ушын басқаны,
Тыңлаў керек өзиңди.

Аңлаў ушын басқаны,
Аңлаў керек өзиңди.
Оңлаў ушын басқаны,
Оңлаў керек өзиңди.

## ТИГИЛГЕНМЕН ТАЛАЙ АҒЫСҚА

Асықпастан қәдемлер атып
Нәзер салып алыс-алысқа.
Жағалықта ойларға батып,
Тигилгенмен талай ағысқа.

Гүмис суўлар күндиз күн менен,
Ал түнлерде айға сырласар.
Қандай да бир ойшаң үн менен,
Әлленелер айтып ымласар.

Суў үстинде сағымлар ойнап,
Ағыс көркин өзинше безер.
Ой ағылып бир емес мыңлап,
Қыялларым жән-жақты гезер.

Толқынларың тыпыршып алға,
Толқын барар толқыр тағы да.
Жолаўшыдай баратқан жолда.
Асыққан бир жетер жағына.

Кешлеринде ай нурын шашып,
Өзин көрип суўға тигилер.
Кең әлемге мөлт-мөлт қарасып,
Айдынында жулдызлар күлер.

Сен мәўжирип ағасаң ҳағлай,
Мен қарарман ойларға талып.
Сүйерме едим Әмиўим булай,
Суўларыңнан ишпесем қанып.

## АТА-АНАЛАР

Гүл жайнаған бостанларың,
Талай ерлик дәстанларың,
Унар бахыт қушқанларың,
Халқым сүйген ата-аналар.

Ел исинде сыннан өткен,
Не жемисли ислер өткен,
Ел иси деп терлер төккен,
Жүзиң жарқын ата-аналар.

Талайың бар орның белли,
Қуўандырған пайтахелди,
Даңққа бөлеп туўған жерди,
Алтын терген ата-аналар.

Илим ҳәм де билим күши,
Көпке унаган еткен иси,
Көпшиликтиң қәлеўлиси,
Ай, күн сүйген ата-аналар.

Сайланасыз, сайлайсызлар,
Жулдыз киби жайнайсызлар,
Елдиң ғамын ойлайсызлар,
Орның төрден ата-аналар.

## ТУРМЫС МАҒАН ҮЙРЕТТИ

Жоллар бизге үйретти –
Жақын менен алысты.
Турмыс бизге үйретти—
Өмир деген ағысты.

Сол ағыста толқынлы,
Мен де толқып келемен.
Үйренбедим қорқыўды,
Үйренбеспен еле мен.

Турмыс маған үйретти—
Бол деп доқса жайдары.
Урыс маған үйретти—
Бол деп жаўға ғайбарлы.

Себеп душпан зардаплы,
Оннан кеўлим суўысқан.
Дослық маған қымбатлы,
Дослық маған туўысқан.

* * *

Бүлбүлгөя дегенди,
Сайратамыз қәлесек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мынаў сонша әлемди,
Жайнатамыз қәлесек.

Тоты кусты адамша,
Сөйлетемиз қәлесек.
Бәрин, бәрин солайша,
Үйретемиз қәлесек.

Сонша ҳөнер, жақсы сөз,
Бул әлемде бәри бар.
Тек олардан бийғәрез,
Жасар ай, күн, жулдызлар.

* * *

Тәбият деген—сүўретши,
Аямас екен бояўын.
Ҳеш кимге демес, „үйретши",
Гәп емес оған аяўың.

Түрлердиң таңлап ағласын,
Далаға нағыс ояды.
Гөззаллық пенен сырласып,
Безентип ғана қояды.

Қарадым оған тигилип,
Кубылып атыр алдымда.
Көриниске қызығып,
Машқы етип қалдым да.

Ирећлерде ойларым,
Бәри бирге питкендей.
Дала менен қыялым,
Дала болып кеткендей,

* * *

„Күн шықпастан түргел бурын,
Бир әндийше айтар саған.
Қарсы ал сөйтип таңның нурын",
Деп үйретти ата-анам.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күн шықпастан бурын таллар,
Өзинше бир тербелисти.
Ерте турған баз бир баллар,
Шақаларға өрмелести.

Шымшықлар жуғырласқан,
Балалардан қашып кетти.
Уя басқан шақалардан,
Әлле қайда ушып кетти.

Бәрин-бәрин бақлап турман,
Ғарры өтти бузаў жетеп.
Бық-жық болды қоразлардан,
Таўық қора, таўық кетек.

Ақлығы бар арқалаған,
Кемпир қарар дөгерекке.
Көп адамлар оянбаған,
Күндегиден ертерек пе?

Күн шықпастан турсам бурын,
Еске түсер ата-анам.
Қарсы аламан күнниң нурын,
Бир әндийше айтар маған.

## БОЛҒАЙСАҢ БИР БИЙИК СЕН

*(Ақлығым Айбекке)*

Ис еткен соң ели ушын қайырлы,
Халық сыйлайды жазыўшыны, шайырды...
Жайлап кетти, бул күнлери сыр емес,
Бердақ, Әжинияз лар қала, аўылды...

Бос қалмаған шайырлардың мийнети,
Айтар оны ҳәр заманның келбети...
Тағы оны көп жерлерге таныттар,
Қеўендердей сүўретшиниң сүўрети.

Хожа Ахмет Яссаўийди оқысаң,
Дерсең сенде сондай ҳикмет тоқысаң,
Қызғанғаннан сөнип кетсин насазлар,
Десин жақсы, „жүреклердиң отысаң".



www.ziyouz.com kutubxonasi

Азамат бол, билмегенди билип сен,
Науайыдай кең жәҳәнди сүйип сен,
Халық кеўлинде жасап қалып Айбектей,
Елиң ушын, болғайсаң бир бийик сен.

## ТҮРКСТАНДЫ ТЫҢЛАСАМ

Бабам қоныс басқан жер,
Тарийх толы дәстан ел,
Талай толып тасқан жер.
Шежиреңди тыңласам.

Қәҳәрленсе „қар
жаўғаң,
Намыс пенен ар жаўған,
Шалкийиз бенен
Айтуўған,
Тәрийхыңды тыңласам.

Ормамбет бий өр болған,
Талайлардан зор болған,
Халқы менен бир болған,
Тарийхыңды тыңласам.

Көргеним көп қалыйды,
Сөзге шешен ўәлийди.
Бәри сени таныйды,
Өткениңди тыңласам.

Талай палўан айқасқан,
Бирин-бири шайқасқан,
Не өтпеген бул бастан,
Өткениңди тыңласам.

Жериңде көп жазық бар,
Ат айланған қазық бар,
Ада болмас азық бар,
Бетлериңди тыңласам.

Дүлдүлдейин ел атлап,
Талай-талай жер атлап,
Ушқандайман қанатлап‘
Түркстанды тыңласам.

* * *

Көп ойларға талайын,
Мағандағы қанат бер.
Сизлер бәрҳә ылайым,
Болғайсызлар мәдеткер.
Қарап турсам қашанда,
Толы шайыр, шешениң,
Қутқарыпты жаўдан да,
Саған деген исеним.

## НАЎРЫЗ ҚОСЫҚЛАРЫ

Сөзин уғып аналардың
Илгир зейин даналардың,
Көзин көрген бабалардың,
Хош келдиң, Наўрыз.

Қырманларың көкти қушқай,
Әрманларым алып ушқай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мыңсан табыс қушақ ашқай.
Әссалам, Наўрыз.

Күнлер өтип қатар-катар,
Сени дейип танлар атар,
Малға тасар жайлаў отар,
Көп күттик, Наўрыз.

Қызар сонша сазы-сәўбет,
Келгендейин сонша әўмет,
Ҳәр келиўши үлкен дәўлет,
Бахтымсаң, Наўрыз.

Ойларыңыз ойға улассын,
Тойларыңыз тойға улассын,
Жылларыңыз жылға улассын,
Деп келдиң, Наўрыз.

Ойлар қанат жайған бүгин,
Көптен күткен байрам бүгин,
Шадлық сейил, сайран бүгин,
Сен келдиң, Наўрыз.

* * *

Суўлар ағып жылға-сайдан,
Ағып келер қайда, қайдан.
Бизлер көптен күткен байрам,
Жайна Наўрыз, жасна Наўрыз.

Сорап көрсем алплардан,
Атың белли тарийхлардан,
Мың-мың үмит халықлардан,
Жасна Наўрыз, жайна Наўрыз.

Гүллер әтир шашар саған.
Еллер қушақ ашар саған,
Дәрья толқып тасар саған,
Гүлле Наўрыз, гүлле Наўрыз.

Барсаң қуслар қанатында,
Гөззал дияр елатымда,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көп әндийше бар атында;
Жайна, жайна, жайна Наўрыз.

Мыңсан липас далаларда,
Аўыл менен қалаларда,
Қосық саз боп намаларға,
Жасна, жасна, жасна Наўрыз.

## „МӘҢГИЛИК ОТ"

(*Дүркимнен*)

*Уллы Ўатандарлық урыстан жеңис пенен қайтқан ҳәм қайтпаған Ўатанласларым, Сизлерге бағышлайман.*

*Автор.*

### 1, ЖЕҢИС МӘРТЛЕРИ

Талай саўашларда топты айырып,
Душпанларды қанатынан қайырып,
Ерликлериң пүткил елге жайылып,
Келдиң туўған жерге жеңис мәртлери.

Бул жеңисти күтти халық асығып,
Сән-саўлатың мисли гүлдей ашылып,
Өткен жоллар көзге оттай басылып,
Бир уллы күш берди жеңис мәртлери.

Мың-мың тасқын таўдан қулап аққандай,
Жәзийрадан жүзлеп булақ аққандай,
Бәленг шыңнан суңқар қанат қаққандай,
Атларыңыз жаңлап жеңис мәртлери.

Мегзерсизлер жулдыз сәўле шашқанға,
Ислериң айланып ерлик дәстанға,
Өшпес бахыт берип нурлы бостанға,
Жасайсыз мәңгиге жеңис мәртлери.

### 2, АТАЛАР

Сизлер жүрген жерде гүллер ырғалар,
Сизлер жүрген жерде қуяш нурланар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Атларыңыз әсирлерде жырланар,
Арамызда бәрҳа барсыз, аталар.

Өмирде не қыйын болса көрдиңиз,
Душпаннан тайсалмай көкирек кердиңиз,
Өңирде жарқырап орденлериңиз,
Елге мәдеткарсыз әзиз, аталар.

Қатарыңыз сонша сийрексип қалып,
Турасыз соншама ойларға талып,
Жасай билгеннен соң жалындай жанып,
Мәңги атып турған таңсыз, аталар.

Жеңис намалары жаңлап қайтадан,
Мақтанса арзыйды қүдиретли Ўатан.
Бир әжеп сезимге бөленип жәҳән,
Сизлерге алғыслар айтар, аталар.

### 3. ӨТКЕН ЖОЛ

„Киров жап“ аяғы,
Баяғы аўыл.,
Кеўилим абыржыр,
Еслесем базда.
Урыс жылларында,
Жол болып аўыр,
Ески журттай ойға,
Түсесең базда.

Улы-шуў қум-қуўыт;
Аўыл арасы,
Сонша шала қалып,
Талай ойынлар.
Қаншаның алынып;
Жалғыз баласы,
Тоғындай қайысты,
Жәп-жас қайыңлар.

Басында шәпеги,
Күнге күйрелип,
Жаңа бой көтерген,
Жигит-желеңлер.
Үлкен адамлардың.
Исин меңгерип.
Кеўил алғаў-далгаў,
Қулақ елеңлер...

Анам байғус мени,
Жетелеп барып,
Неге нала етип,
Аҳ шекти десем.
Жалғызын урысқа,
Шығарып салып,
Келген екен байғус,
Ҳәмийда шешем.

Анық аңламаспан,
Медет атамды,
Турғанын сақалын,
Көз жасы жуўып.
Талай кирпик қақпай,
Атырып таңды,
Ески китапларды,
Оқыр жүгинип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Жалғызым, тек аман,
Келгейсең"—десип,
Айтар дуўасы да,
Тамақтан кейин.
Шайды да көрмеген,
Суўытпай ишип,
Почтадан хат күтер,
Күн өтиў қыйын.

Қаншама шайпалар,
„Сабыр кесасы",
Үй деген үй емес,
Өртең шалғандай.
Күлиў жоқ жазылыспас,
Ҳеш бир пешеси,
Жыллар өтер еди,
Мисли әрмандай.
Асығып почта ҳәр,
Әкелген хатты,
Көзге сүрме етип,
Суртер байғуслар.

Хат емес баласын,
Көргендей татлы,
Кеўиллер қулазып,
Айтты алғыслар.

Жыллар қайтқан ғаздай.
Айланып сонда,
Мәдияр аға келип;
Көплер қатары,
Ата-ана байғуслар,
Қуўанып сонша,
Өткен жылды еслеп,
Ойға батады...
Аўылдан алыста,
Қәдимги шаңлақ,
Урыс, балалықтың...
Қалған гезлери.
Бүгин бүртик жарар,
Кеўлимде мыңлап,
Жеңистиң өмирге,
Салған излери.

---

Мәдияр аға Медетов уллы Ўатандарлық урысда катнасып талай-талай ерлик көрсеткен, урыс ветераны. Ҳәзир ҳүрметли дем алыста. *Автор.*

## УРЫС ИЗЛЕРИ

(*Поэма*)

* * *

Урыс түўе, „урыс" дегенде,
Қанша ыза қайнайды менде.
Көз алдымда қыйраған жайлар,
Жайлар түўе сонша адамлар.
Бүлинди көп, бирақта намыс,
Бермеди ҳәм ҳәргиз дағдарыс.
Сонша жылды салсаң да артқа,
Түсесең сен бәрҳама ядқа.
Ҳәтте кең жәҳәнниң шетинде,
Ойланаман шыққан түтинге.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кетеди бир ғәзебим қайнап,
Өткен сол бир жылларды ойлап.
Есте қалды себеп мәңгиге,
Баслайжақпан соннан әңгиме.
Не өтпеди бул бастан мына,
Фронттағы улына ана,
Келгени сол. жумыстан жаңа,
Хат жоллады асығыс ғана.

* * *

Балам мениң сонша жас едиң,
Қатарыңа бирақ бас едиң.
Айыра алмай оңлы-солыңды,
Жүргениңде урыс толыңды,
Шайқап кетти қәйтемиз буған,
Нала шекти биз түўе жәҳән.
Сен кеткели ҳәр күнди санап,
Отыраман жолыңа қарап.
Өзиң кеткен анаў гүзардан,
Арман-берман жүремен мудам.
Әкелгейсең жалғыз улымды,
Карар көзде жанған нурымды.
Деймен егип өзимше тилек,
Соншелли бир жақсылық тилеп.
Ал түнлерде жулдызға қарап,
Отыраман бирме-бир санап.
О, жулдызлар болың хабардар,
Жалғызымнан қандай хабар бар?!
Айтың аман жүриппиз тегис,
„Биримиз арқаў, биримиз ерис“.
Аўылымыз өзиң көргендей,
Кайысамыз бирақ ингендей.
Қолларымыз жаңа жеткенде,
Өзиңдей көп жаслар кеткенге.
Бул елатта мынаў етекли,
Жигит көрсек гейде шәпекли,
Өзиң шығар деп қалып базда,
Әсиресе ҳоў анаў жазда.
Әкең байғус биреўди көрип,
Жүре берген изине ерип.
Айнымаған дәл мениң балам,
Деп соншама қарапты оған.
Адамларда уўда-шуў болып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр ким өз баласына „жорып“.
Ол жигитти алып ортаға,
Сораў берген дейсең бир тыма..
Не қыйынлық кешпеди балам,
Бул күнлери ҳәмме де алаң.
Урыс деген салғалы дүтин,
Уйқымызда дым емес пүтин,
Гей ўақлары шығамыз шоршып,
Әб-әший бир түслерден қорқып,
Аўырманлық ғулғула салып,
Кеги қайнап соншелли халық,
Душпанларды жоқ етиў ушын,
Күш-ғайратты оқ етиў ушын,
Орынлайды, төрт-бес норманы,
Белгили ғой балам аржағы.
Жаўызларды қайтарып дизден,
Жеңис пенен келгейсиз тезден,
Буны билмей базыбир жаслар,
Ҳәдден асып гейде ғоддаслар.
Кийим пүтин, тамақ та пүтин,
Қашырмайды ҳеш нәрсе қутын.
Сөйлеўлерин еслеп жағымлы,
Не биреўлер улын сағынды.
Аўырманлық көп гезди елди,
Десе биреў, „урыстан келди“.
Ағылысты сонша аламан,
Аўыллардан ҳәм де қаладан.
Не саўдаға дуўшакер болып,
Не бир гүллер қалмады солып.
Балаларын өсирген қыймай,
Аналарда көз жасын тыймай.
Тебиренди кеўиллер қанша,
Не бир гүллер жарғанда ғумша.
Неге ғана төгилген қанлар,
Неге ғана қыйылған жанлар.
Неге ғана жап-жас жигитлер,
Босқа кетип сонша үмитлер...
Бир сапары еле есимде,
Көп орден бар таққан төсинде,
Бир жаўынгер әскер формалы,
Жетип келди минген жорғаны.
Қоршап алды оны аламан,
Ҳайран қалдым сонда мынаған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Ўлым мениң айтарым саған,
Тап өзиңдей бир еди балам.
Кемпирим де жолына карап,
Бармақ бүгип ҳәр күнди санап.
Қарай-қарай көзи сарғайды,
Билесең гой балам, ҳал-жайды,—
Деген еди оған бир ғарры,
Биреў тағы жақынлап барды,
Жуўайықшы кеўилдиң кирин,
Ҳәммемизде солаймыз иним.
Деп биреўи айтып әңгиме,
Гәп баслады ақырын және.
—Болғаныма мен тек нәренжан,
Жедим әттең сонша пушайман.
Ҳәмме урысқа атланған ўақта,
Барамыз деп хатланған ўақта,
Менидағы дизимге алың,
Шықса шықсын урыста жаным,—
Дедим. айтып военкомға мен,
Өзимше күш бийлеп сонда мен.
Көп ойланып военком жигит,
Қарап турып көзлерин тигип,
—Урыс деген жалынлы түтин,
Болса еди мүшеңиз пүтин.
Тылда-ақ жүрип көрсетиң көмек,
Буныңдағы орны бир бөлек, —
Деп урыстан қалдырып кетти,
Көп ойларға талдырып кетти.
Деп айтканда бири ойларын,
Солдат болса нәзерлеп бәрин.
Өзинше бир ойларға талып,
Кийимлерин ҳәм жөнлеп алып.—
Гәп баслады ақырын ғана,
Айтаман деп мақулын ғана...
—О, халайық бир әпиў етиң,
Осколькадан тилинген етим.
Бираз жерден болдым жарадар,
Бәриң таныс, бәриң бирадар.
„Урыс болса болар ма турыс?",
Көп саўашта болғанман дурыс.
Қулағымда бомбалар сести.
Айқасыўлар ҳәм қыян-кести,
Душпанларды серпилтип кейин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Барсақ дейин Берлинге дейин.
Гейбир жерде алдық шегинип,
Күшти жыйнап ҳәм де бекинип.
Болдық бизлер түрли миллеттен,
Рус, қырғыз, тәжик, өзбектен...
Бәримизде бир ғана тилек,
Аўыл-елди шадлыққа бөлеп.
Жаўызларға ғулғула салған,
Ныпқырт етпек кетирип ҳалдан.
Өйтпегенде кеўил төзбеди,
Максет болып бул бир биздеги.
Бул Ўатанның мынаў кеңлиги,
Ҳәр перзентке оның теңлиги,
Ардақлаўлар туўылған жерди,
Кеўиллерге жайғаса билди.
—Дурыс иним, ботадай бозлап,
Жүреклерде кек деген ғыжнап.
Тәселле айтып, биреўге биреў;
Болып жүрмиз аўылда сүйеў.
Жалғыз еди ағамнан қалған,
Хабар-атар болмай тур соннан
Көргенсизди саўашта бәлким,
Егер билсең хабарын айтың.
Жигит еди өзи толықлаў,
Көп сөйлемес ҳәм де тынықлаў.
Жуўап берер лекин сорасаң,
Бир көргенде ҳайран қаласаң.
Жигит еди, аўылда белли,
Аты-жөни Нурымов Бегли.
Умытыппан есим қурысын,
Айтыў керек гәптиң дурысын,
Қалдырмаппан жақсысы еле,
Қалтамдағы сүўрети мине...
Деди жасы елиўге барған,
Бир жасыүлкен ентигип зордан.
Солдат тағы ойланып қалды.
Қандай да бир ойларға талды.
Көп тигилди сүўретке қарап,
Ҳеш нәрсени айтпастан бирақ.

* * *

Узақ кеткен таўдың етеги,
Тоғайлықтың алыс шети еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Душпан менен болып шайқасыў,
Қыян-кести ҳәм де айқасыў,
Шүйкилдесип оқлардың сести,
Адым сайын бомбалар түсти.
Ур-раласқан жалынлы сеслер,
Душпанлардан қайтпаған гезлер.
Сонда келип биреў қасыма,
„Қай жерденсең?"—деди асыға.
Арасында усындай пайттың,
Әсте-ақырын атымды айттым.
Олда сол ўақ сыбырлап әстен,
Беглимен деп айтқаны есте.
Болдық дейсең сөйтип үйирсек,
Сүйеп қалдық азлап сүринсек.
Сол саўашта көп болды қурбан,
Бир сапары полкке зордан.
Жетип келдик бес жүз кисиден,
Бул қалайша шығар есиңнен?!
Он бесимиз ҳарып бүлинген,
Көп жеримиз оқтан тилинген.
Тартқаннан басоншелли жүдеў,
Таный алмай биреўди биреў.
Гүйзелиске түсгик соншама.
Кек жалыны лаўлап қаншама.
Жаўға деген кернеди ашыў,
Мақсет болып тек алға басыў.
Түнниң иши сондай қараңғы,
Байқамайсаң адам, адамды.
Кеттик тағы тапсырма алып,
Дем алыў жоқ, қалсаң да ҳарып.
Тоғайлықты кесип ақырын,
Жолды өттик төрт-бес шақырым,
Бир жылғадан өте бергенде,
Бийикликке жете бергенде.
Байқап қалдық, аңласақ нағыз,
Топарласып отыздай жаўыз.
Отты жағып ҳәзликке қашып,
Болып атыр аўқатлар асып
Ўақыт күтпес, керек батырлық,
Ер жүреклик ҳәм де батыллық.
Қәйтсек екен, бәринде жарақ,
Көп ойланыў пайдасыз бирақ.
Деди Бегли, „Досларым билсек,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтар сөздиң нағынан келсек.
Албырап ҳәм керек саспаўы,
Дәркар қайтпай саўаш баслаўың.
Жаўызларды тирилей услап,
Барсақ еди штабқа баслап.
Мақул дестик әсте ақырын,
Билгеннен соң буның мақулын.
Не нәрселер түспейди ядқа.
Қыйын-қыстаў усындай ўақта.
Көп нәрсени сезеди жаның,
Еслеў қыйын бирақ та бәрин.
Бул баслардан көп нәрсе кешер,
Тәғдириңди бир секунд шешер.
Азғана ўақ өтпей-ақ соннан,
Кузғын яңлы жемтикке қонған.
Басқыншылар аўқаты жаңа,
Баслай берген ўақытта ғана.
Алыў керек болып қоршалап,
Путаларды барып тасалап.
Топылдық кеп бәримиз бирден.
Албырақлап бизлерди көрген.
Жаўызлардың зәреси калмай,
Өрре турды албырап сондай.
Қол көтерди биразы қоркып,
Ал биразы найлаж булқып.
Шекти дейсең сонша жан айбат,
Болсадағы қандай бәдайбат,
Сууға түскен тышкандай болып,
Бәри көкке ушқандай болып.
Сонда көрдик Беглиниң күшин,
Бәри буның халқымыз ушын.
Умтылғанда күш пенен ғайбар,
Қасарысқан соншелли жаўлар,
Тығыларға табалмай тесик,
Соныңдай бир жан терге түсип.
Болды дейсең аласапыран,
Сасқанлықтан сонша ақылдан,
Сөйлеўге де гүрмелмес тили,
Бири турса, жығылар бири.
Тапсырманы орынлаў тәртип,
Қайсы бирин турайын айтып.
...Оҳо, қанша саўашлар есте,
Есимде жоқ, ерте ме, кеш пе,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қосты дейсең жигерге, жигер,
Пайда болып сонындай жедел.
Бир ўақлары аңласам барлап,
Жан-жағымның бәри ақ қалат.
Мен ортада жатыр екенмен,
Қозғалтпайды қулақ шекемнен,
Көп бир нәрсе турғандай басып,
Көзимниң де нурлары қашып.
Тарта берди дейсең гиреўги,
Аңламайман биреў-биреўди,
Бир нәрсени айтпақшы болып,
Кетсем деймен орнымнан турып,
Қозғалтпайды бирақ та геўдем,
Бар күш пенен бир ўақыт бирден.
Умтылғаным, „сабыр ет жигит",
Деп медсестра күлип.
Көз астынан жымыйып әсте,
Жаслығымды түсирди еске.
Алыс анаў аўыл беттеги,
Ҳәм үйлерди жолдан шеттеги,

* * *

Көринисти еслеймен әсте,
Бәрин-бәрин түсирип еске,
Көз алдыма келгендей болып,
Терезеден әлемди шолып,
Сондай татлы қыялға шүмдим,
Иши еди бул сонда түннин.
Қайда қалды айтқандай Бегли?
Келгендеймен есиме енди.
Жоқ биракта турыўға димар,
Басым меңзең көзлерим тынар.
Соң еслесем баяғы саўаш,
Мени майып етипти ыр-рас,
Бир аяқтан болыппан жуда,
Деймен сонда өзиме, „шыда",
Қыйынлықты бирге бөлисиў,
Болды бул бир соңғы көрисиў,
Саўаштағы дослар дийдарын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еслеп турман көп-аў, айтарым.
Бул гәп емес, айтылған мәзи,
Көп кешикпей бәҳәри, жазы.
Келип қалар биразы еле,
Келдим елге, көрдиңиз мине.
Деп аяғын ақырын қозғап,
„Дем алсам"—деп турғандай азлап,
Көпшиликке қарар мүлайым,
Халайықлар дәртлес болайын.
Деп айтпақшы болады бирақ,
Журтшылықтан кеширим сорап.

* * *

—Көп-аў еле көргениң аға,
Айтып тур ғой, ордениң аға.
Қашан келер бизиң әжағам?
Сорап көр—деп жиберди ағам.
Маңлай шашлы еди, түр-түси
Көз алдымда соңғы күлкиси.
Умытпайман елеге шекем,
Тутып өзин соншелли бекем,
„Аман болғай, Ўатаным, елим,
Апа саў боп турғайда дениң.
Шадлығымды көрерсең еле,
Қуўанғаннан күлерсең еле.
Деп анамды кетти жубатып,
Анам болса сөзин унатып.
Әсте ғана мыйықтан күлди,
Еске алар соны көп енди.
Биреў менен биреў туўысқан,
Келди десе биреў урыстан.
Анам мени изине ертип,
Гейде көз жасларын сүртип.
Билдирмеўге тырысар маған,
Ҳайран калып тураман соған.
Узын гәптиң айтсам қысқасы,
Дейди хатта „дала почтасы".
Хатлары да жазылар қысқа,
Умытпадым ҳоў анаў қыста,
Бир келгеннен қайтып келмеди,
Сүўретине қарап төрдеги.
Апам ҳәр күн батады ойға,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қатнасқаймыз илайым тойға.
„Солдат балам" бергей хабарын,
Хат жазбай тур, неге биймәлим,
Түсиндирип айт сен ҳалымды,
Шүйиншиге алсын малымды,
Барыў ушын болмай тур диңкем,
Келеғойса, тойым бар үлкен.
— Балаң келди!—десип, әнекей.
Тамашасын көрсем қәнекей.
Шадлығыма болып ылайық,
Бар-жоғымды алса халайық,
Етип сонша тәғдирге тәўбе,
Жумсар едим барымды ҳәрне.
Тойға шашып жыйған-тергенди,
Не жетеди қызық көргенге...
Деди анам:—айтың деп сизге,
Умытыппан буннан да өзге,
Үйге келип дуз-дәмек татсын,
Көрген ҳәм де билгенин айтсын.
Турды бала сөйтип мардыйып,
Жүрт тыңлады силтидей тынып.
Күлди солдат: – алғыс бәриңе,
Барғаным жоқ, үйиме еле.
Көрмегенмен еле анамды,
Үйимнен де ҳеш бир адамды.
Олардағы сизлердей болып,
Қайта-қайта гүслерин жорып.
Отырғанды жолыма қарап,
Өткен-кеткен адамнан сорап.
Дийдарласып еле де талай,
Көрисермиз буннан да былай.
Иним азлап жақынла берман,
Әжағаңды еситиў әрман.
Болып жүрген сағаи, апаңа,
„Өткир пышақ қында жата ма?..."
Сол сыяқлы жаўларды жеңип,
Көп солдатлар жақында келип,
Қаларлығын билемен анық,
Қуўаныштан толайым халық.
Көриседи балалары менен,
Жақын-жуўық жанлары менен.
Соның бири сениң әжағаң,
Келип қалар тез күнде аман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дегени сол шадлығы тасып,
Көпшиликтиң кеўилин ашып.
Көп ғаррылар айтты „әўмийині".
Тарқамады көп ўақыт жыйын.

* * *

Сағынғаннан гүзар жол беттен,
Балаларын асыға күткен.
Ата-анаға толды жол бети,
Мыйық тартпай көптиң әлпети.
Қарар еди байғуслар жолға,
Ҳәр бир күни татыған жылға.
Гей күнлери жулдызлар батып,
Уйқы көрмей таңлары атып,
Барар еди атызға бирден,
Ерси еди ол ўақыт күлген.
Ерси еди ҳәтте той бериў,
Бир қәлипте еди күн көриў.
Тоқтап қалды ылақ шабыўда,
Бул нәрсеге жоқ ҳеш қағыйда.
Тоқтап қалды мереке сейил,
Алаң еди ҳәммеде кеўил.
Кимди көрсең тартып мүлайым,
Тарқағай дер, урыс илайым.
Елге түсип сонша ғулғула,
Үлкен түўе ойланды бала.
Қыйынлықты ҳәмме мойынлар,
Шала қалды канша ойынлар.
Түтиндейин түтеп биразлар,
Келип турды „қара қағазлар".
Бир үйден бес азамат кетип,
Бәриниң де демлери питип.
Не салмады бул басқа урыс,
Урыс түўе музейде қылыш.
Көргенде де таламыз ойға,
Сол күнлерди аламыз ойға.

* * *

Жеңис келди серпилип ғаўға,
Бирақтағы сонда да жаўға.
Еле-еле қайнайды кегим,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлбетте, бул емес ғой тегин.
Соның бири мынаў аўылда,
Қайыспады қанша қабырға.
Мрамор тас. Бетинде атлар,
„Қурысын" деп урысты датлар.
Қатарларын еслеп бир ме-бир,
Ғаррылар да келеди не бир.
Арысландай шетинен мисли,
Жигит еди-аў, бәри де күшли.
Бир сапары есиңде шығар,
(Умытпадым песинде шығар),
Талайлардың күткен әрманы,
Тойдан кейин болды пәлўаны.
Қайлардандур келген бир палўан,
Шықты дейсең ортаға зордан.
Туридағы дым емес ысық,
Көргенлердиң зәрреси ушып.
Деп турғанда „ким шығар буған?"
Көпшиликти айырып толған,
Шықты дейсең Қабыл ортаға.
Гүрес болды нағыз бир тыма,
Екеўи де шайқасты бираз.
Баш берместен айқасты бираз.
Қалдық бир ўақ ҳәммемиз ҳайран,
Тас төбеден жығылды палўан.
Қалған яңлы еси де аўып,
Жатыр екен қулашын жайып.
Қуўанғаннан бәрше аламан,
Жуўырысты Қабылға таман.
Ҳәм де оны көтерип алып,
Қол шаппатлап жиберди халық.
Елес еди тек ғана бул бир,
Әттең сол бир урысы қурғыр.
Бөлип кетти сонша араны,
Кеўиллерге салып жараны...
Айдай—й, жигит еди бәри де,
Қуўыспады туўған жерине,
Қуўыспады бирақ кеўилде,
Жасап қалды бәрҳама бирге,
Қалсадағы гүл ашпай толық,
Жасап қалды қуяштай болып.
Сол жылларға қәстелик болып,
Жасап қалды естелик болып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Аталардың жолына садық,
Балаларда жыйналып барып.
Дизилисип қатара сапқа,
Сол жылларды көп алып ядқа.
Болмасын дер, ҳеш қашан урыс,
Болмасын дер, мылтық ҳәм қылыш,..
Орны болып бәрҳәма төрден,
Көп жасағай мәртлерше келген,
Бул ҳүрметке олар ҳақылы,
Не көрмеди дейсиз ақыры.
Жигирма миллион... не деген аўыр,
Перзентинен айырылды дәўир.
Қырқ миллиондай ата-ана зерде,
Тапқанлығын айтсаң егер де.
Кеўиллерди қаплайды налыш,
Сол жылларды еске алып алыс.
Ата-ана бир болып бәри,
Миллион жыллар... оннан да ары.
Жасаўларды шешейик дүнья,
Урыс көрмей өсейик дүнья.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚОСЫҚЛАР


Балалық ҳаққында қосық . . . . . . . 73
Бул Ўатанда . . . . . . . . . . 73
Қыял дәрьясына . . . . . . . . . 74
Бир сапар . . . . . . . . . 74
Еки қолда он бармақ . . . . . . . 76
Мектебимниң музейи . . . . . . . 76
Садықпыз бәрҳә . . . . . . . . . . 77
Болып бәрҳә мәдеткери . . . . . . . . . 77
Жолмурза ата . . . . . . . . . 78
Жасыл жағыс . . . . . . . . . . 78
Ҳаўа суңқары . . . . . . . . . 80
Балалығым қалған аўыл . . . . . . . . . 81
Анаў жер . . . . . . . . . . 82
Кеўилимде көп әрман . . . . . . . . . . . 82
Шабандозлар . . . . . . . . . . 83
Таўыс туўралы қосық . . . . . . . . 84
Түйелер . . . . . . . . . . 85
Тораңғыл . . . . . . . . . . 87
Аўыл . . . . . . . . . . 88
Бәлентликти гөзлер . . . . . . . . 89
Көринислериң . . . . . . . . . 90
Толқын . . . . . . . . . 91
Балалағым . . . . . . . . . . 92
Анам айтқан сөзлерден . . . . . . . . 93
Ана ҳаққында бир аңыз . . . . . . . . . . 93
Жасыл жағалықлар . . . . . . . . . 95
Тәбиятты жақсы көрсең . . . . . . . . 96
Жалған сөз . . . . . . . . . 96
Билиў ушын басқаны . . . . . . . . 97
Тигилгенмен талай ағысқа . . . . . . . . 97
Ата-аналар . . . . . . . . . . 98
Турмыс маған үйретти . . . . . . . 98
Бүлбилгөя дегенди . . . . . . . . 98
Тәбият деген . . . . . . . . . 99
Күн шықпастан турсам бурын . . . . . . . . 99
Болғайсаң бир бийик сен . . . . . . . . 100
Туркстанды тыңласам . . . . . . . . . 101
Көп ойларға талайын . . . . . . . . 101
Наўрыз қосықлары . . . . . . . . 101
Мәңгилик от (Дуркимнен) . . . . . . . . . 103
Урыс излери (поэма) . . . . . . . . 105




www.ziyouz.com kutubxonasi

*Қарақалпақ тилинде*

**Кеңесбай Алламбергенов**

**ҚУСЛАР ҚАЙТҚАН КҮН**

*Повесть ҳәм гүрриңлер*

**Сейдабулла Пиржанов**

**ЖАСЫЛ ЖАҒЫС**

*Қосықлар ҳәм поэма*

„Қарақалпақстан" баспасы

*Нөкис—1995*

www.ziyouz.com kutubxonasi

Редакторлары—*Гулсара Муртазаева, К Ерназаров*
**Қарап шығарған** —*Нигара Тилеўова*
**Художниги**—*Исмайыл Қыдыров.*
**Худ. редакторы**— *Уайис Ережепов.*
**Тех. редакторы**—*Оралбай Жумабаев*
**Корректоры**—*Арзыхан Аташева*

ИВ 1813

Териўге берилген ўақты 15. 08. 1995 ж Басыўға рухсат етилген ўақты 20. 09. 95 жыл. Қағаз форматы 84x103$^{1}/_{32}$ газеталық қағаз. Әдебий гарнитура., Кегль. 10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 3,75 баспа табақ, шәртли баспа табақ. 6,0 есап баспа табақ. Жәми 3000 нусқа. Буйыртпа №198. Баҳасы шәртнама бойынша.

«Қарақалпақстан» баспасы, 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

Қарақалпақстан Республикасы Баспа сөз бойынша мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты, 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

www.ziyouz.com kutubxonasi